**O’ZBEKSTAN RESPUBLIKASI JOQARI H’A’M ORTA ARNAWLI BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLIK UNIVERSITETI**

**Tariyx h’a’m huqiq fakulteti**

**«Jinayat huqiqi, protsessi h’a’m kriminalistika» kafedrasi**

# PITKERIW QA’NIGELIK JUMISI

## Tema: Jinayat huqiqinda adam o’ltiriw jinayati ushin juwapkershilik

| | |
|---|---|
| **Orinlag’an:** | **Tariyx h’a’m huqiq fakulteti yurisprudentsiya qa’niygeligi 4 B - kurs studenti Yusupov Salamat** |
| **Ilimiy basshi:** | **yu.i.k. dots. Matmuratov B.J.** |

NO’KIS - 2012 j.

## R E J E :

KIRISIW ………………………………………………………………………..

1-BAP. O'MIRGE QARSI JINAYATLARDIN ULIWMA SIPATLAMASI, ADAM O'LTIRIW JINAYaTININ TURLERİ ……………………..

1.1. O'mirge qarsi jinayatlardin uliwma sipatlamasi ………………………
1.2. Adam o'ltiriw jinayatinin' tu'sinigi, analizi ha'm tu'rleri ……………

2-BAP ADAM O'LTIRIW JINAYATININ' TU'RLERINE YuRİDİKALIK SIPATLAMA ……………………………………………………….

2.1. Qasttan adam o'ltiriw (JK 97-st) ………………………………………..
2.2. Ku'shli ruwxiy ha'wliriw jag'dayinda qasttan adam o'ltiriw(JK 98-statyasi)
2.3. Ananin' jan'a tuwilg'an balasin qasttan o'ltiriw (O'zR JK 99-statyasi) ….
2.4. Za'ru'rli qorg'aniw shegarasinan shetke shigip, qasttan adam o'ltiriw (JK 100-st) ………………………………………………………………………
2.5. Ja'miyetlik qa'wipli qilmis sadir etken shaxsti uslawdin' za'ru'r sharalari shegarasinan shetke shig'ip, qasttan adam o'ltiriw (JK 101-st) ………………..
2.6. Abaysizliq arqasinda adam o'ltiriw (JK 102-st) …………………………..
2.7. O'zin-o'zi o'ltiriw da'rejesine jetkeriw (Jk 103-st) ………………………

JUWMAQLAW ……………………………………………………….
PAYDALANGAN ADEBİYaTLAR DİZİMİ ……………………………….

# K I R I S I W

Ma'mleketimiz g'a'rezsizlikke erisiwi menen Prezidentimiz I.Karimov so'zi menen aytqanda, «g'a'rezsiz ma'mleketler arasinda O'zbekstan o'zinin' ornin iyeledi. O'zbekstan ten'ler menen ten' boldi»[1]. G'a'rezsizlik na'tiyjesinde Respublikamizda teren' o'zgerisler, siyasiy ha'm sotsial-ekonomikaliq o'mirdin' barliq tarawlarin izshil ko'rip shig'iw ha'm liberallastiriw, ja'miyetimizdi demokratiyaliq jan'alaw ha'm moderenizatsiyalaw protsessleri jedel su'wretleri menen rawajlaniwdi talap etedi.

Respublikamizda huqiqiy demokratiyaliq ma'mleket quriw ha'm puqaraliq ma'mleketti qa'liplestiriwde sud-huqiq tarawin reformalaw za'ru'rligi payda boladi. Ma'mleket ha'm ja'miyetti demokratiyalastiriw ha'm erkinlestiriw ma'selelerine Prezidentimiz ta'repinen ayriqsha itibar berilmekte. O'zbekstan Respublikasi Oliy Majlisinin' Nizamshiliq palatasi ha'm Senatinin' 12-noyabr 2010-jili bolip o'tken qospa ma'jlisinde «Ma'mleketimizde demokratiyaliq reformalardi ja'nede teren'lestiriw ha'm puqaraliq ja'miyetti rawajlandiriw kontseptsiyasi» atamasindag'i bayanatinda demokratiyaliq reformalardi a'melge asiriwda basshiliqqa alinatug'in tiykarg'i baslamalar haqqinda ideyalar ha'm usinislar berildi[2]. G'a'rezsiz O'zbekstan Respublikasi rawajlang'an ma'mleketler ishinde o'zinin' Konstitutsiyasi ha'm a'melge asirilip atirg'an jetiskenlikleri menen o'zine ta'n abiroyg'a iye. Tiykarinan, g'arezsizliktin' o'tken qisqa da'wiri ishinde sud-huqiq jetiskenlikleri tarawinda a'melge asirilg'an jumislar ko'lemi bir neshe on jilliqlarg'a ten', oladi ayriqsha u'yrenip shig'iw za'ru'rligin da'wirdin' o'zi ko'rsetip bermekte.

O'zbekstan Respublikasi Oliy Majlisinin' 29-avgust 2001-jili qabil etilgen «Jinayiy jazalardi liberallasiwi menen Ozbekstan Respublikasinin' Jinayat, Jinayat protsessual kodeksleri ha'm hakimshilik juwapkerlishik haqqindag'i kodekslerine o'zgeris ha'm qosimshalar kirigiziw haqqindag'i» nizami sud-huqiq reformalarin

[1] Каримов И.Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида. -Т.: «Ўзбекистон» НМИУ, 2011 йил 427 бет.

[2] Ўзбекистон Республикасининг Президенти И.А.Каримовниг 2010 йил 12-ноябрдаги Олий Мажлис Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисида «Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси» атамасидаги маъruзаси. /Халқ сўзи 2010. 13-ноябр.

a’mlege asiriwda jan’a basqish esaplanadi. Usi nizamnin’ qabil etiliwi menen jinayat nizaminin’ bir neshe institutlari o’zgeriske ushiradi. A’sirese Jinayat nizaminin’ jinayat ha’m jaza, jaza tayinlaw qag’iydalarin na’zerde tutiwshi normalari liberallastirildi. Sonnan kelip shiqqan halda jinayat nizaminin’ ko’pshilik institutlarin elede teren’irek izertlew za’ru’rligi payda boladi. Bizin’ qa’nigelik jumisimiz temasi jinayat huqiqinin’ a’hmiyetli institutlarinan esaplanatug’in o’mirge qarsi jinayatlardin uliwma sipatlamasi temasina arnalg’an.

Qa’nigelik jumisimiz maqseti etip to’mendegilerdi izertlew belgilendi:
- O’mirge qarsi jinayatlardin uliwma sipatlamasi; adam o’ltiriw jinayatinin’ tu’sinigi, analizi ha’m tu’rleri; adam o’ltiriw jinayatinin’ tu’rlerine yuridiкalıк sıpatlama; Qasttan adam o’ltiriw (JK 97-st); Ku’shli ruwxiy ha’wliriw jag’dayinda qasttan adam o’ltiriw(JK 98-statyasi); Ananin’ jan’a tuwilg’an balasin qasttan o’ltiriw (O’zR JK 99-statyasi); Za’ru’rli qorg’aniw shegarasinan shetke shigip, qasttan adam o’ltiriw (JK 100-st); Ja’miyetlik qa’wipli qilmis sadir etken shaxsti uslawdin’ za’ru’r sharalari shegarasinan shetke shig’ip, qasttan adam o’ltiriw (JK 101-st); Abaysizliq arqasinda adam o’ltiriw (JK 102-st); O’zin-o’zi o’ltiriw da’rejesine jetkeriw (Jk 103-st)

Qanigelik jumisi kirisiw, paragraflarg’a bolingen eki bap ham paydalang’an adebiyatlar diziminen ibarat.

## **1-bap. O’mirge qarsi jinayatlardin uliwma sipatlamasi,** adam **o’ltiriw** jınayatının turleri

### 1.1. O’mirge qarsi jinayatlardin uliwma sipatlamasi

Mamlekettin’ basli waziypalarinan biri insan haqqinda g’amxorliq etiw bolip tabiladi. sonin’ ushin da, O’zbekstan Respublikasi konsitutsiyasinda insan faktori, onin’ jeke huqiq ham erkinlikleri bekitilip berilgen. Konsitutsiya normalarinda qanday jag’day boliwina qaramastan, shaxstin’nizamli huqiq ham maplerine kepillik berilgen ha’m qorg’alg’an. Sebebi, Konsitutsiyamizdin’ 18-statyasinda “O’zbekstan Respublikasinda barliq puqaralar birdey huqiq ham erkinliklerge iye bolip, jinisi, rasasi, milleti, tili, dini, sotsialliq kelip shigiwi, isenimi, shaxsi ha’m sotslialliq jagdayina qaramastan, nizam aldinda ten” – dep atap o’tilgen bolsa, onin’ 19- statyasinda “Puqaralardin’ Konsitutsiya ha’m nizamlarinda bekitilgen huqiq ha’m erkinliklerine qol qatilmaydi, olardin’ sud qararisiz ayiriwg’a ya’ki sheklep qoyiwg’a hesh kim haqili emes”, -delinedi.

Konsitutsiysnin’ “Jeke huqiq ha’m erkinlikler”, “Siyasiy huqiqlar”, “Ekonomikaliq ha’m sotsialliq huqiqlari dep atalg’an bo’limlerinde shaxstin’ huqiq ha’m erkinliklerin qorg’awdin’ huqiqiy bazasi sa’wlelengen.
Ma’mleket, -dep ko’rsetiledi Konsitutsiyanin’ 43-statyasinda,- Puqaralardin’ konsitutsiya ha’m nizamlarinda bekitilgen huqiqlarin ha’m erkinliklerin ta’minleydi”.

O’zbekstan insa’n huqiqlari ha’m erkinliklerin o’zinde bekkemlegen 60 tan artiq xaliq araliq hu’jjetlerge qosildi. Bul hu’jjetler insane huqiqi ha’m erkinlikleri bekitilgen nizamlardin’ jaratiliwi ushin da tiykar bolip xizmet etedi.

“Insan huqiqlari uliwma ja’han deklariatsiasi” nin’ 3,4,5- statyasinda, “Puqaraliq ha’m siyasiy huqiqlar haqqindag’i xaliq araliq fakt” tin’ 6,7,9,10,11-statyalarinda insannin’ jasaw huqiqi , qa’dir-qimbati, azatlig’I ha’m qawipsizligi, ar-namisi ha’m abiroyin qorg’aw siyaqli huqiqlari bekitilgen. Bul xaliq araliq huqiqiy normalar O’zbekstan respublikasi Konsitutsiyasinin’ tiykarin quraydi.

Soni aytip o'tiw kerek, shaxstin' huqiq erkinlikleri ha'r tu'rli huqiq tarawlarinin' normalari menen qorg'aladi, biraq jinayat nizamlarinda puqaralardin' huqiq ha'm erkinlikleri buzilg'anlig'i ushin jinayiy juwapkershilik berilgen bolip, huqiqtin' huqiqtin' bul tarawi a'ne usi juwapkershilikti qollaniw arqali puqaralardin' huqiq ha'm erkinliklerin qorg'aydi.

Jinayat kodeksinin' " Shaxsqa qarsi jinayatlar" bo'liminde o'mirge , densawliqqa qarsi, o'mir yaki densawliq ushin qa'wipli, jinisiy erkinlikke, shan'araqqa, jaslarg'a ha'm a'dep-ikramliqqa, shaxstin' azatlig'i, ar-namisi, qa'dir –qimbatina , puqaralardin' konsitutsiyaliq huqiq ha'm erkinliklerine qarsi qaratilg'an jinayatlar ushin juwapkershilik belgilengen bolip, bul jinayatlar ja'miyet ushin u'lken qa'wip tuwdiradi. Haqiqiyqatinda da, insannin' o'miri ha'm densawlig'i shaxstin' biybaxa baylig'I bolip esaplanadi ha'm onin' usi bayliqlardan ayiriliwi yaki olarg'a ziyan keltiriliwi shaxs ushin awir jog'altiw bolip esaplanadi. Insan jasar eken , o'mirden, onin' iygiliginen paydalanip jasawg'a umtiladi, o'mirinen ayrilg'an shaxstin' ornin hesh na'rse menen toltirip bolmaydi. Insannin' den sawlig'ina ziyan keltiriliwi og'an Fizikaliq, moralliq, ruwxiy azaplar berip, onin' turmisliq xizmetin sheklep qoyadi.

Jinayatshi tarepinen insannin' basqada huqiq ha'm erkinliklerinin' buziliwi shaxs ushin ja'miyetlik qa'wipli o'mirden ayiriwdan kem bolmag'an qawipti tuwdiradi. Shaxsqa qarsi jinayatlardin' qawiplilik da'rejesi joqari ekenligi sebepli, jinayat kodeksinin' Arnawli bo'liminin' birinshi bo'limi " Shaxsqa qarsi jinayatlar" dep ataladi.

Shaxsqa tek g'ana joqarida aytilg'an jiayatlar islengende emes, al basqa obiektlerge qastiyanliq qiling'anda, ma'selen, basqinshiliq, tonawshiliq, ha'm basqa da jinayatlar islengen hallarda da ziyan keledi. Shaxsqa qarsi jinayatlar analiz etilgende bul qilmisti islegen ayipkerdin' ha'reketleri tap usi shaxsqa ziyan keltiriwge qaratilg'anlig'ina itibar beriledi. Jinayat kodeksi Arnawli bo'liminin' birinshi bo'liminde shaxsqa qarsi jinayatlardin' bir neshe tu'ri ushin juwapkershilik ko'zde tutilg'an bolip, olar tikkeley obiektti boyinsha to'mendegi toparlarg'a ajiratilg'an:

1) O’mirge qarsi jinayatlar;
2) Densawliqqa qarsi jinayatlar;
3) O’mir yaki densawliq ushin qawipli jinayatlar;
4) Jinisiy erkinlikke qarsi jinayatlar;
5) Shan’araqqa, jaslarg’a ha’m a’dep-ikramliqqa qarsi jinayatlar;
6) shaxstin’ erkinligi, ar-namisi ha’m qa’dir-qimbatina qarsi jinayatlar;
7) Puqaralardin’ konsitutsiyaliq huqiq ha’m erkinliklerine qarsi jinayatlar.

## 1.2. Adam o'ltiriw jinayatinin' tu'sinigi, analizi ha'm tu'rleri

Qasttan adam o'ltiriw jinayati haqqinda isler boyinsha jinayat nizaminin' duris qollaniwin ta'miynlew ju'da ahmiyetli, sebebi usi jinayatti ayibin awirlastiriwshi jag'daylarda sadir etkenligi ushun nizamda ayriqsha jaza sharasi- o'mirlik erkinen ayiriw na'zerde tutilg'an.

Adam o'ltiriw- huqiqqa qarsi ra'wishte, qasttan basqa adamdi o'mirinen ayiriw bolip esaplanadi.

Adam o'ltiriw obiekti – basqa adamnin' o'miri qa'wipsizligin ta'miynlew boyinsha sotsialliq qatnasiqlar esaplanadi[3]. O'mirden iqtiyarli ketiw (qastiyanliq) sondayaq o'z o'mirine qastiyanliq qiliw adam o'ltiriw jinayatinin' qurmin quramaydi. ayirim sebeplerge ko're insan o'zinin' o'mirine shek qoyiwg'a qara qilg'anda onin' erk-iqrarina baylanisli bolmag'an jag'daylarg'a ko're o'lim ju'z bermesligi mu'mkin (o'ziz-o'zi asqan waqtinda arqannin' u'zilip ketiwi, za'ha'rdin' ta'sir etpewi, basqa shaxstin' qutqarip qaliwi ha'm t.b). O'lim ju'z bermegenine qaramay o'z janina qast qiliw ja'miyetshilik tarepinen qaralanadi. Sebebi bunday jag'day insan axlaqina jat ha'm shaxstin' ajiz ahwaldalig'i, ruwhiyati boslig'inan Derek beredi, biraq jinayat esaplanbaydi.

Adam o'ltiriwdin' obiekti tek adamnin' o'mirlik biologik jag'dayi emes, ba'lki adam ushin en' qimbatli bolg'an inam menen biymalel paydalaniwi, o'miri menen ta'riyplenetug'in sotsialliq qatnasiqlaram boladi[4].

Adam o'ltiriwdin' tikkeley obiekti basqa shaxstin' o'miri esaplanadi. Jasinan, onin' densawlig'ina yaki jasaw sharayatina qaramastan, ha'r qanday adamnin' o'miri jinayat nizami menen qorg'aladi. sonin' ushin na'reste, kekse, salamat ya'ki kesel adamdi o'mirden ayiriwg'a qaratilg'an ha'r qanday ha'reket adam o'ltiriw dep ta'n alinadi. Keyingi waqitlarda yuridik a'debiyatlarda evtanaziya, yag'niy shaxsti o'zinin' razilig'I menen o'mirinen ayirg'anligi ushin juwapkershilik ma'selesi boyinsha tartislar ha'wij almaqta.

---

[3] Новоселов Г.П. Учение об объекте преступления. Методологические аспекты. – М.: НОРМА, 2001. – 208 с.
[4] Крутько О. Объект убийства //Ж.Давлат ва ҳуқуқ. 2003. №4 41-44б.

Bugingi ku’nde 40 tan artiq dunya ma’mlektlerinde passiv evtanaziya nizam menen ruxsat berilgen[5]. Ma’selen, Avstraliyada 10 jildan beri o’lim jag’asinda turg’an nawqastin’ qalewi menen su’niy jol menen o’mirin saqlap turiwshi apparattin toqtatiwg’a jol qoyilmaqta. O’zine tiyisli joldi Shvetsariya tan’lag’an. Evtanaziya ushin jinayiy juwapkershilikti nizamda saqlap qalg’an halda, u’mitsiz qalg’an nawqasqa sol ma’mleket ha’kimyati arnawli shpakerler qatnasinda arnawli da’ri berip nawqastin’ o’limi ju’z beriwinde qatnasiwina imka’n berilgen. Frantsiyada da evtanaziyani nizamlastiriw ha’reketin baslag’an. Aktiv evtanaziya birinshi bolip Gollandiyada nizamlastirilg’an. 2001-jildin’ 10- aprelinde usi ma’mlekettin’ joqari palatasi tarepinen u’mitsiz qalg’an nawqasqa bul dunyadan ko’z jumiwg’a ja’rdem bergen shpakerdi jinayiy juwapkershilikten azat etiw haqqinda nizam qabil etilgen ha’m 2002-jili 1-aprelden beri evtanaziya usi ma’mlekettin’ JK nen uliwma shig’arilip taslang’an. Gollandiyadan son’ 2002-jili dekabr ayinda Belgiya da bug’an qosildi. Usi jilda An’gliya da pretsedent jaratildi. “Aktiv evtanaziyani Oregon shtatinda (A.Q.SH) nizamlastirildi. Og’an ko’re evtanaziya tek keselliktin’ aqirg’i basqishlarinda qollaniliwi mu’mkin. Lekin shet el alimlarinin’ izleniwlerine ko’re bul nizam ele a’melde qollanilmag’an, sebebi o’mirden ko’z jumbaqshi bolg’an shaxs psixologik ko’rikten o’tiwi sha’rt. Biraq Amerika psixologik assotsiatsiyasi bunday ko’rikte qatnasiwdan bas tarqan. Evtanaziyani maqullawshi ha’m oni qaralawshilar boliwina qaramastan, oni nizamlastiriwg’a abayli boliw kerek, sebebi insang’a o’mir Alla ta’repinen beriledi, oni qaytip aliwg’a tek g’ana onin’ haqili, degen pikirler ha’m bar. Bunnan tisqari, da’ri- da’rmanlar jetistiriw jetiliskenliklerinen paydalanip, aste-aqirin insane o’mirine shek qoyatug’in da’riler jaratiliwina da u’mit artpaqta. Biraq, insane ta’biyati, onin’ ag’zalari iskerligi shipakerler ta’repinen toliq u’yrenilmegenin ta’n aliw kerek. Bazida sawaliwina hesh qanday u’mit bolmag’an kesel ayaqqa turip ketedi ha’m toliq turmisqa aralasadi. Jasalma ha’mile tusiriwge baylanisli jinayatti duris kvalifikatsiyalaw ushin insane o’mirinin’ baslaniwin teren’ u’yreniw u’lken

[5] Ивченко О. Ответственность за эвтаназию по уголовному законодательству зарубежных стран (сравнительно-правовой анализ) //Ж. Уголовное право. 2001. №2001. №3 -19б

a’hmiyetke iye. Haqiqatinda da, bul sorawg’a juwap tabiw qiyin waziypa bolip esaplanadi. sol sebepli qaysi waqittan baslap ha’mile ya’ki jan’a tuwilg’an bala usi jinayattin’ obiekti boladi? Tuwilg’an waqtinan baslappa yaki ana qarninda ha’mile payda bolg’annan baslappa? So’z onin’ shaxs sipatinda ta’n aliniwi ha’m jinayat nizaminda juwapkershilik belgilengen jinayattin’ obiekti boliwi mu’mkinligi haqqinda barmaqta.

Yuridikaliq a’debiyatlarda bul boyinsha qarama-qarsi ko’z-qaraslar bar[6]. Ayirim avtorlar insane o’mirinin’ baslaniw payiti dep go’dektin’ dem ala baslawi yaki balanin’ ana qarninan toliq ajiralip shig’iw waqtin esaplaydi. Bizin’she, bul ko’z qaraslar onsha duris emes, sebebi fizikaliq tolg’aqtin’ baslaniwi tuwiw protsesinin’ baslaniwi. Bul waqitta ha’milege ziyan keltiriwdi ha’mledar hayaldin’ densawlig’ina ziyan keltiriw dep qaraw kerek ha’m bul qilmis jinayat kodeksindegi shaxstin’ densawlig’ina qarsi jinayatlar ushin juwapkershilikti ko’zde tutiwshi babinin’ tiyisli statyasi menen kvalifikatsiyalaniwi kerek. O’mirdin’ baslaniwi na’reste denesinin’ bir bo’limi ana qarninan tisqarida payda boliwi menen baylanisli dep esaplag’an avtorlardin’ pikiri adewir duris.tap usi waqittan baslap bala atiraptag’ilar ta’repinen ha’mile emes, al insane, shaxs sipatinda qabil qilinadi. Usi mu’na’sibet penen na’reste denesinin’ qanday da bir bo’legi tolg’aq protsesinde ana qarninan tisqarida payda bolg’an waqitti o’mirdin’ baslaniwi dep esaplaw maqul boladi.

Bul mashqala boyinsha ha’r tu’rli pikirlerdin’ boliwi, olardin’ tartisli ekenligi, fizikaliq ha’m meditsinaliq o’lshemlerge tiykarlang’an halda o’mir baslaniwinin’ obiektiv belgilerin aniqlawg’a qaratilg’an. Lekin bunday belgilerdi aniqlaw mu’mkin emes. O’mir toqtawsiz protses. Ha’milenin’ payda boliwi ha’m aste aqirin rawajlanip, na’reste tuwiliwi menen onin’ ko’rinisi, formasi g’ana o’zgeredi. Sonin’ ushin da sud-meditsinaliq ekspertizasinin’ juwmag’i o’mirdin’ baslaniwi haqqinda ma’seleni sheshe almaydi ha’m bunday boliwi da kerek emes. Sud-meditsinaliq ekspertizasi tek g’ana qastiyanliq waqtinda ha’mile tiri

---

[6] Бородин С.В. Преступления против жизни. СПб. «Юридический центр Пресс», 2003. -467с.

bolg'anligin ya'ki bolmag'anlig'in aniqlawi za'ru'r. Ana denesinen na'restenin' birar bir ag'zasi shig'ip atirg'anda onin' densawlig'ina vrash, akusherdin' abaysizlig'i na'tiyjesinde ziyan keltirilse, ol O'zbekstan Respublikasi Jinayat kodeksi 102-statyasina muwapiq abaysizliqtan adam o'ltirgeni ushin jinayiy juwapkershilikke tartiladi[7]. Ha'mledar hayaldin' razilig'i menen ha'mile toliq qa'liplespey turip, onin' jasalma tu'rde tu'siriliwi adam o'ltiriw dep esaplaw kerek. Bunday qilmis O'zbekstan Respublikasi Jinayat kodeksinin' 114-statyasina muwapiq, ha'miledarliq mu'ddetine qaramastan jinayiy rawishte ha'mile tu'siriw dep kvalifikatsiyalaniwi lazim. Jinayat huqiqi ta'liymatinda da, meditsinada miydin' duzelmes halati, yag'niy fizikaliq o'limnin' ju;zege keliwi menen tariypleniwshi biologik o'lim ta'n alinadi. Klinikaliq o'limnin' ju'zege keliwi( ju'rektin' toqtawi) bul ele insannin' o'limi haqqinda hesh narseni bildirmeydi, sebebi meditsina xizmetkerleri zamanagoy sharayatlarda ju'rektin' islew xizmetin qayta tiklew imkaniyatina iye. O'lgen adamdi tiri dep, onin' o'mirine qastiyanliq islew, o'ltiriwge umtiliw sipatinda kvalifikatsiyalaniwi kerek. Sonday qilip, adam o'ltiriwdin' obiekti dep, basqa shaxstin' o'miri, yag'niy denesinin' bir ag'zasi tolg'aq jarayaninda ana qarninan tisqarida payda bolg'an waqittan tap biologic o'liminin' ju'z beriwine shekemgi bolg'an protses esaplanadi.

Obiektiv ta'repten adam o'ltiriw nizamg'a qilap ra'wishte basqa shaxsti o'mirinen ayiriwda ko'rinedi. Eger basqa shaxsti o'mirinen ayiriw nizamg'a qarsi bolmasa, ol adam o'ltiriw dep esaplaniwi mu'mkin emes ( misali, za'ru'rli qorg'aniw jag'dayinda, ja'miyetlik qawipli qilmis sadir etken shaxsti uslaw waqtinda(JK39-st) basqa shaxsti o'mirinen ayiriw h.t.b)

Adam o'ltiriw belsendi ha'reket penen, sondayaq, ha'reketsizlik penen isleniwi mu'mkin. ko'binese adam o'ltiriw belsendi ha'reketler arqali islenedi, yag'niy bunda ayipker jabirleniwshige o'zinin' o'zgesheliklerine bola shaxsti o'ltiriw mu'mkin bolg'an belgili bir ta'n jaraqatin saliw siyaqli(ha'r qanday qural-zattan paydalaniw, buwiw, ku'ydiriw, za'ha'rlew, elektr toki menen ta'sir

[7] Рустамбаев М.Х. Преступления против личности. Учебное пособие. –Т.:Эльдинур, 1998. -181с.

ko’rsetiw, ju’da issi ya’ki ju’da suwiq hawada  ashiq jerde qaldiriw) fizikaliq tasir ko’rsetedi. Bul jinayat ayirim jag’daylarda jabirkeshke ruwxiy ta’sir qiliw( sud-tergew a’meliyatinda o’limnin’ qorqitiw sebepli ju’z bergenligi halatlari da ma’lim)joli menen ha’m  isleniwi mu’mkin. Adam o’ltiriw ha’reketsizlik na’tiyjesinde de isleniwi mu’mkin. Bunday jag’dayda shaxs o’z waziypasin ya’ki orinlaw imka’ni bolg’an ha’reketlerdi a’melge asirmaydi.  Lekin, onda o’lim ju’z bermesligi (misali, vrash ta’repinen za’ru’rli da’ri-da’rmanlardi  nawqasqa bermew, ananin’ tuwilg’an na’restesine qaramawi)  ha’m mu’mkin.  Adamnin’ janina qast qilg’an  ayipker shaxstin’  adasiwi, yagniy na’zerde tutilg’aninan  basqa shaxstin’ o’mirine  nizamg’a qarsi ra’wishte qast qilsa,  yag’niy ja’birleniwshinin’ shaxsina baylanisli adassa,  bul halat jinayattin’  kvalifikatsiyasina tasir qilmaydi ha’m  ayipkerdin’ qilmisi adam o’ltiriw dep kvalifikatsiyalaniwi kerek. Adam o’ltiriw materiyalliq quramg’a iye bolip, oni tamamlang’an dep esaplaw ushin ja’birleniwshinin’ o’limi sipatindag’I  aqibet ju’z bergen boliwi  lazim. Buntay aqibettin’ ju’z bermegeni  adam o;ltiriw tamamlanbag’an, yag’niy  adam o’ltiriwge tayarliq ya’ki og’an qastliq dep, O’zbekstan Respublikasi Jinayat kodeksi  25-statyasinin’ tiyisli bo’limi arqali  ayipkerdi juwapkershilikke tartiw ushin tiykar boladi.  Ayipker o’zi sadir etken  qilmisi na’tiyjesinde qanday aqibet ju’z beriwin bilip ha’reket qilsa, biraq onin’ iqtiyarina  baylanisli bolmag’an sebeplerge ko’re ja’birleniwshi tiri qalsa, onin’ ha’reketi adam o’ltiriwge qastiyanliq dep tabiladi. Bunday qastiyanliq  teoriya ha’m praktika da jaraqsiz qural menen tajawiz qiliw dep, eki tu’rge ajiratiladi:  jaraqsiz qural menen ha’m jaraqsiz obiektke qastiyanliq.  Ekinshi tu;rge missal qilip, o’lini tiri adamg’a qusatip oni o’ltiriw maqsetinde og’an oq atiwdi missal etip keltiriwimiz mu’mkin.  Bul jag’dayda ayipker shaxsinin’ tiri ekenliginen adaspaqta.  Bul qilmis  og’ada qawipli ja’miyetlik qilmis bolip,  jinayiy juwapkershilikke tartiliwi za’ru’rligin an’latadi. Adam o’ltiriwge qastiyanliq haqqinda islerdi ko’rip shig’iwda  jinayiy ha’reket na’tiyjesinde o’lim ju’z bermegenlik sebeplerinin  aniqlaw za’rur. Nege degende jinayiy ha’reket sadir etiwshi  jinayatti waqtinsha ya’ki ma’jbu’riy emes , ba’lki o’z qa’lewi menen toqtatiwi mumkin. Bunda onin’ o’z qalewi menen jinayat

toqtatilg'an  boliwi za'rur. Sog'an qaramay, jinayat huqiq teoriyasi ha'm praktikasi soni itibarg'a aladi, adamdi qasttan o'ltiriwge qastiyanliqtan son' bunday ha'reketti qayta dawam ettiriwden bas tartiw  qilmistin' kvalifikatsiyasina  ta'sir qilmaydi.

Shaxsti adam o'ltirgeni ushin juwap kershilikke tartiwda jinayattin' tamamlang'anlig'I, jinayiy qilmis penen o'lim ortasinda sebepli baylanistin' barlig'in aniqlaw za'ru'r[8]. Jabirkeshtin' o'limi ayipker ta'repinen sadir etilgen qilmis penen baylanisli boliwi sha'rt, yag'niy o'lim sadir etilgen qilmistin' na'tiyjesi boliwi kerek. Qilmis ha'm o'lim ortasinda sebepli baylanis joqlig'I shaxsti adam o'ltirgenligi ushin  juwapkershilikke  tartiwdi biykar qiladi, sol qilmis jabirleniwshinin' densawlig'ina tu'rli  da'rejedegi jaraqat jetkizgeni ushin juwapkershilik  belgilengen  statyalarinan biri menen kvalifikatsiya qilinadi. Jabirkeshti onin' iltimas namasina ko're ( Sawalmaytug'in da'rtke joliqqan keseldin'  kimnendur o'zin za'ha'r berip o'ltiriwin o'tinish etiw ha'm basqalar) o'ltirgen shaxs jinayiy juwapkershilikten azat etilmeydi.  Duelde adam o'ltiriw bu'gingi ku'nde ushira7maydi, lekin usinday ha'diyse ju'z berse, ayipker qastan adam o'ltirgenligi ushin juwapkershilikke tartiladi.

Subiektiv ta'repten  adam o'ltiriw qasttan ya'ki abaysizdan sadir etiliwi, ayiptin' tu'rleri ha'r qiyli boliwi mumkin, biraq ayip bar boliw lazim[9]. Usi qilmis qiya qast penen ha'm sadir etiliwi mu'mkin.  Bul haqqinda O'zbekstan Respublikasi Joqarg'i Sudi Plenumnin'[10]" Qasttan adam o'ltiriwge tiyisli isler boyinsha sud ameliyati haqqindag'I" qararinin' 5- ba'ndinde: "Ayipkerdin' qastti haqqindag'I ma'seleni sheshiwde sudlar sadir etilgen jinayat jag'daylarinin' barliq ta'replerinin' jiyindisin itibarg'a aliwlari ha'm atap aytqanda, jinayatti sadir etiw usili  ha'm quralin, jaraqatlardin' sanin, harakterin, jaylasiwin ha'm basqa da jetkizilgen jaraqatlardi, jinayiy ha'rekettin' toqtaw sebeplerin ha'mbasqalar, sondayaq, ayipkerdin' ha'm ja'birleniwshinin'  waqiyag'a deyin bolg'an minez-quqin, olardin' o'z-ara qatnasiqlarin, ayipker jinayat sadir etkenen keyingi

---

[8] Бородин С.В. Преступления против жизни. СПб. «Юридический центр Пресс», 2003. - 467с.

[9] Рарог А.И. Субъективная сторона и квалификация преступлений. -М.: Профобразование. 2001. –135 с.

[10] Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг 2004 йил 24-сентябрдаги «Қасддан одам ўлдиришга оид ишлар буйича суд амалиёти тўғрисида»ги 13-сонли қарори.//Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленуми қарорлари тўплами. 1991-2006 йил, 2-жилд. –Т.:Qqituvchi, 2007. 192-б.

ha’reketlerin jag’daylarin itibarg’a aliwlari lazim” lig’I ko’rsetilgen. Joqarida sanap o’tilgen jag’daylardin’ aniqlaniwi ayipkerdin’ qastti menen o’lim ortasidag’I baylanisti aniqlaw imkanin beredi.  Ma’selen, ayipker shaxsqa tajawiz qilinip atirg’an waqitta  oq atar qurallardan paydalanip , jaqin araliqtan ja’birleniwshinin’ ju’regin go’zlep oq atqan, lekin ol o’lmegen bolsa, ayipkerdin’ qilmisin denege jaraqat jetkiziw dep emes, balki qasttan adam o’ltiriwge qastiyanliq dep kvalifikatsiya qiliniw kerek ya’ki ayipker pishaq penen  ja’birleniwshinin’ ju’regine, moynina ha’m basqa o’miri ushin ahmiyetli ag’zalarina ko’p jaraqat jetkizse, biraq o’lim ju’z bermese, bul jag’day ha’m ayipkerdin’ adam o’ltiriwine qast qiling’anlig’inan derek beredi.

Eger ayipker ha’m ja’birkesh dosliq mu’na’sibetinde bolg’an bolsa, bir-birin tu’sinse, lekin belgili bir jag’dayda, ma’selen, qiz balani qizg’anish sebepli olardin’ biri ekinshisine pishaq penen jaraqat jetkerse, sol waqittin’ o’zinde aqilin jiyip alip, ja’birleniwshige tez ja’rdem ko’rsetken, “Tez ja’rdem”di shaqirg’an, oni qutqariw ushin qan tapsirg’an  bolsa-da, ja’birleniwshi jetkizilgen jaraqatlar sebepli o’lgen bolsa, barliq jag’daylardi esapqa alg’an halda  ayipkerdin’ qilmisi JK 97-statyasinda juwapkershilik berilgen qasttan adam o’ltiriw, dep emes, balki JK 104-statyasi 3- bo’limi menen, yag’niy ja’birleniwshinin’ o’limine sebep bolg’an qasttan denege awir jaraqat jetkeriw  dep kvalifikatsiyalanadi.

Teoriya ha’m praktikada  qasttin’ to’mendegi tu’rleri belgili: Belgili (konkretlesken) вelgisiz ( konkretlespegen)[11]. O’ltiriwdi kvalifikatsiya qiliwda belgili qiya qasttin’ boliwi  onsheli ta’shwish tuwdirmaydi. Belgili tuwra qasttin’ bar boliwinda juwapkershilikke, qilmistin’ tamamlang’anlig’inan son’ ha’m qilmistin’ natiyjesi  ayipkerdin’ erki menen  ju’zege kelgen o’lim  bolg’aninan son’ tartiladi. Belgisiz tuwra qasttin’ bar boliwinda  kvalifikatsiya real na’tiyjenin’ ju’zege keliwi menen a’melge asiriladi.  Egerde bunday na’tiyjeler  belgisiz tuwri qast ishine kirmese, ayipkerdi o’zi qa’legen en’ awir na’tiyjege ko’re jazalaw kerek( konkretlespegen)[12].

---

[11] Рарог А.И. Субъективная сторона и квалификация преступлений. -М.: Профобразование. 2001. –135 с.
[12] Андреева Л.А. Квалификация убийств, совершенных при отягчающих обстоятельствах. –СПб.: 1998. -55 с.

Ayipkerdi adam o’ltirgeni ushin juwapker qiliw ushin *ayip,* yag’niy jinayat tuwri qasttan ya’ki qiya qast arqali sadir etilgenligin aniqlaw za’ru’rdir. O’lim ayipkerdin’ nizamg’a qarsi ha’reketi sebepli ju’z bermegen bolsa, ol o’lim ju’z bergenligi ushin juwapkershilikke tartilmaydi.

Ma’selen, D., B.,L., lar, K. nin’ namisina tiyedi ha’m oni da’rya boyinda qaldirip ketedi. Olar ketkennen son’ K. juwinip aliw maqsetinde daryanin’ qirg’ag’ina keledi ha’m ayag’i sirg’anap suwg’a tu’sip ketiw na’tiyjesinde ig’ip ketedi. da’slep D.,B.,L.,lar topar bolip namisqa tiygenligi ha’m qastan adam o’ltirgenligi ushin juwapkershilikke tartiladi. Olardin’ ha’reketlerinde ja’birleniwshinin’ o’limi ju’z beriwine tiykarinan qast ha’m abaysizliqtin’ bolmag’anlig’I sebepli D.,B.,L. lardin’ adam o’ltirgenligi ushin hukim qiling’anlig’I naduris. Sol mu’nasibet penen joqari turiwshi sud ta’repinen hu’kimnin’ adam o’ltirgenligi ushin juwapkershilik belgilengen bo’limi biykar qiling’an. Qastan adam o’ltiriwge qastiyanliq qiliw tek tuwra qast penen sadir etiliwi mu’mkin, sebebi bunda ayipker o’z qilmisinin’ ja’miyetlik qa’wiplilik da’rejesin an’lag’an, ja’birleniwshinin’ o’limine ko’zi jetken ha’m o’limin qalegen boladi, biraq o’lim ayipkerge baylanisli bolmag’an jag’daylarg’ ko’re ( ja’birleniwshige o’z waqtinda meditsinaliq ja’rdem ko’rsetilgenligi ha’m basqada jag’daylar sebepli ju’z bermeydi.

Usi jinayattin’ sadir etiliwinde subiektiv ta’repten motiv ha’m maqsettin’ ahmiyeti ulken. Motiv ha’m maqset qilmistin’ kvalifikatsiyasina erkin tasir ko’rsetedi[13]. O’zbekstan respublikasi Oliy sudi Plenuminin’ joqarida tu’sindirilgen qararinda; “ Sadir etilgen ha’reketti tuwri bahalaw ha’m jaza tayinlaw ushin adam o’ltiriwdin’ sebepleri, maqseti ha’m usili ahmiyetke iye ekenligin nazerge alip, sudyalar barliq waqitta, bul jag’daylardi aniqlawlari za’u’r[14]. Sonin’ menen birgelikte hukmde sudlar ta’repinen qiling’an juwmaqlardi tiykarlawshi aniq da’liller keltiriwi kerek”dep tu’sindirilip berilgen. Ma’selen, jinayattin’ o’sh aliw,

---

[13] Рарог А.И. Субъективная сторона и квалификация преступлений. -М.: Профобразование. 2001. –135 с.
[14] Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг 2004 йил 24-сентябрдаги «Қасддан одам ўлдиришга оид ишлар буйича суд амалиёти тўғрисида»ги 13-сонли қарори.//Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленуми қарорлари тўплами. 1991-2006 йил, 2-жилд. –Т.:Qqituvchi, 2007. 192-б.

qizg’aniw motiv menen sadir etilgenligi aniqlansa, ayipkerdin’qilmisi JK 97-statyasi 1- bo’limi menen; adam o’ltiriw pa’st niyette, biyzariliq aqibetindegi motiv penen sadir etilgen bolsa, qilmis jazani awirlastiriwshi jag’day sipatinda JK 97-statyasi 2- bo’limi menen kvalifikatsiyalaniwi kerek. Adam o’ltiriw haqqindag’I islerdi ko’rip shig’iwda ayipkerdin’ ruwxiy jag’dayiha’m ina’batqaaliniwi lazim. Bunday sha’rt ayipkerdin’ ku’shli ruwxiy ha’liriw jag’dayinda (JK98-st) sadir etken qilmisti kvalifikatsiya qiliwda ahmiyetli rol oynaydi. JK 97-statyasi 2-bo’liminde nazerde tutilg’an jinayat subiekti 13 jasqa tolg’an es aqili pu’tin fizikaliq shaxs esaplanadi, 97-statyanin’1- bo’liminde juwapkershilik belgilengen qasttan adam o’ltiriwdin’ subiekti 14 jasqa tolg’an es aqili pu’tin fizikaliq shaxs esaplanadi. Ku’shli ruwxiy ha’wliriw jag’dayinda adam o’ltiriw(JK 98-st); ananin’ o’z na’restesin tuwiw waqtinda qastan o’ltiriw(JK99-st); Za’ru’rli qorg’aniw shegarasinan shetke shig’ip, qasttan adam o’ltiriw(JK 100-st); Ja’miyetlik qa’wipli qilmis sadir etken shaxsti uslawdin’ za’ru’r sharalarishegarasinan shetke shig’ip, qasttan adam o’ltiriw(JK101-st); Abaysizliq arqasinda adam o’ltiriw(JK102-st) O’zin-o’zi o’ltiriw darejesine jetkeriw(JK103-st) jinayatlarinin’ subiekti 16 jasqa tolg’an es aqli pu’tin fizikaliq shaxs esaplanadi. adam o’ltiriw boyinsha jinayat isleri ko’rilgeninde ayipker shaxsin, onin’shaxsina tiyisli belgilerin ha’m ja’birleniwshinin’ minez-qulqin teren’ u’yreniw za’ru’r. Bul jag’day jaza tayinlaw ushin emes, ba’lki jinayattin’ sadir etiliw sharayatlari ha’m motivin aniqlaw, jinayatti tueri kvalifikatsiya qiliwda ha’m ahmiyetke iye. Jinayatti sadir etiwde bir neshshe shaxs qatnasqan bolsa, birgelikte adam o’ltiriwge qaratilg’an jalg’iz (yagona) qast penen hareket qilg’an ha’m ja’birleniwshini o’mirden ayiriw jarayaninda tikkeley qatnasqan shaxs g’ana jinayattin’ qatnasiwi dep tabiliwi lazim. Eger o’lim bir kisinin’ ha’reketi na’tiyjesinde ju’z bergen bolsa, qatnasiwshiliq belgiler bolmag’an jag’daylarda qalg’an kisiler adam o’ltirgenlik ushin jueapker bolmaydi. Bir neshshe shaxs juwapkershilikke tartilg’an qasttan adam o’ltiriw haqqindag’I islerdi ko’riwde sud ha’r bir sudlaniwshinin’ jinayatqa qatnasi harakteri darejesi tekseriwi lazim. Sonin’ menen birgelikte adam o’ltiriw maqseti menen ha’reket qilg’an ha’m ja’birleniwshini o’mirinen ayiriwda tikkeley

qatnasqan shaxs jinayattin’ orinlawshisi dep tabili kerek. Qatnasiwshilar ta’repinen birgelikte jinayat sadir etilgende sud qa’wipli redsidivist, o’z aldina qa’wipli redsidivist ya’ki aldin qasttan adam o’ltirgen shaxs ta’repinen adam o’ltiriwdi ko’rsetiwdi belgiler tek sonday jag’daylarg’a tiyisli bolg’an jinayat qatnasiwshilarinin’ ha’reketlerin ko’rsetiwde itibarg’a aliw lazim. Ja’miyetlik qa’wiplilik darejesine qarap O’zbekstan Respublikasi jinayat nizaminin’ bir neshe normalarinda adam o’ltirgenlik ushin jinayiy juwapkershilik belgilengen. Biraq adam o’ltiriwden adamo’ltiriwdin’ ha’m parqi bar[15]. Pa’s niyet sebepli, og’ada ayawsizliq penen, ha’mledar hayaldi o’ltiriw, sondayaq, za’rurli qorg’aniw, qa’wipli jinayatshini uslaw, aqirg’i za’ru’rlik ha’m basqada jag’daylarda adamnin’ o’mirine shek qoyiliwi mu’mkin. Joqaridag’I tu’rli jag’daylardi itibarg’a alip, nizam shig’ariwshi ta’repinen adam o’ltirgenlik ushin tu’rli jinayat-huqiqiy statyalarda juwapkershilik belgilengen.

[15] Рустамбаев М.Х. Преступления против личности. Учебное пособие. –Т.:Эльдинур, 1998. -181с.

## 2-bap Adam o’ltiriw jinayatinin’ tu’rlerine yuridiкalıк sıpatlama

### 2.1. Qasttan adam o’ltiriw (JK 97-st)

Jinayat kodeksinin’ 97-statyasi eki bo’limnen ibarat bolip, usi statyanin’ birinshi bo’liminde “apiwayi” adam o’ltirgenlik ushin juwapkershilik belgilengen. A’lbette, adam o’ltiriw “apiwayi” boliwi mu’mkin emes. JK 97-statyasim 1-bo’limi menen kvalifikatsiya qiliw biykarlaw usili menen a’melge asiriladi. Iste, yag’niy islengen qilmista JK 97 statyasi 2-bo’limininde na’zerde tutilg’an adam o’ltirgeni ushin juwapkershilikti awirlastiriwshi jag’daylardin’ bar boliwi ha’m JK 98-102-statyalarindag’I jen’illestiriwshi jag’daylarinin’ barlig’I aniqlanadi. egerde joqarida aytilg’an jag’daylar bolmasa, ayipkerdin’ qilmisi JK 97-statyasi 1-bo’limi menen kvalifikatsiya qilinadi.

O’sh aliw maqsetinde, qizg’anish sebepli, ta’wir bolmaytug’in keseldi azaptan qutqariw maqsetinde ja’birleniwshinin’ iltimasina ko’re, mushlasiw waqtinda o’ltiriw, biyzariliq belgileri bolmasa, ko’ralmawshiliq, qorqaqliq ha’m basqada sebepli sadir etilgen adam o’ltiriw JK 97-statyasi 1-bo’limi menen kvalifikatsiya qilinadi. O’z xizmet ya’ki puqaraliq burshin a’melge asiriw mu’na’sibeti menen shaxsti ya’ki onin’ jaqininlarin qasttan oltiriwden basqa barliq jag’daylarda o’sh aliw maqsetinde shaxsti o’ltirgeni ushin ayipker JK 97-statyasi 1-bo’limi menen juwapkershilikke tartiladi. Da’slep aytip o’tilgen jag’daylarda adam o’ltiriw JK 97-statya 2- bo’limi “G” ba’ndi menen kvalifikatsiya qilinadi, bunin’ ushin adam o’ltiriw asirese jeke qatnasiqlar sebepli o’sh aliw maqsetinde sadir etilgenligin aniqlaw lazim boladi. Jeke qatnasiqlar sebepli o’sh aliw maqsetinde adam o’ltiriwden biyzariliq aqibetinde adam o’ltiriwdi pariqlaw lazim. Biyzariliq aqibetinde adam o’ltiriwge ja’birleniwshinin’ ahmiyetke iye bolmag’an ha’reketi (shegiw ushin sigareta bermew, bir karxananin’ qayerde jaylasqanin aytpaw ha’m basqa) sebep boladi ya’ki ol hesh sebepsiz ha’m amelge asiriladi. O’sh aliw motive ja’birleniwshinin’ minez- qulqi, ha’reketi sebepli tikkeley adam o’ltiriwden aldin yaki aldinraq ju’zege keliwi mu’mkin. Jeke qatnasiqlar sebepli tikkeley o’ltiriw sadir boliwdan aldin o’sh aliw motivi payda bolg’an jag’daylarda,

adam o'ltiriw kushli ruwxiy ha'wliriw yag'niy zarurli qorg'aniw shegarasinan shetke shig'ip sondayaq ja'miyetlik qa'wipli qilmisti sadir etken shaxsti uslaw waqtinda og'an ziyan jetkiziw sebepli sadir etilmegeninde aniqlaw lazim. Qizg'anish sebepli adam o'ltiriw ha'm JK 97-statyasi menen kvalifikatsiya qilinadi. Adam o'ltiriw motive sipatinda qizg'anish o'zinde isenimsizlik, egayizim, qahri-g'azap siyaqli elementlerdi toplag'an boladi[16]. Ko'binesne qizg'aniw sebepli adam o'ltiriwge er ya'ki hayaldin' qiyaliy qiyanet etkenligi, ja'birleniwshinin' turmisqa shig'iwg'a ya'ki u'yleniwge raziliq bermegeni ya'ki ja'birleniwshinin' nekesiz birge jasaw haqqindag'I usinisinan bas tartqanlig'I sebepli boladi. Eger qilmista JK97-statyasi 2-bo'liminde na'zerde tutilg'an awirlastiriwshi jag'daylar bolmasa, kimnin' ayibi menen baslang'anina qaramastan, urisiw ya'ki mushlasiw waqtinda adam o'lse, ayipkerdin' qilmisi JK 97-statyasi 1-bo'limi menen kvalifikatsiyalanadi[17]. Urisiw ya'ki mushlasiw waqtinda adam o'ltirilgende qilmisti ku'shli ruwxiy ha'wliriw jag'dayinda ya'ki za'ru'rli qorg'aniw shegarasinan shetke shiqqan halda yamasa abaysizliq aqibetinde qasttan adam o'ltiriwdegidey juwapkershilikti jen'illestiriwshi jag'daylar da bar boliwi mu'mkin. Joqarida aytilg'an jen'illestiriwshi jag'daylar bar bolsa, urisiw ya'ki mushlasiw waqtinda adam o'ltiriw JK 98-, 100,-102-statyalarinin' birewi menen kvalifikatsiyalaniwi lazim. Qilmisti urisiw ya'ki mushlasiw waqtinda adam o'ltiriw dep kvalifikatsiyalaw ushin tek urisiw ya'ki mushlasiw bolg'anlig'in atap o'tpesten, al jinayattin' isleniw motivi ha'm haqiyqiy jag'daylarin aniqlaw za'ru'r. Urisiw ya'ki mushlasiw islengen adam o'ltiriwdin' bir ta'repi bolip, ol belgili bir motiv (biyzariliq aqibetinde, da'megoylik niyetinde, qizg'aniw, o'sh aliw ko're almawshiliq ha'm basqalar sebepli) penen islenedi. Adam o'ltirgende mushlasiw ya'ki urisiwdin' o'zi, belgili jag'daylardi esapqa almag'anda, qilmisti JK 97-statyasi 1- bo'limi menen kvalifikatsiyalaw ushin za'rurli belgi dep esaplanbaydi[18].

[16] Шарапов Р.Д. Физическое насилие в уголовном праве. СПб.: «Юридический центр Пресс», 2001. -298 б.
[17] Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг 2004 йил 24-сентябрдаги «Қасддан одам ўлдиришга оид ишлар буйича суд амалиёти тўғрисида»ги 13-сонли қарори.//Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленуми қарорлари тўплами. 1991-2006 йил, 2-жилд. –Т.:Qqituvchi, 2007. 192-б.
[18] Рустамбоев М.Х. Ўзбекистон Республикаси Жиноят кодексига шарҳлар. Умумий қисм.— Т.: ILM ZIYO, 2006.—608 б.

JK 97-statyasi 2-bo’liminde jazani awirlastiriwshi jag’daylarda adam o’ltirgenlik ushin juwapkershilik belgilengen. Usi normada adam o’ltirgenlik ushin juwapkershilikti awirlastiriwshi on jeti jag’day nazerde tutilg’an bolip, bul dizim o’zgermeydi, yag’niy JK 97-statyasi 2-bo’liminde ko’rsetilgen awirlastiriwshi jag’day bolmasa, qilmis usi norma menen kvalifikatsiyalanbaydi. biraq JK 97-statyasi 2-bo’liminde ko’rsetilgen awirlastiriwshi jag’daylardin’ birewi yaki bir waqittin’ o’zinde bul jag’daylardin’ bir neshewi bar ekenligi qilmisti JK 97-statyasi 2-bo’limi menen kvalifikatsiyalaw ushin tiykar boladi. Jinayat usi norma menen kvalifikatsiyalang’anda’ awirlastiriwshi jag’daydin’ ha’r biri ko’rsetiliwi ha’m ol jaza tayinlang’anda itibarg’a aliniwi lazim. Jinayat huqiq boyinsha adebiyatlarda qasttan juwapkershilikti awirlastiriwshi jag’daylarda adam o’ltirgenligi kvalifikatsiyalaw boyinsha ha’r tu’rli ko’z qaras bar.

JK 97-statyasi 2- bo’limindegijag’daylar jinayat quraminin’elementleri boyinsha sipatlag’an. Usi sipatlamag’amuwapiq, birinshi toparg’a jinayattin’ obiektine tiyisli bolg’an jag’daylardi kirgiziw lazim[19]. Bul toparg’a:

a) eki ya’ki onnan da artiq shaxsti;

b) ha’mledarlig’I ayipkerge belgili bolg’an hayaldi;

v) ha’lsiz ahwalda ekenligi ayipkerge belgili bolg’an shaxsti;

g) o’z xizmet yaki puqaraliq minnetin orinlaw mu’nasibeti menen shaxsti yaki onin’ jaqin tuwisqanlarin o’ltiriw kiredi.

Ekinshi toparg’a kiretug’in jag’daylar adam o’ltiriwdin’ obiektiv ta’repine tiyisli bolip, bul toparg’a:

a)basqa shaxslardin’ o’miri ushin qawipli bolg’an usilda;

b) g’alaba ta’rtipsizlikler waqtinda;

v) jawizliq penen;

g) namisina tiyiw ya’ki jinisiy talabin zorliq isletip, tabiyatina jat usilda qandiriw menen baylanisli halda adam o’ltiriw kiredi;

Ushinshi toparg’a adam o’ltiriwdin’ subiektiv ta’repine baylanisli jag’daylar:

[19] Никифоров А.С. Ответственность за убийство в современном уголовном праве. –М., 2000. 60б.

a)da'megoylik niyetinde;

b) milliy ya'ki rasaliq dushpanliq niyetinde;

v) biyzariliq aqibetinde;

g) diniy fanatizm negizinde;

d) adam mu'shelerin kesip alip, basqa adamg'a ko'shiriw (transplantatsiya) ya'ki o'liktin' mu'shelerin paydalaniw maqsetinde;

e) basqa bir jinayatti jasiriw ya'ki onin' isleniwin an'satlastiriw maqsetinde adam o'ltiriw kiredi.

To'rtinshi toparg'a jinayattin' subiektine tiyisli jag'daylar ja'mlengen bolip, olar:

a) bir topar shaxslar yaki sho'lkemlesken topar ag'zasi ta'repinen yamasa usi topardin' ma'plerin go'zlegen halda;
b) takraran ya'ki qawipli redsidivist ta'repinen;
v) og'ada qawipli redsidivist tarepinen qasttan adam o'ltiriliwi jag'daylarin o'z ishine aladi.

Qasttan adam o'ltiriwdin' juwapkershilikti awirlastiriwshi jag'daylari (JK 97-statyasi 2-bo'limi)

- Eki yamasa onnan artiq shaxsti o'ltiriw ( JK97-st 2-bo'lim "a" ba'ndi)
- Ha'mledarlig'I ayipkerge belgili bolg'an hayaldi o'ltiriw (JK 97-st 2-bo'lim "b" ba'ndi)
- Ha'lsiz ahwaldalig'i ayipkerge belgili bolg'an shaxsti (JK 97-st 2-bo'lim "v" ba'ndi)
- o'z xizmetin ya'ki puqaraliq burshin amelge asiriw mu'nasibeti menen shaxsti ya'ki onin' jaqin tuwisqanlarin o'ltiriw (JK 97-st 2-bo'lim "g" ba'ndi)
- Basqa shaxslardin' o'miri ushin qawipli bolg'an usilda adam o'ltiriw (JK 97-st 2-bo'lim "d" ba'di)
- G'alabaliq ta'rtipsizlikler protsesinde adam o'ltiriw (JK 97-st 2-bo'lim "e" ba'ndi)
- Og'ada ayawsizliq penen adam o'ltiriw(JK 97-st 2-bo'lim "j" ba'ndi)

- Namisqa tiyiw yaki jinisiy talapti zorliq isletip ta’biyatina jat usilda qandiriw menen baylanisli halda adam o’ltiriw (JK97-st 2-bo’lim “z” ba’ndi)
- Da’megoylik niyetinde adam o’ltiriw (JK 97-st 2-bo’lim “i”ba’ndi)
- Milliy yaki rasaliq dushpanshiliq niyetinde adam o’ltiriw (JK 97-st 2-bo’lim “k” ba’ndi)
- Biyzariliq aqibetinde adam o’ltiriw (JK 97-st 2-bo’lim “l” ba’ndi)
- Diniy fanatizim tiykarinda adam o’ltiriw (JK 97-st 2-bo’lim “m” ba’ndi)
- Adam mu’shelerin kesip alip, basqa adamg’a ko’shiriw(trasplantat) (JK 97-st 2-bo’lim “n” ba’nsdi)
- Basqa bir jinayatti jasiriw yaki onin’ isleniwin an’satlastiriw maqsetinde adam o’ltiriw (JK 97-st 2-bo’lim “o” ba’ndi)
- Bir topar shaxslar yaki sho’lkemlesken topar ag’zasi ta’repinen sondayaq sol topardin’ ma’plerin gozlegenhalda adam o’ltiriw (JK 97-st 2-bo’lim “p” ba’ndi)
- Ta’kraran ya’ki qa’wipli redsidivist ta’repnen adam o’ltiriw ( JK 97-st 2-bo’lim “r” ba’ndi)
- Og’ada qawipli redsidivist tarepinen qasttan adam o’ltiriw (JK 97-st 2-bo’lim “s” ba’ndi)

Eki yamasa onnan artiq shaxsti qasttan oltiriw (JK 97- st 2- bo’lim “a” ba’ndi). Bir waqittin’ o’zinde eki yamasa onnan artiq shaxsti o’mirinen ayiriwdin’ ja’miyetlik qawipliligi joqari. Adam o’ltiriwdin’ bul turi o’zi9ne say belgilerge iye bolip, ayipkerge eki yamasa onnanda artiq shaxsti o’ltiriw niyeti boladi. Ma’selen, Semyonov degen shaxstin’ oynasi bolip, onin’ ja’ne basqa kisi menen ushirasip turiwi haqqindag’I gap-so’zler Semyonovtin’qulag’ina jetedi. Keshki waqit Semyonov oynasinin’ uyine kelgende, olardi to’sekte ko’redi ha’m ekewinam o’ltiredi. Onin’ qilmisi sud ta’repinen JK 97-st 2-bo’limi “a” ba’ndi menen tuwri kvalifikatsiya qilinadi.

JK 97-st 2-bo’limi “a” ba’dinde na’zerde tutilg’an adam o’ltiriwdi kvalifikatsiya qilg’anda jinayatshinin’ ha’reketleri birden-bir qasttliq penen qamrap aling’anlig’I ha’m bir waqitta sadir etilgenligine itibar beriw lazim. Eki

yaki onnan artiq shaxsti o’ltiriwge qast qilg’anlig’I, olardi o’mirinen ayiriw motivinin’ bir tu’rde ekenligi jinayiy niyettin’ birden- bir ekenliginen derek beredi.

Eki yamasa onnanda artiq shaxsti o’ltiriwge qast qiling’anligi jinayiy niyettin’ birden-birligin ko’rsetiwshi za’ru’rli belgi esaplanadi[20].

Birden-bir jinayiy niyet penen qamrap aling’an, tu’rli waqitlarda sadir etilgen adam o’ltiriwdi eki yamasa onnanartiq shaxsti o’ltiriw dep tabiw ushin tuwri qasttin’ barlig’in aniqlaw kerek[21]. Bir waqittin’ o’zinde eki yaki onnan artiq adamdi o’ltiriw tek tuwri qast emes, ba’lki qiya qast penen ha’m sadir etiliwi mu’mkin. Eki yaki onnan artiq shaxstin’ o’limi ju’z beriwi jinayattin’ yamamlang’anlig’inatiykar boladi. Bir adamdi o’ltirgeni ha’m ekinshi adamnin’ o’mirine qastiyanliq tamamlang’an jinayat(eki yaki onnan artiq shaxsti o’ltiriw) esaplanbaydi. Ayipkerdin’ eki ya’ki onnan artiq shaxsti o’ltiriwge qaratilg’an qasti onin’ o’zine baylanisli bolmag’an sebeplerge ko’re a’melge aspay qaldi. Bunday, jag’dayda, O’zbekstan Respublikasi Joqarg’i sudi plenuminin’ joqarida ko’rsetilgen qararina ko’re, jinayatti JK 25-st arqali 97-st 2-bo’limi “a” ba’ndi ha’m 97-st nin’ tiyisli bo’limi menen bir adamdi o’ltirgeni ushin ha’m eki yamasa onnan artiq shaxsti o’ltiriwge qastiyanliq sipatinda kvalifikatsiya qiliw kerek. Biraq soni aytip o’tiw za’rur, sud a’melyatinda qollanilatug’in bulday jol JK nin’ 33-statyasi 2-bo’limine qarsi keledi. Egerde jinayatlar ja’minin’ na’tiyjesi bir qast penen qamrap aling’an bolsa, juwapkershilikke, sol jinayattin’ en’ awir jazasi belgilengen bo’limnin’ ba’ndine ko’re tartiladi, yag’niy joqaridag’I ma’selede juwapkershilik JK 25-statyasi 2-bo’limi ha’m 97-statyasi 2-bo’limi “a” ba’ndi menen kvalifikatsiya qilinadi. Jinayat huqiqi teoriyasinda ha’m sud a’melyatinda faktik qa’te, yag’niy eger ayipker o’z qilmisin awir jinayat dep oylag’an, biraq haqiyqatta onin’ qilmisi sol jinayattin’onsha awir bolmag’an tu’ri bolsa (ma’selen, seyifti aship atirg’anda ya’ki inkasatordin’ sumkasin urlaw waqtinda ayipker ju’da ko’p mug’darda talan taraj qilip atirman dep oylasa, biraq haqiyqatta ol ko’p

[20] Андреева Л.А. Квалификация убийств, совершенных при отягчающих обстоятельствах. –СПб.: 1998. -55 с.
[21] Шарапов Р.Д. Физическое насилие в уголовном праве. СПб.: «Юридический центр Пресс», 2001. -298 б.

mug'darda, ya'ki birqansha mug'darda talan-taraj qilmaqta)onin' qilmisi qastina ko're kvalifikatsiya qilinadi (joqarida ko'rsetilgen misalg'a ko're, ju'da ko'p mug'darda talan-taraj dep esaplanadi). Bul qag'iyda o'mirge qarsi jinayatlarg'ada tiyisli.

O'zbekstan Respublikasi Joqarg'I sudinin' ko'rsetpesine muwapiq[22], "Eki ya'ki onnan artiq shaxsti qasttan o'ltiriw, bul jinayatlar bir waqittin' o'zinde sadir etilgen bolsa, biraq ayipkerdin' birden-bir qastti menen qamrap aling'an bolsa, qilmis takraran qasttan adam o'ltiriw sipatinda JK 97-statyasi 2-bo'liminin' "r" ba'ndi menen kvalifikatsiya qilinadi". Eger ayipker bir adamdi o'ltiriwge qast qilg'an bolsa, o'zinin' abaysizlig'I arqasinda ekinshi shaxsti o'mirden ayirg'an bolsa, qilmis jinayatlar ja'mi boyinsha, yag'niy qasttan adam o'ltiriw (JK 97-statya 1-yaki 2-bo'limi) ha'm abaysizliq arqasinda adam o'ltiriw (JK 102-statyasi) menen kvalifikatsiya qilinadi. Qilmista eki ya'ki onnan artiq shaxsti o'ltiriw h'am JK 97-statyasi 2-bo'liminde ko'zde tutilg'an basqa jag'daylar ha'm bar bolsa, ayipkerdin' qilmisi sol ba'ntlerdin' barligi menen kvalifikatsiya qilinadi ha'm bul jaza tayinlawda esapqa alinadi.

Egerde ayipkerge birinshi jinayatti sadir etip bolg'annan son' sol jinayatti jasiriw maqsetinde basqa adamdi o'ltiriw qastti kelip shiqsa, bunday o'ltiriw eki ya'ki onnan artiq adamdi o'ltiriw dep Jk 97-statyasi 2-bo'liminin' "a" bandi menen kvalifikatsiya qiliniwi mu'mkin emes. Bunday jag'daylarda ha'r bir jinayat o'z aldina kvalifikatsiyani talap etedi. Birinshi jinayat o'zine say belgilerdi itibarg'a alip kvalifikatsiya qilinadi, ekinshisi bolsa JK 97-statyasi 2-bo'limnin' "o" ha'm "r" ba'ntleri menen kvalifikatsiya qilinadi, ya'gniy basqa bir jinayatti jasiriw maqsetinde o'ltiriw(bizdin' jag'dayimizdabirinshi jinayatti) ha'm takrarn sadir etiw dep kvalifikatsiya qilinadi. eger ayipker ta'repinen Jk 98-101-statyalarinda na'zerde tutilg'an jinayatlar sadir etilgen bolsa, onin' qilmisi JK 97-statyasi 2-bo'liminin' "a' ba'ndi menen jinayiy juwapkershilikke tartilmaydi.

---

[22] Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг 2004 йил 24-сентябрдаги «Қасддан одам ўлдиришга оид ишлар буйича суд амалиёти тўғрисида»ги 13-сонли қарори.//Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленуми қарорлари тўплами. 1991-2006 йил, 2-жилд. –Т.:Qqituvchi, 2007. 192-б.

Ha’mledarlig’I ayipkerge ayan bolg’an hayaldi qasttan o’ltiriw (JK 97-statyasi 2-bo’limi “b” bandi). Adam o’ltiriw jinayati usi tu’rinin’ joqari da’rejede ja’miyetlik qawipliligi sonda, bunda ayipker ha’mledar hayaldin’ o’mirine, ba’lki ele tuwilmag’an insannin’ o’mirine qa’wip boladi. Adam o’ltiriwdin’ usi tu’ri subiektiv ta’repten tuwri qast penen sadir etiledi. Jinayatti JK 97-statyasi 2-bo’limi “b” ba’ndi menen kvalifikatsiya qiliw ushin hayaldin’ ha’mledarlig’I aldinnan belgili bolg’anlig’in aniqlaw za’ru’r.

Joqarida aytilg’an Ozbekstan Respublikasi Joqarg’i sudi Plenum qararinda[23] :”Qasttan adam o’ltiriw jinayatin JK 97-statyasi 2-bo’liminin’ “b” ba’ndi menen kvalifikatsiya qiliw ushin ayipker ja’birleniwshinin’ ha’ledarlig’in (sirtqi belgiler ha’m basqa faktik mag’liwmatlar barligi) bilgenligi aniqlang’an boliwi kerek. Ha’mledarliq mu’ddeti, sondayaq, ha’mledar hayal na’tiyjesinde onin’ onin’ ha’milesi nadib bolg’an –bolmag’anlig’i qilmisti kvalifikatsiya qiliw ushin ahmiyetke iye emes. Eger ayipker aljasiw oyi tiykarinda, negizi hamledar bolmag’an hayaldi hamledar dep qasttan o’ltirgen bolsa, sondayaq onin’ ha’reketlerinde JK 97-statyasinin’ ekinshi bo’liminde ko’rsetilip o’tirgen juwapkershilikti awirlastiriwshi basqa jag’daylar bar bolmasa, qilmis JK 97-statyasi 1-bo’limi boyinsha kvalifikatsiya qilinadi”, - deyilgen.

Aldinnan belgili boliw, hayaldin’ ha’mledarlig’in aniq biliwin na’zerde tutadi. Bunday mag’liwmatlardi ayipker ja’birleniwshinin’ o’zinen, tap sondayaq, basqa belgilerinen aliwi mu’mkin.

Ayipker ha’mledarliqtin’ aqirg’I aylarinda gewdenin’ du’ziliwine qarap, onin’ ha’mledarlig’in toliq aniqlawi mu’mkin. qilmisti JK 97-statyasi 2-bo’limi “b” ba’ndi menen kvalifikatsiya qiliwdin’ za’ru’rli sha’rti ayipker ta’repinen hayaldin’ ha’mledarlig’in bile turip o’ltirgeni bolip esaplanadi. Jinayatti JK 97-statyasi 2-bo’limi “b” ba’ndi menen kvalifikatsiya qiliwda ha’mledarliq mu’ddeti a’hmiyetli emes. Eger adam o’ltiriw da’megoylik niyrtinde, biyzariliq aqibrtinde yaki basqa motiv menen sadir etilgen bolsa, ayipker tek Jk 97-statyasi 2-bo’lim

---

[23] Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг 2004 йил 24-сентябрдаги «Қасддан одам ўлдиришга оид ишлар буйича суд амалиёти тўғрисида»ги 13-сонли қарори.//Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленуми қарорлари тўплами. 1991-2006 йил, 2-жилд. –Т.:Qqituvchi, 2007. 192-б.

“B”ba’ndi menen menen emes, ba’lki sol statyanin’ tiyisli ba’ntleri menen ham juwapkershilikke tartiliwi kerek.

Ha’lsiz ahwaldalig’I ayipkerge ayan bolg’an shaxsti qasttan o’ltiriw (JK 97-statyasi 2-bo’lim “v” ba’ndi). Ayipker, o’zine ayan bolg’an shaxsti qasttan o’ltirse (ananin’ o’z na’restesin qasttan o’ltiriwden tisqari), onin’ qilmisi JK 97-statya 2-bo’limi “v” ba’ndi menen kvalifikatsiya qiliniwi lazim.

h’alsiz ahwal degende, ja’birleniwshinin’ ruwxiy yaki fizikaliq sharasizlig’I sebepli ayipker ta’repinen o’zinin’ o’mirine qilinip atirg’an topi8liwdan qorg’ana almaslig’I tu’siniledi[24]. Ayipkerdin’ ha’reketleri JK 97-statyasi2-bo’lim “v” ba’ndi menen kvalifikatsiya qiliwda, ha’lsiz ahwal dep, ja’birleniwshinin’ fizikaliq ya’ki ruwxiy jaqtan (fizikaliq nuqsanlari, ruwxiyati buzilg’anlig’I, ju’da jas yaki kekseligi, qatti awiriw ya’ki bexush(bez saznaniya) sondayaq uyqida bolg’anlig’i, alkogol, giyabentlik yaki psixotrop zatlar ta’sirinde awir da’rejede ma’stlik sebepli ) o’zin qorg’awda, ayipkerge aktiv qarsiliq ko’rsetiwge iye emeslik ya’ki o’zine qarata sadir etilip atirg’an ha’reketlerdin’ basqara almasliq jag’dayi tu’siniliwi kerek. Bunda ayipker ja’birlenieshini ha’lsiz ahwalda ekenligin an’lag’an boliwi sha’rt.

Ja’birleniwshinin’ spirtli ishimlik, giyabentlik ya’ki psixotrop zatlar ta’sirinde atiraptag’I jag’daydi an’la almaytug’in da’rejede ma’stligi, onin’ ha’lsiz ahwalda dep ta’n aliniwina tiykar boliwi mu’mkin. Bunda ja’birleniwshini kim bul ahwalg’a salg’anlig’I ahmiyetke iye emes[25].

Ha’lsiz ahwal-ja’birleniwshinin’sonday fizikaliq ua’ki ruwxiy jag’dayi, bunda ol ayipkerdin’ onin’ o’mirine qilg’an topilisina qarsiliq ko’rsete almaydi ya’ki og’an qarata sadir etilip atirg’an ha’reketlerdin’ belgileri ha’m mazmunin tu’siniwge sondayaq o’z ha’reketlerin basqariwg’a qadir bolmaydi.

O’mirlerine bolg’an topilisti saplastira almaslig’in itibarg’a alip, jas balanin’, kekse adamdi o’ltirgenligin, ja’birleniwshini uyxlap atirg’anda, qatti ma’s halinda

[24] Шарапов Р.Д. Физическое насилие в уголовном праве. СПб.: «Юридический центр Пресс», 2001. -298 б.
[25] Рустамбаев М.Х. Преступления против личности. Учебное пособие. –Т.:Эльдинур, 1998. -181с.

ya’ki ruwxiy kesel adamdi bile tura o’ltirgenlik ha’m JK 97-statyasi 2-bo’limi “v” ba’ndi menen kvalifikatsiyalaniwi za’rur.

Adam o’ltiriw jinayatinin’ bul tu’ri subiektiv ta’repten tuwra qast penen sadir etilgen. Ja’birleniwshinin’ ha’lsiz ahwaldalig’inan paydalanip islengen adam o’ltiriwdi kvalifikatsiyalawda jinayattin’ motivlerine itibar beriw kerek. Shaxstin’ ha’lsiz ahwaldalig’in bile tura oni o’ltiriw, yag’niy damegoylik yaki biyzariliq aqibetinde, ju’da ayawsizliq penen ha’m basqa da motivler menen islengen bolsa, ayipkerdin’ qilmisi bul motivler ko’rsetilgen JK 97-statyasinin’ basqa ba’ntleri menen de kvalifikatsiyalanadi. Ja’birleniwshinin’ ha’lsizlig’I ne menen baylanisli boliwinan qattiy na’zer ol sud ta’repinen bahalanadi. Ma’selen, ja’birleniwshinin’ jasi(jas bala, kekse shaxs) sebepli ha’lsizligi ha’r bir jag’dayda o’z aldina bahalaniwi lazim. Birdey jastag’I shaxslarlardin’ den sawlig’I, fizikaliq ku’shi, shaqqanlig’I ha’m basqa jag’daylar tu’rlishe boliwi mu’mkin. ayipker tarepinen JK nin’ 98-101-statyalarinda na’zerde tutilg’an adam o’ltiriw jinayati sadir etilgende, ol JK 97-statyasi 2-bo’limi “v” ba’ndi menen juwapkershilikke tartiliwi mu’mkin emes.

O’z xizmet ya’ki puqaraliq minnetin orinlaw mu’na’sibeti menen shaxsti ya’ki onin’ jaqin tuwisqanlarin qasttan o’ltiriw (O’z R JK 97-statyasi 2-bo’liminin’ “g” ba’ndi.

Adam o’ltiriwdin’ bul tu’rinde ja’birleniwshinin’ o’limi onin’ xizmet ya’ki puxaraliq minnetin orinlawday ja’miyetlik paydali isleri menen baylanisi halda ju’zege keledi. O’zbekstan respublikasi Joqarg’I sudi Plenuminin’ aldin atap o’tken qararinda: “Ja’birleniwshinin’ xizmet ya’ki puqaraliq minnetin a’melge asiriwsdag’I nizamli jumislarina tosqinliq qiliw maqsetinde, sonday-aq, bunday jumislardin’ orinlaniwi mu’nasibeti menen o’sh aliw niyetinde islengen adam o’ltiriw ha’reketleri JK 97-statyasi 2-bo’liminin’ “g” ba’ndi menen kvalifikatsiyalaw kerek” ligi tu’sindirilgen. Ja’birleniwshinin’ xizmet ya’ki puxaraliq minnetin orinlawi mu’nasibeti menen onnan o’sh aliw maqsetinde qasttan o’ltiriwJK 97-statyasi 2-bo’liminin’ “g” ba’ndi menen kvalifikatsiyalaniwi kerek.

Shaxstin’ xizmet ya’ki puqaraliq minnetin orinlawi mu’nasibeti menen ya’ki onin’ nizamli talabina tosqinliq qiliw maqsetinde o’ltiriliwinin’ motive aniqlanbag’an jag’daylarda da jinayatshi O’z R JK 97-statyasi2-bo’liminin’ “g”ba’ndi menen juwapkershilikke tartiladi. Jaqin qarindaslari degende, ja’birleniwshi menen tuwisqanliq mu’nasibetlerinde bolg’an shaxslar, yag’niy ata-ana , ag’a-ini , ha’m erli-zayip, perzent, sonin’ ishinde perzentlikke aling’anlar, aqliqlar, sonday-aq, erli-zayiptin’ ata-anasi, ag’a-ini ha’m apa-qarindaslari tu’siniledi. Adam o’ltiriwdin’ usi tu’rinde lawazimli shaxs, ha’kimyat wa’kili, sonday-aq ha’r qanday shaxs (jumisshi, qarawil ha’m basqalar ) ja’birleniwshi boliei mu’mkin.

Xizmet waziypasin orinlaw degende, ha’r qanday mekeme , karxana ha’m sho’lkemde xizmet boyinsha  ju’klengen waziypani orinlap atirg’an ha’ qanday shaxstin’ jumislari tu’siniledi.Puqaraliq minnetin orinlaw degende,  puqaranin’ ha’r qanday nizamli jumislarin tu’siniw lazim. Bular o’zine juklengen nizamli jumislarin tu’siniw lazim. Bular o’zine juklengen ja’miyetlik jumislar, ja’miyet ya’ki ayirim puqaralardin’ ma’pkerin qorg’awg’a qaratilg’an, yag’niy huqiqbuzarliqtin’ aldin aliw, jinayat haqqinda xabar beriw, guwaliq beriw ha’m basqada ha’reketker boliwi mu’mkin.Subiektiv ta’repten bul jinayat tek tuwra qast penen sadir qiliniwi mu’mkin. Ayipkerdin’ basqa shaxstin’ o’limine sebepshi bolip atirg’anligina emes, b’alki ol shaxstio’z xizmetyaki puqaraliq burshin a’melge asiriwi mu’na’sibeti menen o’ltirip atirg’anlig’in an’lap jetkenlig’in aniqlaw lazim. Eger ol buni an’lap jetpegen bolsa Jk 97-statyasi 2-bo’limi “g” ba’ndi menen juwapkershilik ju’zege kelmeydi. usi adam o’ltiriw jinayatin sadir etiwdin’ motive ja’birleniwshinin’ o’z xizmet ya’ki puqaraliq burshin a’melge asiriwi menen baylanisli o’sh aliw esaplanadi. Ko’rip shig’ilip atirg’an kvalifikatsiyalawshi belgi tek g’ana o’sh aliw menen baylanisli bolmastan, ja’birleniwshinin’ ayiplaniwshi menen maqul bolmag’an o’z xizmet ya’ki puqaraliq burshin a’melge asiriw menen baylanisli nizamli iskerligin amelge asiriwg’a tosqinliq qiliw maqsetinde oni o’ltiriwde ha’m payda boladi[26].  Nizamg’a muwapiq ha’reket etken shaxsti

---

[26] Бородин С.В. Преступления против жизни. СПб. «Юридический центр Пресс», 2003. -467с.

o’ltirgenlik JK 97-statyasi2-bo’limi nin’ “g” ba’ndi menen kvalifikatsiyalaniwi lazim. Jabirleniwshinin’ nizamg’a qilap ha’reketleri, yag’niy xizmet waziypasinan o’z ma’pi ushin paydalaniwi, ayipker shaxsqa baylanisli ha’kimyat wa’killigi shegarasinan shetke shigiwi na’tiyjesinde o’ltirgen bolsa, ol halda ayipker shaxsti JK 97-statyasi 2-bo’limi “g” ba’ndi menen juwapkershilikke tartiwg’a bolmaydi. Adam o’ltirgenlikti JK 97-statyasi 2-bo’limi “g”ba’ndi menen kvalifikatsiya qiliw ushin jinayattin’ ja’birleniwshi xizmet waziypasin amelge asirip atirg’an ya’ki basqa waqitta sadir etilgenliginin’ ahmiyeti joq. Bunda adam o’ltiriw tiykarinan ja’birleniwshinin’ xizmet yaki puqaraliq burshin a’melge asiriwi mu’nasibeti menen sadir etilgenligin aniqlaw za’ru’r. Shaxsti ya’ki onin’ jaqin qarindaslarin o’ltirgenligi ushin juwapkershilik ja’birleniwshi ta’repinen o’zinin’ xizmet ya’ki puqaraliq burshin a’melge asiriwg’a qaratilg’an ol yamasa bul ha’reketler qashan amelge asirilg’aninan qattiy na’zer, ju’zege kelediham adam o’ltiriw o’z xizmet burshin a’melge asirg’an ushin ja’birleniwshiden o’sh aliw maqsetinde sadir etilgenligin aniqlaw ahmiyetli esaplanadi. Ayipker obiekten aljasqanda, yag’niy ja’birleniwshinin’ shaxsina qarata aljasip , o’miri ha’m iskerligi xizmet ya’ki puqaraliq burshin a’melge asiriw menen baylanisli bolmag’an basqa shaxsti o’ltirgeninde onin’ hareketi JK 25-statasi tiyisli bo’limi arqali 97-statyasi 2-bo’limi “g” ba’ndi menen kvalifikatsiya qiliniwi lazim[27]. JK 97-statyasi 2- bo’limi “g” ba’ndinde na’zerde tutilg’an jinayatti ma’mleket ya’ki jamiyet arbabi sondayaq ha’kimyat wakilinin’ ma’mleket ya’ki jamaatshilik iskerligi mu’nasibeti menen onin’ o’mirine qastiyanliq qiliw (JK 155-statyasi 2-bo’limi), sondayaq, O’zbekistan Respublikasi Prezidentinin’ o’mirine topilis qiliw(Jk 158- statyasi1-bo’limi)jinayatlarinan pariqlaw lazim. Ko’rsetilgen jinayatlardaja’birleniwshiler shegarasi(doyirasi) bir-birinen parq qiladi. Bul jinayatlar obiektiv ta’repi menen ha’m pariqlanadi. bunin’ u’stine Jk 155-statyasi terorizmge ta’n bolg’an ha’m ayipker shaxstiyaki onin’ jaqin tuwisqanlarin o’z xizmet ya’ki puqaraliq burshin orinlawi mu’nasibeti menen o’ltiriwidi ko’zlegen maqsetlerden ju’da ha’m parq

---

[27] Рустамбоев М.Х. Ўзбекистон Республикаси Жиноят кодексига шарҳлар. Умумий қисм.— Т.: ILM ZIYO, 2006.—608 б.

qilatug'in arnawli maqsetlerge erisiwdi go'zleydi. arnawli ha'm uliwma statyalar konkurentsiyasi(raqobat) ju'zege kelgendekvalifikatsiyalaw qag'iydalarina muwapiq arnawli normalar qollaniladi. JK 155-statyasi 2-bo'limi (Terorizm) ha'm Jk 158-statyasi 1-bo'limi (O'zbekstan Respublikasi Prezidentinin' o'mirine topilis qiliw) normalar sonday arnawli normalar qatarina kiredi[28].

Basqa shaxstin' o'miri ushin qa'wipli bolg'an usilda qasttan adam o'ltiriw ( JK 97-statyasi 2- bo'limi "d" ba'ndi). Adam o'ltiriwdin' bul tu'rinde qilmistin' obiektiv ta'repi sonnan ibarat, ayipkerdin' qastti bir kisini o'mirden ayiriwg'a qaratilg'an boladi, lekin ayipker qilmisti sadir etip atirg'anda basqa shaxslardin' o'miri ushin qa'wip tuwiladi. Jinayatti basqa shaxslardin' o'miri ushin qa'wipli bolg'an usilda qasttan adam o'ltiriw dep kvalifikatsiya qiliw ushin ayipkerdin' shaxsti o'mirinen ayiriw ushin qollanip atirg'an usili basqa shaxslardin' o'mirine qa'wip tuwdiriwdi an'lag'anin aniqlaw lazim. Ko'binshe usi tu'rde adam o'ltiriw usili jinayat quralinin' o'zgesheligi menen aniqlanadi. Adam o'ltiriw JK 97-statyasi 2- bo'limi "d" ba'ndi menen kvalifikatsiyalaw ushin jinayatti sadir etiw usilin aniqlaw lazim. Bunday usilg'a: ko'pshilikke, turar jayda, transportta ya'ki adamlar jiynalip turg'an jerde ta'rtipsiz ra'wishte oq atiw, o'ltiriw, qudiqta'gi suwdi za'harlew ha'm basqalar kiredi. Biraq adam o'ltiriw usilinin' qa'wipliligi abstrakt emes, al islengen jinayattin' aniq jag'dayinan kelip shiqqan h'alda aniq bahalaniwi lazim. Ma'selen, hash kim joq jerde shaxsti jarip jiberiw yaki transport qurali menen basip ketiw na'tiyjesinde o'mirinen ayiriw JK 97-statyasi 2- bo'limi "d" ba'ndi menen kvalifikatsiyalanbaydi, sebebi bul ja'gdaylarda ayipkerdin' ha'reketi basqa shaxslardin' o'miri ushin real qa'wpin tuwdirmaydi.

Shininda da, basqa shaxslardin' o'miri ushin qa'wip bar bolg'anda ha'm usi sharayatta basqalardi o'mirinen ayiriw mu'mkinligi ko'rinip turg'anda g'ana JK 97-statyasi 2-bo'limi "d" ba'ndi boyinsha juwapkershilik ju'zege keledi.

---

[28] Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг 2004 йил 24-сентябрдаги «Қасддан одам ўлдиришга оид ишлар буйича суд амалиёти тўғрисида»ги 13-сонли қарори.//Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленуми қарорлари тўплами. 1991-2006 йил, 2-жилд. –Т.:Qqituvchi, 2007. 192-б.

Qasttan adam o’ltiriwdi basqa shaxslardin’ o’miri ushin qa’wipli bolg’an usilda islengen dep tabiw ushin ayipkerdin’o’zi tan’lag’an usil tek g’ana bir adamnin’ emes, al basqalardin’ o’miri ushin da qa’wipli ekenligin an’lag’anlig’in aniqlaw za’ru’r boladi. Usi jinayat tu’ri tek bir kisinin’ o’limi ju’zbergennen baslap tamamlang’an jinayat dep belgilenedi. Bul jinayattin’ subiektiv ta’repi tuwri qastta, sondayaq, qiya qast ha’m boladi. Ko’p shaxslardin’ o’miri ushin qa’wipli usilda adam o’ltiriw waqtinda basqa shaxslarg’a jaraqat jetkizilgen bolsa, qilmis jinayatlardin’ ja’mi boyinsha JKnin’ denege jaraqat jetkizgenlik ushin juwapkershilik belgilengen statyalari menen ha’m kvalifikatsiya qilinadi. Eger jinayat n’tiyjesinde basqa shaxslar ha’m o’lgen bolsa, ayipker abaysizliq na’tiyjesinde adam o’ltirgenlik ushin juwapkershilik belgilengen statyalardin’ ja’mi boyinsha juwapker boladi.

G’alaba ta’rtipsizlikler protsesinde adam o’ltiriw (O’zR JK 97-statyasi 2-bo’limi “e” ba’ndi). Usi tu’rdegi adam o’ltiriwdin’ ja’miyetlik qa’wipliligi sonnan ibarat, ayipker g’alaba ta’rtipsizlikler waqtindag’I ta’rtipsizlikten, alag’awirdan paydalanip jinayat isleydi. jinayatshilar g’alaba ta’rtipsizlikler waqtinda adam o’ltiriwdi a’melge asirip atirg’anda uyatsizlarsha, su’rbetlershe ha’reket etedi ha’m o’z qilmislari ta’rtipsizlik qilip atirg’an topar ta’repinen islengen dep esaplanadi, dep oylaydi. Usinday jag’dayda jinayat obiektiv ta’repinin’ sha’rt bolg’an belgilerinen biri jinayat sadir qiliw sharayati, yag’niy g’alaba ta’rtipsizlikler jarayani esaplanadi.

G’alaba ta’rtipsizlik – bul ko’p sanli adamlar- biybastaliq topardin’ ornatilg’an jamaat ta’rtibin buziw ha’m jamaat jerlerinde qawipsizlikke topilis qiliw ha’mde qirg’in saliw, ot qoyiw, wayran qiliw, mal-mulkti nabit qiliw, shaxsqa qarata zorliq isletiw ha’m basqa huqiqqa qarsi ha’reketlerdur.

Usi jinayattin’ subiekti bir waqittn’ o’zinde g’alaba ta’rtipsizliklerdin’ de sho’lkemlestiriwshisi yaki belsendi qatnasiwshisi bolsa, onin’ qilmislari jinayatlardin’ ja’mi –Jk 244-statyasi ha’m JK 97-statyasi 2- bo’limi “e” ba’ndi menen kvalifikatsiya qiliniwi lazim. Adam o’ltiriw tap sol ta’rtipsizlikler bolip

atirg’an waqitta sadir etilgeninde g’ana ayipkerdin’ qilmisi usi ba’ndi menen kvalifikatsiya qilinadi.

Jawizliq penen adam o’ltiriw (O’zR Jk 97-statyasi 2-bo’liminin’ “j’ ba’ndi). Jawizliq shaxstin’ reyimsizligin, ta’rboyasizlig’in ko’rsetedi[29]. Jk 97-statyasi 2-bo’liminin’ “j” ba’ndinde apiwayi jawizliq emes, ba’lkim ag’ada jawizliq haqqinda so’z boladi. Adam o’ltiriw ha’mme waqitta da jawizliq bolip tabiladi. Og’ada jawizliq nelerde ko’rinedi? Ol en’ da’slep jinayatti islew usilinda ko’rinedi.

Oga’da jawizliq penen adam o’ltiriw degende, ja’birleniwshini og’ada azap beriw usili menen o’mirden ayiriw ya’ki ayipker tarepinen og’ada jawizliq qiling’anlig’inan dalalat beretug’in basqaq halatlarda adam o’ltiriw tu’siniledi. O’zbekstan Respublikasi Joqari sudi Plenum qararinda ko’rsetigenindey, qasttan adam o’ltiriw jinayatin JK 97-statyasi 2-bo’liminin’ “j” ba’ndi menen kvalifikatsiya qiliwda ayipkerdin’ qastti og’ada jawizliq penen adam o’ltiriwge qaratilg’an bolg’anligin aniqlaw sha’rt. Bul orinda, soni na’zerde tutiw kerek, nizam og’ada jawizliq tu’sinigin adam o’ltiriw usili menen g’ana emes, ba’lki ayipker ta’repinen og’ada jawizliq ko’ringeninen dalalat beriwshi basqa jag’daylar menen ha’m baylanistiradi.

Og’ada jawizliq penen adam o’ltiriw usillarina, tiykarinan, o’mirden ayiriwdan aldin eki jinayat(qotillik) sadir etiw barisinda ja’birleniwshini qiynaqqa saliw ya’ki og’an qatti azap beriw menen baylanisli (ku’shli awiriwliq beriwshi za’harden paydalaniw, tiriley jag’ip jiberiw, uzaq waqit awqat, suw bermew)jag’daylarin ha’m kiritiw mu’mkin. Denege ko’plep jaraqat jetkeriw arqali adam o’ltiriw, tek ayipker buni ja’birleniwshige qatti azap jetkiziwge qaratilg’an tuwri qast penen sadir etilgen bolsa, og’ada jawizliqtin’ ko’riniwi dep baxalaniwi mu’mkin.

Ja’birleniwshinin’ jaqin kisileri ko’z aldinda adam o’ltiriw, eger ayipker o’z ha’treketleri menen olarg’a ku’shli azap berip atirg’anlig’inan’lag’an bolsa,

---

[29] Шарапов Р.Д. Физическое насилие в уголовном праве. СПб.: «Юридический центр Пресс», 2001. -298 б.

ayipker ta’repinen og’ada jawizliq ko’rsetilgeninen derek beriwshi jag’day sipatinda bahalaniwi lazim. Ja’birleniwshinin’ jaqin adamlari qatarina, , onin’ jaqin tuwisqanlarinan bo’lek, ja’birleniwshi menen o’z aldina jeke dostana mu’nasibette bolg’an shaxslar ha’m kiriwi mu’mkin.

Marhumnin’ oliginde bir neshe jaraqatlar barlig’inin’ o’zi oni jawizlarsha azaplap o’ltirlgen dep tabiw ushin tiykar bola almaydi, bunday jag’dayda jaraqatlardin’ ayipker ta’repinen qasttan o’ltiriw waqtinda ya’ki ja’birleniwshige o’lieden aldin azaplaw, qiynaw maqsetinde jetkizilgenligin aniqlaw za’ru’r.

Balalardi ata-anasi ya’ki jaqin tuwisqanlari aldinda o’ltiriw ha’m og’ada jawizliq penen adam o’ltiriw dep esaplanbaydi[30]. Uyixlap jatirg’an kisini o’ltirgenlik ushin ayipker usi ba’nd penen juwapkershilikke tartilmaydi., sebebi ja’birleniwshi o’zinin’ o’ltirilip atirg’anlig’in an’lamaydi. Jawizliq meditsinaliq emes, ba’lki sotsialliq tu’sinik esaplanadi, sol sebepten qilmistin’ og’ada jawizliq penen sadir etilgenligi haqqinda ekspert sheshimine iqtiyaj kerek emes. Eger ayipker, ja’birleniwshi ta’repinen nizamsiz zorliq ya’ki awir haqarat, sondayaq, onin’ basqa nizamsiz ha’reketleri sebepli ju’z Bergen ku’shli ruwxiy ha’wliriw halatinda ya’ki za’ru’rli qorg’aniw shegarasinan shetke shig’ip ja’birleniwshige ko’plep dene jaraqatin Bergen bolsa, ayipkerdin’ qilmisi JK 97-statyasi 2-bo’limi “j” ba’ndi menen kvalifikatsiya qilinbaydi, juwapkershilik JKnin’ 98-yaki 100-statyalari menen kelip shig’iwi kerek. Usi jinayat o’lim ju’z beriwi menen tamamlang’an esaplanadi.Sonin’ ushin o’lim ju’z bergennen son’, ayipkerdin’ ha’r qanday qilmisi og’ada jawizliq penen adam o’ltiriw jag’dayi esaplanbaydi(ma’selen, o’lini bo’leklerge bo’liw, jinayatti jasiriw maqsetinde oni joq qilip jiberiw ). Qilmis bunday jag’daylarda jinayatlar ja’mi sipatinda JK 97-statyasinin’ tiyisli bo’limi ha’m JK 134-statyasi menen kvalifikatsiya qiliniwi kerek. Subiektiv ta’repten usi jinayat ko’pshilik jag’daylarda tuwra qast penen, kemden-kem hallarda qiya qast penen sadir etiledi. Adam o’ltiriw jinayati o’gada jawizliq penen sadir etilgen dep tabiw ushin ayipkerde og’ada jawizliq penen adam o’ltiriw qastinnin’ bar boliwin aniqlaw ahmiyetli. Og’ada jawizliq penen qasttan

[30] Андреева Л.А. Квалификация убийств, совершенных при отягчающих обстоятельствах. –СПб.: 1998. -55 с.

adam o’ltiriwde qatnasiwshilar ortasinda aldinnan til biriktiriw bar bolmasa, tek orinlawshinin’ ha’reketi JK 97-statyasi 2-bo’limi “j” ba’ndi menen kvalifikatsiya qilinadi, basqa qatnasiwshilardin’ ha’reketleri bolsa JK nin’ 97-statyasi tiyisli bo’limi menen kvalifikatsiya qilinadi. Ayipker JK nin’ 98-101-statyalarinda na’zerde tutilg’an qasttan adam o’ltiriwdi sadir etken bolsa, onin’ ha’reketleri JK 97-statyasi 2-bo’limi “j” ba’ndi menen kvalifikatsiya qilinbaydi.

Namisqa tiyiw ya’ki jinsiy talapti zorliq isletip tabiyatina jat usilda qandiriw menen baylanisli halda qasttan adam o’ltiriw (O’zR Jk 97-statyasi 2-bo’liminin’ “z” ba’ndi). Namisqa tiyiw ya’ki jinsiy talapti zorliq isletip tabiyatina jat usilda qandiriw menen baylanisli halda qasttan adam o’ltiriw degende,jinsiy erkinlikke qarsi jinayatlar sadir etiw jarayaninda ja’birleniwshini o’mirden ayiriw tu’siniliwi lazim. Bunda eki bir-birinen g’aressiz jinayat sadir etiliwin inabatqa alip, qilmis JK 97-statyasi 2- bo’liminin’ “z” ba’ndi ha’mde belgili jag’daylarina qarap, Jk nin’ 118-119-statyalarinin’ tiyisli bo’limleri menen kvalifikatsiya qiliniwi kerek. Namisqa tiyiw ya’ki jinsiy talaptizorliq isletip ta’biyatna jat usilda qandiriw jinayati sadir etilgennen keyin usi jinayatti jasiriw maqsetinde ja’birleniwshini qasttan o’ltiriw JK 118-ya’ki 119- statyasinda hamde 97-statyasi 2-bo’liminin’ “o” ba’ndinde na’zerde tutilg’an jinayatlar ja’mi boyinsha kvalifikatsiya qilinadi. Ayipker qasttan adam o’ltiriw menen bir qatarda namisqa tiyiwdi sadir etken( JK 118-statyasi) ya’ki jinsiy talapti tabiyatina jat usilda qandirg’an (JK 119-statyasi) hallarda jinayat JK 97-statyasi 2- bo’liminin’”z”ba’ndi boyinsha kvalifikatsiya qiliniwi za’ru’r[31]. Namisqa tiyiw ya’ki jinsiy talapti tabiyatina jat usilda qandiriw menen baylanisli bolg’an halda qasttan adam o’ltiriw – namisqa tiyiw ya’ki jinisiy talapti ta’biyatina jat usilda qandiriw barisinda jas balalardin’ dene ag’zalari ha’m toqimalari ezilip u’zilip ketiwi sebepli asfiktsiya na’tiyjesinde o’liwi yaki sol jinayatlardi jasiriw maqsetinde azaplap (zaharlew) ha’m basqa sol siyaqlilar na’tiyjesinde sadir etiletug’in o’ltiriw sondayaq hayaldin’ jinsiy erkinlikligi ya’ki

[31] Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг 2004 йил 24-сентябрдаги «Қасддан одам ўлдиришга оид ишлар буйича суд амалиёти тўғрисида»ги 13-сонли қарори.//Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленуми қарорлари тўплами. 1991-2006 йил, 2-жилд. –Т.:Qqituvchi, 2007. 192-б.

jinsiy qolqatoilmaslig'ina topilis qiliw paytinda qarsiliq ko'rsetkenligi ushin o'sh aliw niyetinen o'ltiriw bolip tabiladi.

Nekrofilya (o'li denelerge ishqipaz boliw)maqsetinde adam jawizliq tu'rinde o'ltiriliwi de mu'mkin.

Nekrofilya- O'liler menen jinsiy alaqa qiliw ko'rinisindegi telbelik, jinsiy buziqliq esaplanadi.

Bunday hallarda jinayiy qilmis jinayatlar ja'mi boyinsha o'ltiriw ha'm namisqa tiyiw sondayaq jinsiy talapti biyatina jat usilda qandiriw dep kvalifikatsiya qilinadi. eger adam o'ltiriw namisqa tiyiwden keyin uzaq waqit o'tkennen keyin sadir etilse, ol JK 97-statyasi 2-bo'limnin' "z" ba'ndi menen kvalifikatsiya qiliniwi mu'mkin emes. Bir topar shaxslar ta'repinen namisina tiyilgen jabirleniwshi jinayatta qatnasiwshilardin' birewi tarepinen, biraq qalg'an qatnasiwshilardin' razilig'I menen o'ltirilgen bolsa, namisqa tiyiw ya'ki jinsiy talapti ta'biyatina jat usilda qandiriw menen baylanisli halda adam o'ltirgenlik ushin barliq qatnasiwshilar juwapker boliwi kerek.

Da'megoylik niyetinde qasttan adam o'ltiriw (JK 97-statyasi2-bo'limi "I" ba'ndi). Da'megoylik niyetinde qasttan adam o'ltiriw degende (O'zbekstan Respublikasi JK 97-statyasi 2-bo'liminin' "I" ba'ndi), ha'r tu'rli materialliq payda ( pul, mal-mu'lk, mulkiy huqiqlar, u'y-jay maydanina bolg'an huqiq ha'm basqalar)aliwg'a qaratilg'an niyette ya'ki materiyalliq sarip qarejetlerden, qarzdi, alimentti to'lewden qutiliw qalewine sondayaq, basqa da'megoylik niyetinde sadir etilgen o'ltiriw, maselen, ja'birleniwshinin' bir qansha haqi to'lenetug'in lawazimin iyelew ushin haqi esesine adam o'ltiriw ha'm basqalar tu'siniledi.

Ja'birleniwshi kim boliwinan qattiy na'zer, yag'niy mal-mu'lktin' (basqa bayliqlardin' )iyesi ya'ki o'zinde mal-mu'lk saqlaw ushin berip qoyilg'an shaxs boliwinan qattiy na'zer, adam o'ltiriw da'megoylik nityetinde sadir etilgen dep tabiladi. O'limnen keyin birde-bir mu'lkiy tu'rdegi huqiqlarin ayipker o'z qolina kiritiw maqsetinde o'ltirgenlik shaxs ha'm ja'birleniwshi boliwi mu'mkin.

O'zi ya'ki basqa shaxslardin' ma'pin go'zlep materiyalliq payda ko'riw ya'ki shaxs birde-bir materiyalliq sarp qarejetler qiliwdan qutiliw maqsetinde sadir

etilgenliginen qattiy nazer , adam o’ltiriw da’megoylik niyetinde sadir etilgen dep esaplanadi. Eger adam o’ltiriw, birinshiden, topilis qilip, ekinshiden, mal-mu’lkti iyelew maqsetinde, u’shinshiden, mal- mu’lkti iyelew o’ltiriwdi sadir etiw payitinda ya’ki o’z aldina keyin sadir etilgen bolsa, bunda da’megoylik niyetindegi o’ltiriw ha’m basqinshiliq jinayatlarinin’ ja’mi bar boladi. (O’zbekstan Respublikasi JK 97-statyasi 2-bo’liminin’ “I” ba’ndi ha’m JK 164-statyasi0.O’zbekstan Respublikasi Joqarg’I sudi Plenum qararinda:”basqinshiliq, tawlamashiliq, penen baylanisli halda qasttan adam o’ltiriw ha’reketleri JK 97-stayasi 2-bo’liminin’ “I” ba’ndi ha’mde Jinayat kodeksinin’ basqinshiliq ha’m tawlamashiliq ushin juwapkershilikti na’zerde tutiwshi statyalari menen kvalifikatsiya qilinadi.

Eger ayipkerde materiyaliq payda ko’riwge tiyisliqatilliq sadir etilgeninen keyin payda bolg’an bolsa, qilmis JK 97-statyasinin’ tiyisli bo’limi ha’mde Jinayat kodeksinin’ o’zgenin’ mal-mu’lkin talan taraj qiliw ushin juwapkershilikti na’zerde tutiwshi statyalari boyinsha kvalifikatsiya qiliniwi lazim”, dep aytilg’an. Ma’selen, I.Tashmatov Komilov penen so’z alisip qaldi, keyin bul mushlasiwg’a aylandi. Tashmatov Komilovti ol jig’ilip, o’lip qalg’ang’ deyin urdi.Komilov jig’ilip atirg’anda onin’ shijlani(hamyoni)jerge tusedi, onda bir talay pul bar edi. Adam o’ltiriwdi sadir etkennen keyin I.Tashmatov shijlani(hamyonni) ko’rip qaladi ha’m oni o’ziniki qilip aladi. Da’slep, I.Tashmatovtin’ ha’reketleri da’megoylik niyetinde adam o’ltiriw ha’m basqinshiliq topilisi sipatinda qate kvalifikatsiya qiling’an edi. Keyinshelik, O’zbekstan RespublikasiJoqari sudi onin’ ha’reketlerin mushlasiw jarayaninda sadir etilgen adam o’ltiriw(Jk 97-statyasi 1-bo’limi ha’m urliq sadir etiw (JK169-stataysi)dep, qaytadan tuwri kvalifikatsiya qildi. Negedesen’, Komilovtin’o’limini deyin Tashmatovda onin’ pullarin iyelep aliw niyeti bolmag’an, pullariniyelep aliw niyeti ja’birleniwshinin’ o’liminen son’ payda bolg’an. da’megoylik niyetinde qasttan adam o’ltiriw ayipker iyelep aliwdi qalegen materiyalliq qimbatliqlar y’ki basqa bayliqlardi alg’ani y’ki almag’aninan qattiy nazer o’lim ju’z bergen waqittan tamam bolg’an jinayat dep tabiladi. Eger qasttan adam o’ltiriw mu’lkiy harakterdegi ja’njel aqibetine kelip shiqqan bolsa,

ayipkerdin' qilmisi da'megoylik niyetinde qasttan adam o'ltiriw dep bahalap bolmaydi. Bunday jag'dayda, jinayattin' motive o'z ara kelispewshilik ya'ki qsat boliwi mu'mkin. sondayaq, qasttan adam o'ltiriw jeke mu'lkti qorg'aw aqibetinde sadir etilgen bolsa, qilmisti JK 97-statayasi 2-bo'limi "I" ba'ndi menen kvalifikatsiya qilip bolmaydi.

Da'megoylik niyetinde qasttan adam o'ltiriw tuwra ya'ki qiya qast penen sadir etiliwi mu'mkin . Ma'selen, qarzdar pul esesine qarzdan waz keshiw ushin azap berip atirg'anda, qilmistin' ja'miyetlik qa'wipligin biledi, shaxstin' o'liwi mu'mkinligin ko're biledi, o'limnin' ju'z beriwin qa'lemese de, lekin bug'an an'li ra'wishte jol qoyip beredi.

Matteriyalliq ta'miynlew esesine qasttan adam o'ltiriw (jallan ba qatilliq ) ha'm da'megoylik niyetinde qasttan adam o'ltiriw esaplanadi. Usi jag'dayda da'megoylik niyetinde qasttan adam o'ltiriw qatnasiwshilardin' juwapkershilik shegaralari o'zine saydur. Qatilliq ushin haqi wa'de qilg'an sho'lkemlestiriwshi (buyirtpashi) nin' ha'reketleri ol qaysi sebeplerge k'ore sonday qilg'anliginan kelip shig'ip, Jinayat kodeksi 28-97-statyasinin' tiyisli bo'limi menen kvalifikatsiya qiliniwi kerek. materiyalik esaplanbag'an ta'miynlew esesine (qatildi ya'ki onin' jaqin bolg'an tuwisqanlarin jumisqaha'm oqiwg'a kirgiziwdi wa'de beriw, shaxvoniy xizmet ko'rsetiw, jinayiy juwapkershilikten azat qiliw ha'm t.b) qasttan adam o'ltiriw JK 97- statyasi2-bo'limi "I" ba'ndi menen kvalifikatsiya qilinbaydi[32]. Basqa awirlastiriwshi jag'daylar bar bolmasa, qilmis JK 97-statyasi 1-bo'limi menen kvalifikatsiya qiliw mu'mkin. Ko'p jag'daylarda da'megoylik niyetinde qasttan adam o'ltiriw basqinshiliq jinayatin a'melge asiriw waqtinda sadir etiledi. sonin' ushin itibarg'a aliw kerek, eger qatilliq:

- birinshiden, hu'jim qiliw joli menen;
- ekinshiden, o'zgenin' mu'lkine iye boliw maqsetinde sadir etilgen bolsa;

[32] Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг 2004 йил 24-сентябрдаги «Қасддан одам ўлдиришга оид ишлар буйича суд амалиёти тўғрисида»ги 13-сонли қарори.//Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленуми қарорлари тўплами. 1991-2006 йил, 2-жилд. –Т.:Qqituvchi, 2007. 192-б.

- u'shinshiden, mu'likke iyelik qiliw qatilliq payitinda ya'ki o'z aldina qatilliqtan so'n a'melge asirilg'an bolsa (hullasi, qasttan adam o'ltiriw o'zgenin' mu'lkine nizamsiz iyelik qiliw maqsetinde sadir etilgen bolsa ha'm tuwridan tuwri sebepli baylanis bar bolsa), qilmis jinayatlar ja'mi – qasttan adam o'ltiriw ha'm basqinshiliq jinayatlari menen kvalifikatsiyalaniwi kerek(JK 97-statyasi 2-bo'limi "I" ba'ndi ha'm 164-statyasi menen ).

Da'megoylik niyetinde qasttan adam o'ltiriw tawlamashiliq (JK 165-statyasi) menen jinayatlar ja'mi ko'rinisinde boliwi mu'mkin.

Milliy ya'ki rasaliq dushpanshiliq niyetinde islengen qasttan adam o'ltiriw (O'zR JK 97-st 2-bo'limi "k" ba'ndi). O'zbekstan Respublikasi Konsitutsiyasinin' 18-statyasinda ko'rsetilgenindey: "O'zbekstan Respublikasinda barliq puqaralari bir tu'rdegi huqiq ha'm erkinliklerge iye bolip , jinsi, milleti, tili, dini, sotsiyaliq kelip shig'iwina, jeke ha'm siyasiy abiroyinan qattiy na'zer, nizam aldinda ten'". Usi konsititsiyon printsipinin' buziliwi awir aqibetlerge alip keledi, xaliqlar ortasinda jek ko'riwshilik ha'm dushpanshiliq, insanlardin' g'alaba qurban boliwina alip keledi, ma'mleket ishindegi siyasiy o'mir awirlasadiha'm basqa ma'mleketler menen qatnasiqlar qiyinlasadi., quralli nizalar kelip shig'adi ha'm aqibetinde min'lap adam qurban boladi. Sonin' ushin O'zbekstan Respublikasi nizamshilig'inda milliy,rasaliq ha'm diniy jek ko'riwshilik ha'm dushpanshiliqti qozg'atqanliq ushin juwapkershilikti belgilewshi normalar bar[33]. Tiykarinan, JK 97-statyasi 2-bo'limi "k" ha'm "m" ba'ndleri joqarida ko'rsetilgen sebeplerge ko're qasttan adam o'ltirgenlik bolsa, awirlastiriwshi jag'daydi na'zerde tutadi. JK 97-statyasi 2-bo'limi "k" ba'ndinde nazerde tutilg'an jinayattin' obiektiv ta'repi basqa millettegi ya'ki rasadag'I sha'xsti o'mirinen ayiriwdan ibarat. Jinayattin' orni ha'm waqti kvalifikatsiya qiliwda ahmiyetke iye emes. Usi Jinayat tuwra ya'ki qiya qast penen sadir etiliwi mu'mkin. ma'selen, ayipker ja'birleniwshini ayawsizlarsha uradi ha'm onin' o'limine an'li ra'wishte jol qoyip beredi.

---

[33] Рустамбаев М.Х. Преступления против личности. Учебное пособие. –Т.:Эльдинур, 1998. -181с.

Subiektiv ta’repten ahmiyetli belgilerden biri-bul jinayattin’ motivi esaplanadi. O’zbekstan respublikasi Joqarg’I sudi Plenumi aytip o’tkenindey, “milliy ya’ki rasaliq  dushpanshiliq niyetinde, yag’niy basqa milletke, rasag’a tiyisli shaxsqa, shan’araq tutimina qarata g’ayirliq ya’ki nifoq saliw maqsetinde qasttan sadir etilgen am o’ltiriw jinayati Jk 97-statyasi 2-bo’liminin’ “k” ba’ndi menen kvalifikatsiya qiliniwi kerek”.

joqaridag’I ko’rsetilgen motivlerdin’ joq ekenligi JK 97-statyasi 2-bo’liminin’ “k” ba’ndi menen kvalifikatsiya qiliwdi biykarlaydi. Belgili bir millet, rasa wakillerine basqa motiv sebepli (jeke qatnasiqlar kelip shiqqan qasas, qizg’anish, da’megoylik ha’m basqalar)topilis qilinsa, JK 97-statyasinin’ tiyisli bo’limi menen kvalifikatsiya qiliniwi kerek. Ja’birleniwshinin’ ol ya’ki bul milletke, rasag’a tiyisliligi menen baylanisli halda, ol ya’ki bul rasa wa’kilinin’ jasaw ta’rzi, turmisi, shan’araq ko’riw ta’rizi, ma’denyat, urip-adetlerin jaqtirmawshiliq ya’ki olardijek ko’riwshilik sebepli jinayat sadir etilgen hallarda adam o’ltiriw Jk -97-statyasi 2-bo’limi “k”ba’ndi menen kvalifikatsiya qiliniwi lazim.  Basqa sebepler (da’megoylik, qizg’anish, o’sh aliw ha’m basqa sol siyaqlilar0g’a ko’re, ol yaki bul millet, rasawa’kilinin’ o’mirine topiliw O’zbekstan Respublikasi JK 97-statyasi 2-bo’limi nin’ “k”ba’ndi boyinsha juwapkershilikti keltirip shig’armaydi.  Soni na’zerde tutiw kerek, adam o’ltiriwde milletshilik, rasashiliq sebeplerinin’ bar boliwi ha’zirgi waqitta subiekttebasqa: da’megoylik, biyzariliq niyetlerinin’ bar bolg’anlig’in biykar etpeydi. Bunday jag’daylarda ayipkerdin’ qilmisin O’zbekstan Respublikasi JK 97-statyasi 2-bo’liminin’ “k” ba’ndi ha’m 97-statyasinin’ tiyisliba’ndi menen kvalifikatsiya qiliw lazim.

Biyzariliq aqibetindeqasttan adam o’ltiriw  (JK 97-statyasi 2-bo’limi “l”ba’ndi).  O’zbekstan Respublikasi JK 97-statyasi 2-bo’limi “l” ba’ndi menen “…ayipkerdin’ minez-hulqinda jama’a’t ta’rtibine qarsi qoyiw, bepisentsizlik namayan etiw qalewi bar boladi. Bul jag’dayda ayipkerdin’ ha’reketleri JK 277-statyasi boyinsha qosimsha kvalifikatsiya qiliw talap etilmeydi”. JK97-statyasi 2-bo’limi “L” ba’ndindejuwapkershilik na’zerde tutilg’an qilmisti sadir etkenlik ushin juwapker dep tabiwda jinayat sadir etilgen orin (ma’selen, ja’miyetlik

orin)nin’ ahmiyeti joq. Jinayatti kvalifikatsiya qiliwda biyzariliq o’ltiriwge qast qiliwdi keltirip shiqarg’an tiykarg’I ha’m o’z aldina sebep bolg’anlig’in aniqlaw za’ru’r. Qilmisti O’zbekstan Respublikasi JK 97-statyasi 2-bo’limi “L” ba’ndi menen kvalifikatsiya qiliwdin’ za’ru’r sharti adamnin’ biyzariliq aqibetinde o’ltirgenligi esaplanadi[34]. Biyzariliq aqibetinde adam o’ltirgen ayipker basqa shaxsti o’ltiriwden sondayaq ja’ma’a’t ta’rtibin adam o’liwi mu’mkin bolg’an ta’rzde qopal ra’wishte buziw ha’m ja’miyetke qarata hu’rmetsizlik qiliwdan ra’ha’tlenedi. Shaxstin’ qasttan ja’njel payitinda, suwiq mu’nasibetler sebepli, mushlasiw waqtinda o’ltirgenligi ha’m, ha’tteki bunda ja’iyet ta’rtibi buzilg’an bolsa da, biyzariliq aqibetindegi adam o’ltiriw dep esaplaniwi mu’mkin emes.

Biyzariliq aqibetinde adam o’ltirgeinde basqa motivler : qizg’anish, o’sh aliw, jek ko’riw, siyaqli ham boliwi mu’mkin. Bunday hallarda mine usi motivlerdi pariqlaw ha’m olardi qaysi biri jinayatti sadir etiwde u’stinlik qilg’anlig’in, qaysi motiv joqari bolg’anlig’in aniqlaw ahmiyetli. Joqaridag’ig’a tiykarlanip ayipkerdin’ qaysi ba’nd penen juwapkershilikke tartiliwi ma’selesi sheshiledi. “Biyzariliq aqibetinde qasttan adam o’ltiriw jinayati o’z ara ja’njel ya’ki urisiw aqibetinde sadir etilgen jinayattan (JK 97-statyasi 1-bo’limi)pariqlaw ushin uris- ja’njeldi kim baslag’anlig’in, niza adam o’ltiriwge sebep sipatinda paydalaniw maqsetinde ayipker ta’repinen atayinlap(spetsalno) sholkemlestirilgen-sho’lkemlestirilmegenin aniqlaw lazim. Eger uris-ja’njel ja’birleniwshi ta’repinen baslang’an bolsa ya’ki nizag’a onin’ nizamsiz minez-hulqi sebep bolg’an bolsa, ayipker biyzariliq aqibetinde adam o’ltiriw jinayati ushin juwapker bolmaydi”.

Biyzariliqti qizg’anishha’m o’sh aliwdan pariqlaw ushin bul motivlerdin’ tabiyati ha’r tu’rli ekenligin inabatqa aliniw lazim. Sebebi, eger biyzariliq niyeti ja’ma’a’t ta’rtibine qarsi qaratilg’an ha’m ayipkerdin’ ja’birleniwshini mensinbesliginde ko’rinse, qizg’aniw ha’m o’sh aliw motivleri ayiplaniwshi ha’m ja’birleniwshi ortasinda jinayat sadir etiwden aldin’g’I jeke qatnasiqlar esaplanadi. Eger biyzariliq aqibetinde adamo’ltiriw barisinda ayipker ja’ma’a’t ta’rtibin

[34] Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг 2004 йил 24-сентябрдаги «Қасддан одам ўлдиришга оид ишлар буйича суд амалиёти тўғрисида»ги 13-сонли қарори.//Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленуми қарорлари тўплами. 1991-2006 йил, 2-жилд. –Т.:Qqituvchi, 2007. 192-б.

buzg'an bolsa, onin' qilmislari jinayatlardin' ja'mi boyinsha O'bekstan Respublikasi JK 97-stataysi 2-bo'limi "L" ba'ndi menen kvalifikatsiya qiliw talap etilmeydi. Eger ja'ma'a't ta'tibin qopal rawishte buziw ha'm ja'miyetke qarata ashiqtan ashiq hu'rmetsizlik bildiriw, sondayaq, o'zgenin' mal-mu'lkin joq qiliw ya'ki og'an ziyan jetkiziw menen baylanisli ha'reketler ayipker ta'repinen biyzariliq aqibetinde adam o'ltiriw jinayatinan son' qasttan sadir etilgen bolsa, qilmis JK 97-statyasi 2-bolimi "L" ba'ndi ha'mde Jinayat kodeksi 277-statyasinin' tiyisli bo'limleri menen kvalifikatsiya qiliniwi kerek. Usi jinayat qurami to'mendegi jag'daylarda bar boladi: "ja'miyetke ha'm uliwma ta'n aling'an adep-ikramliq qag'iydalarina ashiqtan-ashiq hu'rmetsizlikte(ma'selen, hesh bir sebepsiz ya'ki arzimag'an sebepli0 sadir etilgen bolsa".

Tiykarinan bul jinayat ja'ma'a'mat orninda sadir etiledi, lekin bul kvalifikatsiya qiliwdin' tiykarg'I sha'rti esaplanbaydi. Jinayat adamlar joq jerde de sadir etiliwi mu'mkin (kvartira, ken' dalada , tog'ayda ha'm basqalar).

Usi jinayat tuwra qast penen ha'm, qiya qast penen ha'm sadir etiliwi mu'mkin (ma'selen, adamlar ko'p jerde ta'rtipsiz oq atiw na'tiyjesinde qasttan adam o'ltiriw). Jinayattin' motivin ornatiw ahmiyetke iye. Jinayatti tuwri kvalifikatsiya qiliw ushin adam o'ltiriwge qasttin' ju'zege keliwine biyzariliq motive tuwridan-tuwri sebep bolg'anlig'in orornatiw kerek.

Biyazariliq aqibetinde qasttan adam o'ltiriw jinayatin sadir etiwde, jibnayatshi basqa shaxsti o'mirinen ayirg'anininan ya'ki jinayat kelip shig'iwina sebepbolg'an biyzariliq ha'reketlerinen ra'hatlenedi.

Diniy aqidaparasliq negizinde qasttan adam o'ltiriw O'z R JK 97-statya 2-bo'limi "m" ba'ndi. Ol ya'ki bul din yamasa diniy ta'liymatqa iseniwshi shaxslardi a'ne usi isenimi ushin olardi jek ko'riw, g'azepleniw motive menen o'ltiriw O'zR JK 97-statyasi 2-bo'limi nin' 'm" ba'ndi mene kvalifikatsiyalaniwi kerek.

Diniy aqidaparastliq negizinde qasttan adam o'ltiriw degende, diniy fanatizmge tiykarlang'an, diniy ideyalarg'a ko'z-ko'reki, ha'dden tis berilip ketiw, turmista olardi buljitpay orinlawg'a umtiliw, g'ayridinler ha'm basqasha

pikirlewshilerge reyimsizlik tu’siniledi. Diniy aqidaparastizliq negizinde qasttan adam o’ltiriw degende, obiektiv ta’repten shaxsti basqa dinge tiyisliligi boyinsha o’ltiriw ha’m tu’siniledi. “Diniy aqidaparastliq negizinde , ja’birleniwshinin’ diniy isenim menen baylanisli halda, ko’pinshe, belgili bir konfessiyanin’ qatir-qimbatin kemsitiw , diniy qarama-qarsiliq keltirip shig’ariw maqsetinde sadiretilgen qasttan adam o’ltiriw jinayatin JK 97-statyasi2-bo’limi  “m” ba’ndi menen kvalifikatsiya qiliw lazim”.Qasttan adam o’ltiriwdin’ bul tu’rinde shaxs o’zinin’ sadir etken jinayatina fanatizm, ol yaki basqa bir din da’stu’rlerin a’melge asiriw ma’niside jandasadi. ko’pshilik jag’daylarda”sonday boliwi kerek” tu’siniginde basqa shaxstin’ o’mirine topilis qiladi.

Diniy aqidaparastliq  degende, diniy fanatizmg’a tiykarlang’an ideyalarg’a iseniw, olarg’a ku’delik turmista ag’izbay-tamizbay a’mel qiliw ha’m basqa dinge iseniwshiler ha’m basqasha pikirlewshilerge qarata bir pikirge kele almawshiliqta(murosasizlikda) ayan bolatug’in erk –iqrarlarin tusiniw kerek.

Diniy aqidaparastliq negizinde adam o’ltiriw tuwra qasttan, ayirim hallarda qiya qast penen ha’m sadir etiledi(ma’selen,diniy imaratqa ot qoyiw menen ondag’i adamdi o’ltiriwde ja’birleniwshinin’ o’limine biyparwaliq penen qaraydi).

Adam  mu’shelerin kesip alip, adamg’a ko’shiriw  (transplantat) yaki o’liktin’ bo’leklerinen paydalaniw maqsetinde qasttan adam o’ltiriw. (O’zR JK-97-statyasi 2-bo’limi nin’ “n” ba’ndi).  O’zbekstan respublikasinin’ aldin’g’I jinayat nizaminda adam o’ltiriwdin’ bul tu’rin na’zerde tutpag’an. Jinayat nizaminda adam o’ltiriwdin’ bul tu’rin kiritiwza’ru’rligi meditsina tarawinda pu’tkil dunya boyinsha transplantologiya pa’n sipatinda rawajlaniwi menen baylanisli. Transplantologiya pa’ninin’ rawajlaniwi na’tiyjesinde adam mu’shelerinin’ donorlig’I rawajlanadi, bul o’z na’wbetinde adam mu’shelerin ajiratip aliw maqsetinde adam o’ltiriw jinayatin keltirip shig’aradi, adam organlari sawdasi ku’sheyedi.

Adam o’ltiriw adamnin’ mu’shelerin nawqasqa ko’shirip o’tkeriw, ilimiy yamasa basqa maqsetler ushin ajiratip aliw maqsetinde islengen bolsa, ayipker

O'zR JK 97-statyasinin' 2-bo'limi "n" ba'ndi menen juwapkershilikkke tartiladi[35]. Shaxs tiri waqtinda onin' razilig'in almastan turip ya'ki o'lgenen keyin onin' jaqin tuwisqanlarinin' razilig'isiz o'liktin' mu'shelerin ya'ki dene bo'leklerin ajiratip aliw O'zR JK 133-statyasi menen kvalifikatsiyalanadi. Xaqi to'legen ushin (jallanba qatilliq) adam mu'shelerin kesip aliw, basqa adamg'a ko'shiriw (transplantat) yamasa o'liktin' bo'leklerinen paydalaniw maqsetinde adam o'ltirgende ayipkerdin' qilmisin O'z RJK- 97statyasi 2-bo'liminin' "n"ha'm "i" ba'ndleri menen kvalifikatsiyalaw za'ru'r. Ja'birleniwshinin' ag'zalarinan kesip alip transplantat sipatinda ya'ki o'liktin' bo'leklerinen paydalaniw (ma'selen, ja'birleniwshini meditsinaliq operatsiya niqabi astinda aldaw, narkozdan paydalang'an halda ku'sh isletiw h.b)na'tiyjesinde ja'birleniwshinin' o'limi ju'z bergenligi jinayatti Jk 97-statyasi 2-bo'limi nin' "n" ba'ndi menen kvalifikatsiyalawda ahmiyetke iye emes.

"Qasttan adam o'ltiriw jinayatiJK 97-statyasi 2-bo'liminin' "n" ba'ndi menen menen kvalifikatsiya qiliw ushin transplantat aliw ya'ki o'likten aling'an bo'lim(bo'lek)lerden paydalaniwg'a qarata tuwra qast barlig'in aniqlaw za'ru'r. Bunda ayipker adam o'ltiriwden ko'zlegen maqsetke erisken boliwi sha'rt emes".

Jinayattin' motivi ha'r tu'rli boliwi mu'mkin, ma'selen, donorliq organi kerek bolg'an jaqin insaninin' o'mirin qutqarip qaliwg'a ha'reket qiliw, bayliq arttiriwg'a bolg'an ha'reket. O'z aldina belgilerin ko'rsetiwshi motivler jinayatti yuridik bahalawda o'z ko'rinisin tabiwi kerek. Subietiv ta'repten ahmiyetli belgisi jinayat sadir etiwdin' maqseti esaplanadi. Maqset tek transplantat qiliw emes, ba'lki dene ag'zalarin ken' ma'nide qollaniwda ko'rinedi. Ma'selen, ilimiy maqsette, kannibalizmde h.b. Jinayattin' subiekti barliq shaxslar boliwi mu'mkin Uliwma alg'anda, adam ag'zalarin kesip aliw, basqa adamg'a ko'shiriw (transplantat)ya'ki o'liktin' bo'leklerinen paydalaniw maqsetinde qasttan adam o'ltiriw jinayatin meditsina iskeri(hodim) qatnasiwisiz sadir etiwge bolmaydi.

---

[35] Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг 2004 йил 24-сентябрдаги «Қасддан одам ўлдиришга оид ишлар буйича суд амалиёти тўғрисида»ги 13-сонли қарори.//Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленуми қарорлари тўплами. 1991-2006 йил, 2-жилд. –Т.:Qqituvchi, 2007. 192-б.

O’lgen adamnin’ tiri waqtinda onin’ razilig’isiz dene ag’zalarin aliw ya’ki transplantat qiliw JK -133-statyasi menen juwapkershilikti keltirip shig’aradi.

Basqa bir jinayatti jasiriw ya’ki onin’ isleniwin an’satlastiriw maqsetinde qasttan adam o’ltiriw (O’zR JK 97-statyasi 2-bo’liminin’ “o” ba’ndi). Adam o’ltiriwdin’ bul tu’rin kvalifikatsiyalawda ol tek g’ana tuwra qastliq penen isleniwin atap o’tiw kerek[36]. Ko’pshilik jag’daylarda, adam o’ltiriwdin’ bul tu’ri mal-mu’lkti iyelep aliwdi jen’illestiriw, islengen jinayatti jasiriw; guwlardi joq etiw, burin islengen jinayat ushin juwapkershilikten qutiliw maqsetinde islenedi. Basqa bir jinayatti ya’ki onin’ isleniwin an’satlastiriw maqsetindegi adam o’ltiriw jinayatlardin’ ja’mi boyinsha, yag’niy O’zR JK 97-statyasi 2-bo’liminin’ “o” ba’ndiha’m jinayat ushin juwapkershilikti na’zerde tutiwshi tiyisli basqa statyasi menen kvalifikatsiyalaniwikerek. Ma’selen, basqinshiliq jinayatin islewdi an’satlastiriw ya’kin jasiriw maqsetinde islengen qasttan adam o’ltiriw JK 97-statyasi 2-bo’liminin’ “o” ba’ndi ha’m JK 164-statyasi menen kvalifikatsiyalaniwi lazim”.

Eger ja’birleniwshi ta’repinen xabar berilgen bolsa ha’m ayipker jinayatti islep atirg’an waqitta bunnan xabardar bolsa, onin’ qilmisi-o’z xizmetin ya’ki puqaraliq minnetin orinlaw mu’nasibeti menen shaxsti o’ltiriw O’zR JK 97-statyasi 2-bo’liminin’ “g” ba’ndi kvalifikatsiyalanadi.Bunday jag’daylarda ayipker jan’adan islengen jinayatti jasiriwg’a urinbaydi, sebebi ol jinayat huqiq qorg’aw uyimlarina ma’lim bolip qalg’anlig’in biledi. Bunday jag’daylarda, ayipker o’z puqaraliq minnetin orinlag’ani ushin o’sh aliw, maqsetinde ja’birleniwshini o’ltiredi. O’zR JK 97-statyasi 2-bo’liminin’ “o” ba’ndinde na’zerde tutilg’an adam o’ltiriwdi tamam bolg’an jinayat dep tabiw ushin ayipker adam o’ltiriw na’tiyjesinde basqa bir jinayatti jasirg’anlig’I ya’ki onin’ isleniwin an’satlastirg’anlig’I talap etilmeydi, usi maqsette adam o’ltirgenliginin’ aniqlang’anlig’I jetkilikli boladi. Ayipker qanday dabir jinayattin’ isleniwin an’satlastiriw maqsetinde basqa jinayatti islewge u’germegen jag’daylarda, ol

[36] Андреева Л.А. Квалификация убийств, совершенных при отягчающих обстоятельствах. –СПб.: 1998. -55 с.

O’zRJK 97-statyasi2-bo’liminin’ “o” ba’ndi ha’m basqa jinayatti islewge tayarliq ko’rgeni ushin juwapkershilikke tartiladi.

Bir topar shaxslar ya’ki sho’lkemlesken topar ag’zasi ta’repinen yamasa usi topar ma’plerin go’zlegen halda qasttan adam o’ltiriw (O’zR JK 97-statyasi2-bo’liminin’ “p” ba’ndi). Adam o’ltiriw eki ya’ki onnan da artiq shaxslar ta’repinen islengende ayipkerlerdin’ qilmisi O’zR JK 97-statyasi 2-bo’liminin’ “p” ba’ndi menen kvalifikatsiyalaniwi za’ru’r[37]. Adam o’ltiriw haqqinda jinayat qatnasiwshilarinin’ aldin-ala kelisiwi jinayatti usi statyag’a muwapiq kvalifikatsiyalaw ushin ahmiyetke iye emes. Adam o’ltiriwdi O’zR JK 97-statyasi 2-bo’liminin’ “p” ba’ndi menen duris kvalifikatsiyalaw ushin jinayattin’ barliq qatnasiwshilari ja’birleniwshini o’ltiriwge umtilg’anlig’in aniqlaw za’ru’r. Adam o’ltiriw ushin birden-bir qastliq penen birgelikte ha’reket etken ha’m ja’birleniwshini o’ltiriw protsesinde tikkeley qatnasqan shaxslardi jinayattin’ orinlawshilari dep ta’n aliw kerek boladi. Eger bir topar shaxslar ta’repinen ja’birleniwshinin’ densawlig’ina ziyan jetkizilse, topar ag’zalarinin’ biri, qalg’an qatnasiwshilarinin’ oyina kelmegen hald, oni qatti urip o’ltirgen bolsa, onin’ bul ha’reketi O’zbekstan Respublikasi JK 97-statyasi 2-bo’limi “p”ba’ndi menen kvalifikatsiya qilinbaydi. Bunday jag’daylarda ayipkerdin’ qilmisin sadir etilgen jinayatinin’ motivin itibarg’a alg’an halda, adam o’ltiriw dep, jinayattin’ qalg’an qatnasiwshilarin qilmisin bolsa, bir toparshaxslar ta’repinen ja’birleniwshinin’ densawlig’ina ziyan jetkiziw dep kvalifikatsiya qiliw lazim.

Eki ya’ki onnan artiq shaxstin’ birgelikte jinayiy ha’reket alip bariw ushin aldinnan bir toparg’a birlesiwi sho’lkemlesken topar dep tabiladi.

Jinayat kodeksi 97-statyasi 2-bo’liminin’ “p” ba’ndi dispozitsiyasinda ko’rsetilgen sho’lkemlesken topar degende, onin’ turaqlilig’in, onda sho’lkemlestiriwshinin’ bar ekenligin, a’dette, bir neshe jinayatti islew maqsetinde du’zilgenligin, jinayatti a’melge asiriw rejesi ha’m jol-jobasi islengenligin , ha’r bir qatnasiwshig’a waziypalar bo’lip berilgenligin, texnika menen

[37] Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг 2004 йил 24-сентябрдаги «Қасддан одам ўлдиришга оид ишлар буйича суд амалиёти тўғрисида»ги 13-сонли қарори.//Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленуми қарорлари тўплами. 1991-2006 йил, 2-жилд. –Т.:Qqituvchi, 2007. 192-б.

ta'miynlengenligin , jinayatti jasiriw sharalari ko'rilgenligin, uliwma ta'rtip intizam ha'm jinayiy topar sho'lkemlestiriwshinin' ko'rsetpelerine bag'iniwdiha'm basqalarditu'siniw lazim. Adam o'ltiriw sho'lkemlesken topar ag'zasi ta'repinen ya'ki topar ma'plerin go'zlepislengen tag'dirde ayipkerdin' qilmisiO'zR JK 97-statyasi 2-bo'limi "p" ba'ndi menen kvalifikatsiyalaniwi za'ru'r.

Adam o'ltiriwdi sho'lkemlesken topar ma'plerin go'zlegen halda islengen dep tabiw ushin islengen jinayatna'tiyjesinde sho'lkemlesken topar ag'zalari qanday da bir ma'p ko'rgen boliwlari lazim, tikkeley adam o'ltirgen shaxs sho'lkemleskentopar ag'zasi bolmawida mu'mkin. Bunday jag'dayda jinayatshilarda sho'lkemlesken topardin' ma'plerin go'zlep ja'birleniwshini o'ltiriw niyeti bolg'anlig'in aniqlaw ahmiyetli. Adam o'ltiriwdin' bul tu'rin islew motivleri da'megoylik, ja'birleniwshiden o'z xizmet ya'ki puqaraliq minnetin orinlawimu'nasibeti menen o'sh aliw, basqa adamlardin' o'miri ushin qa'wipli usilda adam o'ltiriw ha'm basqalar boliwi mu'mkin. Bunday jag'daylarda tiykarg'I motiv-sho'lkemlesken topar ma'plerin gozlegen halda adam o'ltirgenligin aniqlaw a'hmiyetli. Adam o'ltiriwdi kvalifikatsiyalawdabarliq jazani awirlastiriwshi jag'daylardi ko'rsetiw ha'm jaza tayinlawda olardi esapqa aliw za'ru'r.

Ta'kirariy ya'ki qa'wipli retsidivist ta'repinen islengen qasttan adam o'ltiriw (O'zR JK 97-statyasi 2-bo'liminin' "r'ba'ndi). Ayipker ekinshi ma'rte adam o'ltirgen ha'm burin da adam o'ltirgeni ushin sudlanbag'an bolsa, jinayat ta'kirariy islengen dep tabiladi. Eger adam o'ltiriwde ayipker bolg'an shaxs jinayatti islegeni ushin burin sudlang'an bolsa, adam o'ltiriw qa'wipli retsidivist ta'repinen islengen dep kvalifikatsiyalanadi.

Ayipker burin tamam bolmag'an adam o'ltiriwdiislegenbe yaki og'an umtig'an ba, ol usi jinayattin' orinlawshisi ya'ki qatnasiwshisi bolg'anba, bug'an qaramastan, adam o'ltiriw ta'kirariy ya'ki qa'wipli redsidivist ta'repinen islengenligi belgilerine qaray kvalifikatsiyalaniwi lazim. Adam o'ltiriwden burin terrorizm,O'zbekstan Respublikasi o'mirine qastiyanliq qiliw ha'm sog'an usag'an jinayatlarislegen bolsa , qilmis ta'kirariy adam o'ltiriw dep tabiliwi kerek. Eger shaxs burin islegen adam o'ltirgeni ushin juwapkershilikten ya'ki jazadan azat

etilgen yamasa usi jinayatlar ushin sudlang'anliq mu'ddeti o'tken ya'ki nizamda belgilengen ta'rtipte alip taslang'an, sondayaq, jinayiy juwapkershilikke tartiw mu'ddetleri o'tken bolsa, adam o'lktiriw takirariy islengen ya'ki qa'wipli redsidivist ta'repinen islengen dep tabiliwi mu'mkin emes. To'mendegi jag'daylarda adam o'ltiriw ta'kiraran ha'm qa'wipli retsidivist ta'repinen sadir etilgen deptabiliwi mu'mkin emes: eger adam o'ltiriw abaysizliq arqasinda (JK 102-statyasi) sondayaq za'ru'rli qorg'aniw shegarasinan shetke shig'ip (JK 100-statyasi)sondayaq ku'shliruwxiy ha'wliriw jag'dayinda(JK 98-statyasi) sadir etilgen bolsa ya'ki ananin' o'z na'restesin tuwiw waqtinda qasttan o'ltiriw (JK 99-statya) ya'ki ja'miyetlik qa'wipli qilmis sadir etken shaxsti uslawdin' za'ru'r sharalari shegarasinan shetke shig'ip (JK 101-statyasi) qasttan adam o'ltiriw sadir etilgen bolsa. Takiraran adam o'ltiriwdi eki ya'ki onnan artiq shaxsti qasttan o'ltiriwden pariqlaw lazim boladi(O'zbekstan Respublikasi JK 97-statyasi 2-bo'limi "a"ba'ndi).Jinayatti kvalifikatsiya qiliwda eki ya'ki onnan artiq shaxsti qasttan o'ltiriw ushin ayipkerdin' jinayiy niyeti uliwma ekenligi ha'm ol,adette, bir waqitta a'melge asirilg'anlig'ina itibar beriw kerek.

Og'ada qa'wipli retsidivist ta'repinen qasttan adam o'ltiriw (O'zR JK 97-statyasi 2-bo'liminin' "s"ba'ndi). Og'ada qa'wipli retsidivist tu'sinigi O'zR JK 34-statyasi3-bo'liminde bayan etilgen.Adamo'ltiriw islengenge shekem nizamli ku'shke kirgen hu'kimge muwpiq nizamda belgilengen ta'rtipte og'ada qa'wipli retsidivist dep tabilg'an shaxslarg'a JK 97-statyasi 2-bo'limi "s"ba'ndi boyinsha jinayiy juwapkershilikke tartiliwi mu'mkin.[38] Og'ada qa'wipli retsidivist ta'repinen adam o'ltiriwdin' sadir etilgenligi, eger basqa qatnasiwshilar adam o'ltiriw sadir etilgenge deyin nizamda belgilengen ta'rtipte og'ada qa'wipli retsidivist dep tabilmag'an bolsa, adam o'ltiriwdin' basqa qatnasiwshilari O'zbekstan Respublikasi JK 97-statyasi 2-bo'limi "s"ba'ndi menen juwapker bolmaydi. Eger ayipker ta'repinen JK 98-101-statyalarinda na'zerde tutilg'an qasttan adam o'ltiriw sadir etilgen bolsa, onin' qilmisi JK 97-statyasi 2-bo'limi "s"

[38] Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг 2004 йил 24-сентябрдаги «Қасддан одам ўлдиришга оид ишлар буйича суд амалиёти тўғрисида»ги 13-сонли қарори.//Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленуми қарорлари тўплами. 1991-2006 йил, 2-жилд. –Т.:Qqituvchi, 2007. 192-б.

bandi menen og'ada qa'wipli retsidivist ta'repinen sadir etilgen dep kvalifikatsiya qiliniwi mu'mkin emes[39].

## 2.2. Ku'shli ruwxiy ha'wliriw jag'dayinda qasttan adam o'ltiriw(JK 98-statyasi).

Ku'shli ruwxiy ha'wliriw jag'dayinda qasttan adam o'ltiriw- fiziologik affekt(ku'shli ruwxiy ha'wliriw, qizbalaniw)halatinda adam o'ltiriw bolip tabiladi. Obiektiv ta'repten jinayat ja'birleniwshi ta'repinen islengen nizamg'a qilap bolg'an zorliq ya'ki awir aqiretlew, basqa da nizamg'a qilap ha'reket sebepli tosattan ju'z bergen ku'shli ruwxiy ha'wliriw jag'dayinda qasttan adam o'ltiriwden ibarat. Usi statya sonday qilip du'zilgen, ol to'mendegi eki :

1) ayipkerdin' o'z aldina ruwxiy fizikaliq jag'dayi;
2) adam o'ltiriw ja'birleniwshinin' ayibi menen sadir etiliwin esapqa aladi[40].

Ayipkerdi O'zbekstan RespublikasiJK 98-statyasi boyinsha juwapkerlikke tartiw ushin to'mendegi u'sh jag'day:

1) daw-ja'njel deregi –ja'birleniwshinin' nizamg'a qilap zorlig'I ya'ki awir aqiretlewi yamasa basqa da nizamg'a qilap ha'reketleri;
2) daw-ja'njel deregi na'tiyjesinde ayipkerde ku'shli ruwxiy ha'wliriw (fiziologiyaliq affekt) jag'dayinin' ju'zege kelgenligi;
3) subiekttin' usinday halatta tosattan ja'birleniwshini o'ltirip qoyg'anlig'in aniqlaw za'ru'r.

Affekt dep, og'da ku'shli, tez payda bolatug'in ha'm ku'shli, qisqa waqit ishinde dawam etetug'in ruwxiy halatta aytiladi. Adamnin' affect halatinda sadir etetug'in qilmisi "partlaw" siyaqli o'tedi.

Affekt adamnin' ruwxiy halati siyaqli ha'r tu'rli. Ashiw, g'azepleniw, qorqiw, ta'shwish, ko0'terin'kilik ham basqa affektleri bar. Ol yaki bul tu'rinin' bar boliwi oni sog'an jeteklegen jag'dayg'a baylanisli.

---

[39] Андреева Л.А. Квалификация убийств, совершенных при отягчающих обстоятельствах. –СПб.: 1998. -55 с.

[40] Попов А.Н. Преступления против личности при смягчающих обстоятельствах. –СПб. СПб.: Юридический центр Пресс, 2001. – 465с.

Fiziologik affect –qisqa mu’ddetli, biraq ku’shli sezimli ha’wliriw, ashiqtan-ashiq, qisqa mu’ddetke birdenko’terilip ketiw ha’m sonin’ menen bir waqitta – ju’da ku’shli, tezbolatug’in halat, qatti g’azepleniwge aylanip ketetug’in ashiw, albirawg’a aylanip ketetug’in qorqiw,sharasizliq da’rejesindegi qayg’I bolip,bunin’ na’tiyjesinde ayipker o’z ha’reketlerin qadag’alaw imka’niyatin ha’m olardi basqariw qa’biletin waqitsha jog’altadi.Adam fiziologiyaliq affect halatinda o’z ha’reketleri ushin juwap bere aladi, ne islep atirg’anin tu’sinedi, biraq o’z ha’reketlerin basqariw qa’bileti ma’lim da’rejede bosasip,o’zin toliq basqara almaydi. Shaxs a’ne usi qa’biletin toliq jog’altqan jag’dayda, ol patolgiyaliq affect halatinda boladi, bul shaxsti aqili zayip dep tabiw ushin sharayat payda boladi. Affekt tosattan ju’z beriwi – ja’birleniwshinin’ nizamg’a qilap zorlig’I ya’ki awir aqietlewi yamasa basqa ha’reketlergejuwap retindeshaxs ruwxiy tinish halatinin’ ku’shli sezimli ha’wliriwge, qatti ko’terilip ketiwge o’tiwi fiziologiyaliq o’zgeshelik bolip tabiladi. Affektin’ tosattan ju’z beriwi belgisin tar ma’nide tu’sinbew kerek. Ko’pshilik jag’daylarda ayipker ku’shli ruwxiy ha’wliriw jag’dayinda oni da’rhal ju’zege shig’aradi, yag’niy ja’birleniwshinin’ o’limine sebep bolg’an qandayda bir ha’reketti isleydi. Fiziologiyaliq affekttin’ payda boliwi ha’m onin’ ju’zege shig’iwi arasindag’I waqit boyinsha u’zilis bolmawi lazim. Biraq, sonin’ menen birge, eger ja’birleniwshini o’ltiriw qilmis islengen waqittan baslap bir qansha waqit o’tkennen keyin islense, lekin bul halat ja’birleniwshinin’ sol qilmisi sebepli ju’zege kelgen bolsa, bunday o’ltiriwdi ku’shli ruwxiy ha’wliriw jag’dayinda islengen qasttan adam o’ltiriw dep esaplaw kerek boladi. Ma’selen, ayipker hayaldin’ namisina tiyedi ha’m jasirinadi, hayal buni ku’yewine aytip beredi, ku’yewi jinayat islengen oring’a baradi, biraq jinayatshini taba almaydi. Belgili bir waqit o’tip , hayal tosattan sol zorliq islegen adamdi ushiratip qaladi ha’m bul haqqinda ku’yewine aytadi, ku’yewinde ku’shli ruwxiy ha’wliriw payda boladi ha’m zorlaniwshini o’ltirip qoyadi. Affektin’ psixologlarha’m psixiyatrlar aniqlawi mu’mkin bolg’an o’zine ta’n belgileri bar. Usi mu’na’sibet penen psixologiyaliq-psixiyatriyaliq ekspertiza o’tkeriliwi sha’rt. Ekspertlerdin’ juwmag’I sud ta’repinen is boyinsha basqa da’liller menen bir

qatarda baxalanadi. Ayipkerdin' ha'reketlerin JK 98-statyasi menen kvalifikatsiyalaw ushin ku'shli ruwxiy ha'wliriw jag'dayi to'mendegiler na'tiyjesinde ju'z Bergen boliwi kerek:

1) ja'birleniwshi ta'repinen islengen nizamg'a qilap zorliq ya'ki awir aqiretlew;
2) yamasa ja'birleniwshinin' basqa nizamg'a qilap ha'reketleri sebepli.

Zorliq fizikaliq ya'ki ruwxiy boliwi mu'mkin.

Fizikaliq zorliq- ja'birleniwshige ha'r qanday da'rejede ta'n jaraqatlarin saliw, uriw , fizikaliq ku'sh isletiw, ja'birleniwshinin' tuwisqanlarin, jaqinlarin o'ltiriw, namisina tiyiw ha'm basqalar boliwi mu'mkin.

Ruwxiy zorliq- Ja'birleniwshini fizikaliq ku'sh isletiw, mal-mulkin nabit etiw ya'ki ziyan keltiriw ha'm ja'birleniwshini sir saqlawin qa'legen mag'liwmatlardi a'shkara etiw ha'm basqalar menen qorqitiw bolip tabiladi[41].

Fiziologiyaliq affect halatin ju'zege keltirgen zorliq nizamg'a qilap boliwi lazim. Ayipkerdin' ha'reketlerin O'zR JK -98-statyasi boyinsha kvalifikatsiyalawda bul jinayatti O'zR Jk 100-statyasi (za'rurli qorg'aniw shegarasinan shetke shig'ip , qasttan adam o'ltiriw )nan pariqlaw lazim. Soni da na'zerde tutiw kerek, ku'shli ruwxiy ha'wliriw jag'dayinda ayipkerde za'ru'rli qorg'aniw halati ju'zege kelmegen boliwi lazim. Eger ayipker onin' ma'plerine haqiyqattan da qa'wipsalg'an bolsa, onin' ha'reketlerinde O'zR JK-100-statyasinda ko'zde tutilg'an jinayat belgileri boladi, qa'wip bolmasa, qilmisi O'zR JK 98-statyasi Mennen kvalifikatsiyalanadi.Nizamda na'zerde tutilg'an tiykarlar bar bolg'anda ha'm nizamda belgilengen ta'rtipte ha'kimyat ya'ki ja'miyetshilik wa'kili ta'repinen zorliq isletiliwine juwap retinde o'ltiriw islense, bunday qilmis O'zR JK 98-statyasi menen kvalifikatsiyalanbaydi, al aniq belgiler bar bolg'anda JK 97-statyasi boyinsha juwapkershilikti keltirip shig'aradi. Awir aqiretlew degende, analizlenip atirg'an statyanin' mazmunina ko're, fiziologiyaliq affect halatin ju'zege keltiriwi mu'mkin bolg'an gap-so'zler ya'ki ha'reketler (shaxstin' qadir-qimbatin, ar-namisin, milliy tuyg'uwlarin qopal ra'wishte masqaralaw ha'm

[41] Попов А.Н. Преступления против личности при смягчающих обстоятельствах. –СПб. СПб.: Юридический центр Пресс, 2001. – 465с.

basqalar) tu’siniledi. Biraq ha’r qanday qapa etetug’in so’zler, ha’diyseler awir aqiretlew dep tabiliwi mu’mkin emes. Ma’selen, ishqiy baylanislarin toqtatiw, a’lbette, ashinarli hal, biraq bul aqiretlew emes; turmisqa shig’iwdan bas tartiw (dos bolip qalamiz dew); soni na’zerde tutiw kerek, tek g’ana sud ha’r bir ayriqsha jag’dayda is jag’daylarin esapqa alip, qanday aqiret awir ekenligi ma’selesin sheshiwi mu’mkin. Aqirettin’ subiektiv awirlig’I ko’p jag’daylarda jeke belgilerinen, onin’ jag’dayi dinamikasinan aniqlanadi. Sud a’meliyatinda ko’binshe erli-zayiptin’ bir-birine qiyaneti aqibetinde adam o’ltiriw jag’daylari ushiraydi. Bunday jag’daylarda juwapkershilik ma’selesin qanday sheshiw kerek? Erli-zayip o’z aldina jasawg’a, o’z kvartiralarina iye boliwg’a haqli, ha’m olardin’ ishqiy o’miri, yag’niy olardin’ jinisiy erkinligi hesh qayerde qadag’an etilmegen. Basqa shaxs penen ishqiy baylanisqa kirisiw nizamg’a qarsi emes, jazag’a tartilmaydi(aldin’g’I jinayat nizamshilig’inda erli-zayiptin’ bir-birine qiyanet qilg’anlig’I ushin juwapkershilikti na’zerde tutatug’in statya bolg’an). Sol mu’na’sibet penen, erli-zayip opadarlig’inin’ buziliw ha’diysesi awir awir aqiret dep tabiliwi mu’mkin emes. Biraq kuyewi ya’ki hayalinin’ ko’z aldinda erli zayip opadarlig’inin’ buziliw hallarin fiziologiyaliq affect halatin ju’zege keltire alatug’in awir masqaralaw dep tabiw za’ru’r.

Basqa nizamsiz ha’reketler degende, ja’birleniwshinin’ sonday ha’reketleri tu’siniledi, olardi ya zorliq dep, ya aqiret dep tabiw mu’mkin emes ha’m sonin’ menen birge ayipker ya’ki onin’ jaqinlarinin’ huqiqlari ha’m nizamli ma’pleri qopal ta’rizde buziliwi(ma’selen, jala jawiw, o’z basimshaliq ya’ki o’z basimshaliqqa alip bariw, mal-mu’lkti joq qiliw ha’m basqalar) mu’mkin.

Fiziologik affect jag’dayi nizamsiz zorliq ya’ki awir aqiretten tisqari, sondayaq, ja’birleniwshinin’ basqa nizamsiz ha’reketleri sebepli ju’z beriwi mu’mkin. Tosaqttan ku’shli ruwxiy ha’wliriw ha’m sol mu’nasibet penen adam o’ltiriwge qasttiyanliq qiliw tek nizamsiz zorliq ya’ki awir aqiret qaratilgan shaxsta, ba’lki sol ha’diysenin’ guwasi bolg’an ha’r qanday basqa shaxsta ha’m payda boliwi mu’mkin. Bunday shaxstin’ qilmisi ha’m O’zbekstan Respublikasi JK 98-statyasi menen kvalifikatsiya qiliniwi lazim.

JK 98-statyasinin’ keltirilgen ja’birleniwshi ta’repinen ayiplaniwshig’a qolllanilg’an nizamsiz zorliq, awir aqiret yaki basqa nizamsiz ha’reketten tisqari fiziologik affect uzaq waqit dawaminda ruwxiy jag’daydan kelip shig’iwi mu’mkin. Basqasha aytqanda , JK 98-statyasinda ko’rsetilgen juwapkershilikke tartiliw ushin tek ja’birleniwshi ta’repinen bir ma’rte sadir etilgen nizamsiz ha’reket ya’ki awir aqiret ju’zesinen kelip shiqqan affect jag’dayi, ba’lki ja’birleniwshi ta’repinen bunday qilmis bir neshe ma’rtebe sadir etilgenligi sebepli kelip shiqqan affect jag’dayinda ha’m juwapkershilikke sebep boladi.

Uzaq waqit dawaminda jiynalg’an ruwxiy jag’day ayipkerde, ja’birleniwshi ta’repinen uzaq waqit dawaminda nizamg’a qarsi ha’reketti qollawdan keyin payda bolip, jiynalip , ruwxiy basimdi ju’zege keltiriedi. Sonnan keyin arzimag’an sebep ruwxiy “partlawg’a” tiykar boliwi mu’mkin.

Bul tu’rdegi jinayatti kvalifikatsiya qiliwda nizam qollawshi organ uzaq waqit dawaminda jiynalg’an ruwxiy jag’daydi esapqa almaydi. Sol sebepli JK 98-statyasinin’ dispazitsiyasina o’zgerisler kiritiwi pikirimizge tuwri boladi: “sondayaq” so’zinen keyin “uzaq waqit dawamindag’I jiynalg’an ruwxiy jag’daylar ya’ki”ibarasi menen toltiriw. Soni aytip o’tiw kerek , a’melde sonday jag’daylar boladi, uzaq waqit dawamindag’I jiynalg’an ruwxiy jag’dayda qilinip atirg’an ha’reketler basqa shaxsti, uliwma nizamg’a qarsi ha’reket qilmag’an shaxsti ku’shli ruwxiy ha’wliriw jag’dayinda o’ltiriwge sebep boliwi mu’mkin. Ma’selen D. hayali N. onnan perzen tuwmag’anlig’I ushin ha’r dayim aqiretlep, barliq qarindaslar aldinda shermendesin shig’ariw menen qorqitqan. Sonday aqiretlerdi esitip atirg’an bir payitta N. uzaq waqit dawamindag’I jiynalg’an ruwxiy jag’dayda pishaq penen o’zinin’ qizin o’ltirip qoyadi. Bunday jag’dayda N. nin’ qilmisin JK 98-statyasi menen , ku’shli ruwxiy jag’dayda sadir etilgen qilmis dep kvalifikatsiya qila almaymiz. Sebebi nizam menen belgilengen ja’birleniwshi ta’repinen sadir etilgen nizamsiz ha’reket joq: Ayipkerdin’ qilmisi JK 97-statyasinin’ uliwma tiykarlarina ko’re kvalifikatsiya qiliniwi kerek, biraq sud jaza belgilegende ayipkerdin’ fiziologik affect jag’dayin itibarg’a aliwi sha’rt. Bunday tu’rdegi islerde sebepli baylanisti ornatiw lazim. Jinayatti JK 98-statyasi

tiykarinda kvalifikatsiya qiliw ushin ayipkerdin’ qilmisi ja’birleniwshi ta’repinen qollanilg’an nizamg’a qarsi zorliq, awir aqiret ya’ki basqa nizamg’a qarsi ha’reketler aqibetinde tosattan sadir bolg’an ku’shli ruwxiy jag’dayi, yag’niy sonday ha’rekettin’ ayipker ta’repinen juwap reaktsiyasi boliwin aniqlaw lazim. Eger ayipkerdin’ qilmisi basqa ruwxiy ha’wliriw sebepli sadir etilgen bolsa (ma’selen, stress, frustratsiya ha’m basqalar.), bunday jinayat JK 98-statyasina tiykarlanip kvalifikatsiya qilinbaydi. Affekt jag’dayin o’tirikten keltiriw ha’m mu’mkin. JK 98-statyasinda belgilengen jinayatta tayarliq basqishi boliwi mu’mkin emes, biraq qastiyanliq basqishi boliwi mu’mkin.

Ku’shli ruwxiy ha’wliriw jag’dayinda adam o’ltiriw qiya qast penen sadir etiliwi mu’mkin. Bul jerde ha’r tu’rli motiv boliwi mu’mkin, a’dette ja’birleniwshinin’ nizamg’a qarsi ha’reketleri ushin qasas boladi. A’lbette bul jinayat subiektiv ta’repinin’ ayriqsha belgileri ayiplaniwshinin’ arnawli ruwxiy jag’dayi –fiziologiyaliq affekti esaplanadi. Tosattan ju’z Bergen ku’shli ruwxiy ha’wliriw jag’dayinda adam o’ltiriwde O”zbekstan Respublikasi JK 98-statyasi menen kvalifikatsiya qiliniwi kerek. Jinayatti Jkn 98-statyasi tiykarinda kvalifikatsiya qiliwda onin’ JK 100-statyasinan (Za’ru’rli qorg’aniw shegarasinan shetke shig’ib, qasttan adam o’ltiriw) pariqlaw problemasi kelip shig’iwi mu’mkin. Subiektte sonday jag’daydin’ bar boliwi jinayatti ku’shli ruwxiy ha’wliriw jag’dayinda qasttan adam o’ltiriw dep kvalifikatsiya qiliw ushin en’ ahmiyetli belgi esaplanadi. Biraq za’ru’riy qorg’aniw shegarasinan shetke shig’ip, qasttan adam o’ltiriw ku’shli ruwxiy ha’wliriw jag’dayinda kelip shiqsa, bunda eki normanin’ bir-birinen u’stinligi ko’rinedi (JK 98-ha’m 100-statyalari). Bunda jinayat JK 100-statyasina tiykarlanip kvalifikatsiya qiliniwi kerek, nege desen’ onin’ sanktsiyasi JK 98-statyasinan jen’ilrek.

### 2.3. Ananin’ jan’a tuwilg’an balasin qasttan o’ltiriw (O’zR JK 99-statyasi)

Bul jinayat tu’rinin’ obiekti na’restenin’ o’mirin saqlaw haqqindag’I ja’miyetlik qatnasiq. Sonnan kelip shig’adi, ja’birleniwshi tek g’ana na’reste

boliwi mu’mkin. A’dette, tuwiliwdin’ baslaniwi ha’m ana qarninan shig’ip o’mirge kirip keliw waqtinan 4 ha’ptege deyin nareste dep esaplanadi. Sud meditsinasi na’zerinde , na’restelik ju’daqisqa waqit; na’reste dep tuwilg’annan son’ 1 sutkag’a deyin jasag’an godek esaplanadi. Obiektiv ta’reptenjinayat ananin’ o’z na’restesin tuwiw waqtinda ya’ki da’rhal tuwilg’annan keyin qasttan o’ltiriwden ibarat.Adam o’ltiriwdin’ bul tu’ri jazani jen’illestiriwshi jag’daylarda adam o’ltiriw qatarina kiredi, sebebi jinayat tuwip atirg’an hayaldin’ tuwiw waqtindag’I ya’ki tuwg’annan keyingi ayriqsha ruwxiy fizikaliq jag’dayi na’tiyjesinde sadir etiledi. Bunday jag’day tuwiw waqtindag’I awiriwlar, azaplar sebepli payda boliwi ha’m ha’m jas bosanip atirg’an hayalda na’restege  degen jaman sezimlerdi keltirip shig’ariwi mu’mkin.Yamasa bul qa’lemegen tuwiw (namisqa tuwiw na’tiyjesinde ha’mledar boliw ya’ki uyleniwge wa’de berip aldap ketiw) boliwi mu’mkin. Na’reste denesinin’ qandayda bir mu’shesi  ana qarninan shiqqan payitinda ya’ki ol toliq tuwilip bolg’annan son’ anasi o’ltirgenligi O’zR JK 99-statyasi menen kvalifikatsiyalaniwi lazim. O’ltiriw aktif  ha’reket ( ma’selen, qatti ziyan jetkeriw, iqtiriw, buwiw ) ha’m basqa ha’reketsizlik (ma’selen, awqat bermew)menen sadir etiliwi mu’mkin. Ananin’ ruwxiy jag’dayi jen’illestiriw jag’dayi dep tek g’ana belgili bir waqitta esaplaniwi mu’mkin: tuwiw barisinda ya’ki tuwip bolg’annan keyin, yag’niy na’restenin’ mu’shesinin’ ana qarninan shig’iw  waqtinda ya’ki toliq shig’ip bolg’annan keyin. Bunday jag’dayda sud-meditsina nazariyasi esapqa alinadi. Eger ana o’z na’restesin tuwiwdan son’ belgili weaqit o’tkennen keyin, tuwiw waqtinda hayal basinan keshirgenlerin ayriqsha ruwxiy-fizikaliq jag’day o’tip ketkeninen keyin o’ltirse, onin’ qilmisi, sadir etiw motivin esapqa alg’anhalda, O’zbekstan Respublikasi JK 97-statyasi menen adam o’ltiriw dep kvalifikatsiya qilinadi. sonday qilip, bunday qilmisqa yuridik baxa beriwde waqit itibarg’a aliniwi sha’rt. Subiektiv ta’repten jinayat tuwra ya’ki qiya qast penen sadir etiliw mu’mkin. Sonday jag’daylar boladi, ananin’ abaysizlig’I sebepli jetkizilgen tu’rli jaraqatlar go’dektin’ o’limine sebep boladi. Bunday hallarda qilmis abaysizliqtan adam o’ltiriw sipatinda (JK 102-statyasi) menen kvalifikatsiya qilinadi. Bul tu’rdegi adam o’ltiriwdin’ o’zine say ahmiyeti sonda, bul jinayattin’

Subiekti tek na’restenin’ anasi boliwi mu’mkin[42]. Balani o’ltiriw jinayati qatnasiwshilarsdin’ (azg’irtiwshilar, ja’rdemshiler)qilmislari O’zR JK 28-ha’m 97-statyalari menen kvalifikatsiyalaniwi lazim[43].

## 2.4. Za’ru’rli qorg’aniw shegarasinan shetke shigip, qasttan adam o’ltiriw (JK 100-st)

Usi adam o’kltiriw jinayatinn’ obiekti jinayiy topilisti joq etiwde hu’jim qiliwshinin’ o’limine sebep boliwshi, o’zin aqlamaytug’in qorg’aniw sharalarin qollawdin’ aldin aliw boyinsha ja’miyetlik qatnasiqlar. JK 100-statyasinda na’zerde tutilg’an jinayat obiektiv ta’repten z’ru’rli qorg’aniw shegarasinan shetke shig’ip, qasttan adam o’ltiriwden ibarat. O’zbekstan Respublikasi Jinayat kodeksinin’ 37-statyasinda ko’rsetilgen za’ru’rli qorg’aniw huqiqi puqaralardin’ shaxsi, u’y-jayi mal-mu’lk haqqindag’I konsitutsiyaliq qag’iydalardi kafalatlaydi, puqaralardin’ ma’mleket mu’lkin, ma’mleket ha’m ja’ma’a’t ma’plerin qoriqlaw barisindag’I Konsitutsiyada belgilengen burshlarin a’melge asiriwdi ta’miynleydi”
Ayipkerdi O’zbekstan Respublikasi JK 100- statyasi boyinsha jinayiy juwapkershilikke tartiw ushin ayipker za’ru’rli qorg’aniw halatinda bolg’anlig’in ha’m onin’ shegarasinan shiqqanlig’in aniqlaw lazim. Za’ru’rli qorg’aniw tusinigi O’zbekstan Respublikasi JK 37-statyasinda bayan qiling’an. JK 37-statyasi 1-bo’limine muwapiq, za’ru’rli qorg’aniw halatinda sadir etilgen, yag’niy qorg’aniwshi yamasa basqa kisinin’ shaxsi ya’ki huqiqlarin, ja’miyet ya’ki ma’mleket ma’plerin nizamg’a qarsi topiliwlardan topilisshig’a ziyan jetkizgen halda qorg’aniw waqtinda qilg’an ha’reket, eger za’ru’rli qorg’aniw shegarasinan shetke shiqpag’an bolsa, jinayat dep tabilmaydi.

“ Jinayat kodeksinin’ Arnawli bo’liminde na’zerde tutilg’an ha’reketler oni sadir etken shaxstin’ juwapkershilikke tartilg’anlig’in ya’ki ruwxiy kesellik

---

[42] Павлов В.Г. Субъект преступления. – СПб.: Юридический центр Пресс, 2001. – 318 с.

[43] Рустамбоев М.Х. Ўзбекистон Республикаси Жиноят кодексига шарҳлар. Умумий қисм.— Т.: ILM ZIYO, 2006.—608 б.

sebepli, jinayiy juwapkershilik jasina tolmag'anligi sebepli ha'm basqa tiykarlarg'a ko're juwapkershilikten azat qiling'anlig'inan qattiy na'zer Jinayat kodeksinin' 37-statyasi quraminda qorg'aniwg'a tiykar beriwshi ja'miyetlik qa'wipli topilis dep esaplanbaydi".

Za'ru'rli qorg'aniw halati tek g'ana ja'miyetlik qawipli topilis ju'z Bergen waqittin' o'zinde emes, ba'lki topilistin' baslaniw qawipi bar bolg'an hallarda ha'm ju'zege keledi. Za'ru'rli qorg'aniw halati eger qorg'aniwshi is jag'daylarina ko're topilis toqtag'an waqitti aniq an'lay almag'an bolsa, topilis toqtag'annan keyin ha'm boliwi mu'mkin. A'debiyatlarda bul haqqinda tu'rlishe ko'z-qaraslar bar. Olardin' ayirimlarinda aytiliwinsha, tek topilis a'melge asirilg'an waqitta g'ana, yag'niy o'ltiriwge ha'reket qilinip atirg'anda, den- sawliqa ziyan jetkizilgende, namisqa tiygen waqitta ha'm basqa sol siyaqli jag'daylarda g'ana qorg'aniw mu'mkin. Bul ko'z-qaras naduris. Eger topilisqa ushiraw qa'wipi haqiyqatinda da bar bolsa, shaxs o'z ma'plerine qarsi qaratilg'an qawipke qarata za'ru'r qorg'aniw sharalarin ko'rmese, keyin kesh boliwi, qorg'ana almay qaliwi mu'mkin dep esaplaw ushin barliq tiykarlarg'a iye. Yag'niy, topilisqa ushirag'an shaxs hu'jim qiliwshinin' birinshi soqqisin ku'tpesten aq belsendi qirg'aniwg'a haqli.

Topilistin' aldi aling'an ya'ki toqtag'annan keyin ha'm qorg'aniw qurallarin qollaw za'ru'ryati aniq jog'alg'anda qorg'aniwshinin' topilis qiliwshig'a ziyan jetkeriwdegi ha'reketi za'ru'rli qorg'aniw ha'reketi za'ru'rli qorg'aniw jag'dayinda dep esaplanbaydi. Bunday jag'dayda juwapkershilik uliwma tiykarlarda ju'z beredi. topilis waqtinda qollanilg'an qural ha'm basqa zatlardin' topilisshidan qorg'aniwshinin' qolina o'tip qaliwinin' o'zi topilistin' tamambolg'anlig'inan Derek bermeydi. "Eger shaxs ziyan jetkiziw(urisiw, azap beriw, o'sh aliw ha'm basqalar) niyetinde hu'jimnin' kelip shig'iwina sebepshi bolsa, bunday ha'reketlerdi za'ru'rli qorg'aniw shegarasinda qiling'an dep tabiw mu'mkin emes. Bul jag'daylarda sadir etilgen qatti-ha'reketler uliwma tiykarlarda tavsiflaniwi mu'mkin".

Respublika puqaralari ja'miyetlik qa'wipli topilislardan qorg'aniwda , olardan qaship qutiliw ya'ki topilistan saqlaniwdin' basqa usillarinan paydalaniw imkanyati bar boliwinan qattiy na'zer, topilisshini o'ltiriwge deyin og'an ha'r qanday ziyan jetkiziw joli menen aktiv sharalardi ko'riw huqiqina iye. Topilis ya'ki real qorqitiw waqtinda o'z o'mirin qoriqlaw ushin ha'r tu'rli qurallardi qollaw: fizikaliq ku'sh, gazli qural ha'm basqalar.

Jinayatti O'zbekstan Respublikasi JK 100-statyasi menen kvalifikatsiya qiliw ushin ayipker za'ru'rli qorg'aniw shegarasinan shetke shiqqanya'ki shiqpag'anlig'in aniqlaw za'ru'r. Topilis namisqa tiyiw menen baylanisli bolmag'an, qorg'aniwshi ya'ki basqa shaxstin' o'miri ushin qa'wipli ya'ki bunday qilmisti sadir etiwligi menen qorqitiw jag'daylarinda za'ru'rli qorg'aniwdin' tuwri kelmesligi haqqinda soraw tuwiladi. Bunda Jk 37-statyasinin' 2-bo'limine muwapiq, topilistin' belgileri ha'm qawipliligi darejesinde uliwma muwapiq kelmeytug'in qorg'aniw za'ru'rli qorg'aniw shegarasinan shetke shig'iw dep tabilmaydi.

"Topilistin' harakteri ha'm qawiplilik da'rejesine uliwma muwapiq bolmag'an qorg'aniwdi ha'm onin' aqibetinde topilisshig'a hesh qanday za'ru'rliksiz Jinayat kodeksinin' 100, 107-statyalarinda na'zerde tutilg'an qasttan ziyan jetkizilse g'ana za'ru'rli qorg'aniw shegarasinan shetke shig'iw dep tabilmaydi". Biraq da'lillerdi baxalawda qorg'aniw qurallarinin' topilis qurallarina mutanosibligiga ju'zeki qarap bolmaydi; ma'selen topilis suyil toqmaqtan paydalanip a'melge asirilg'an bolsa, qorg'aniwshida suyil toqmaqtan paydalaniwi mu'mkin. Ayirim jag'daylarda qilmisqa tuwri baxa beriw ushin topilisshi ha'm qorg'aniwshinin' ha'reketlerin salistiriw lazim. Biraq jag'daylar tu'rli boladi, sonin' ushin qilmislardi baxalawda ha'mme jag'daylar mexanik da'rejede bir tu'rde jandasiw mu'mkin emes (ma'selen, eger topilisshi taqtay menen topilis qilsa, qorg'aniwshi tek g'ana taxtay menen qorg'aniw kerek dep oylaw qate boladi)[44]. Jinayatti O'zbekstan Respublikasi JK 100-statyasi boyinsha

[44] Попов А.Н. Преступления против личности при смягчающих обстоятельствах. –СПб. СПб.: Юридический центр Пресс, 2001. – 465с.

kvalifikatsiya qiliwda qorg’aniw ha’m topilis quralarinin’ muwapiqlig’I ya’ki muwapiq emes ligi, topilis jasawshi ha’m topilistan qorg’aniwshinin’ ku’shlerin, ha’r ekewinin’ jaslarin, fizikaliq ku’shin, qurali bar joqlig’in, topilis ornin, topilis sadir etilgen jag’daydi, topilis ahmiyetin itbarg’a aliw za’ru’r. “Eger topilis bir topar shaxslar ta’repinen sadir etilgen bolsa, qorg’aniwshi hu’jim qiliwshinin’ ha’r birine qarata topardag’I barliq topilisshilardin’ ha’reketinin’ harakteri ha’m qa’wiplilik da’rejesine qarap tiyisli qorg’aniw sharalarin ko’riwge haqli”. Sudlaniwshinin’ bunday ha’reketlerine tuwri huqiqiy baxa beriw maqsetinde sudlar ju’z Bergen waqiyanin’ barliq jag’daylarin esapqa alip, bul ha’reketler olar ta’repinen ja’miyetlik qa’wipli topilis sebepli ku’shli ruwxiy ha’wliriw jag’dayinda sadir etilgen-etilmegenligin aniqlawlari lazim. Ayirim jag’daylarda mushlasiw waqtinda sadir etilgen jinayatti za’ru’rli qorg’aniw shegarasinan shetke shig’ip adam o’ltiriw dep kvalifikatsiya qiliw mu’mkin. Bunday jag’dayda qilmisti baxalawda barliq uliwma qag’iydalar qollaniladi ha’m topilisshi menen qorg’aniwshinin’ ha’reketleri salistiriladi. Bunda bir shaxs ekinshi bir shaxsqa haqiyqattan topilis qiliwi tiykar boladi. Subiektiv ta’repten qilmis tuwra qasttan, sondayaq, qiya qasttan ha’m sadir etiliwi mu’mkin. Topilisshig’a qarata o’sh, jaqtirmawliq ha’m jek ko’riw jinayatinin’ motive esaplanadi. Shaxs ja’miyetlik qa’wipli topilistan qorg’aniw waqtinda abaysizliq arqasinda topilis qiliwshini o’ltirip qoyg’anlig’I ushin uliwma jinayiy juwapkershilikke tartilmawi lazim.

Za’ru’rli qorg’aniw shegarasinan shetke shig’ip sadir etilgen adam o’ltiriwdi ku’shli ruwhiy ha’wliriw jag’dayindag’I adam o’ltiriwden pariqlaw lazim. Bundasoni na’zerde tutiw kerek, ku’shli ruwxiy ha’wliriw jag’dayinda adam o’ltiriw qorg’aniw maqsetinde sadir etilmeydi, demek adam o’ltiriw za’ru’rli qorg’aniw shegarasinan shetke shig’iw na’tiyjesinde sadir etilmeydi. Ku’shli ruwxiy ha’wliriw jag’dayinda adam o’ltiriw sadir etilgende, ayniqsa ku’shli ruwxiy ha’wliriw jag’dayinda adam o’ltiriwdin’ za’ru’rli belgisi esaplanadi, za’ru’rli qorg’aniw shegarasinan shetke shig’iwda ku’shli ruwxiy ha’wliriw jag’dayinin’ bar boliwi sha’rt emes. Ku’shli rywxiy ha’wliriw jag’dayi bar bolg’an halda za’ru’rli qorg’aniw shegarasinan shetke shig’ip, topilis qiliwshi o’ltirilgeninde

ayipkerdin’ qilmisi Jinayat kodeksinin’ 100-statyasi menen kvalifikatsiya qiliniwi kerek. Za’ru’rli qorg’aniw shegarasinan shetke shig’ip adam o’ltiriwde O’zbekstan Respublikasi JK 97-statyasi 2-bo’liminde na’zerde tutilg’an jag’daylar bar bolg’an jag’dayda da qilmis O’zbekstan Respublikasi Jk 100-statyasimenen kvalifikatsiya qiliniwi lazim. Topilis qiliniwi  mu’mkin degen taxminge ko’re, uag’niy haqiyqattanam ja’miyetlik qa’wipli topilis bar bolg’anlig’I halda shaxs aljasip, sonday topilis qiliniwi mu’mkin dep  adam o’ltirgen jag’dayda, qorg’aniw topilisshinin’ qorg’aniw da’rejesine uliwma say emesligi sebepli, ayipkerdin’ qilmisi Jk 100-statyasi menen kvalifikatsiya qiliniwi lazim. Ku’shli ruwxiy ha’wliriw ya’ki  za’ru’rli qorg’aniw jag’dayi o’tip ketkeninen son’ jazani awirlastiriwshi jag’daylarsiz adam o’ltirgeninde qilmis Jk 98-statyasimenen emes, ba’lki JK 97-statyasi 1-bo’limi menen kvalifikatsiya qilinadi. Eger is jag’daylarina ko’re, qorg’aniw sharalarin qollag’an shaxs o’zinin’ aljasqanlig’in bilmegen ha’m biliwi ha’m mu’mkin bolmag’an bolsa, onin’ ha’reketleri za’ru’rli qorg’aniw halatinda sadir etilgen dep esaplaniwi kerek. “Eger shaxs topilistin’ negizi joq ha’m qiyaliylig’in bile turip, is jag’daylarina ko’re ha’m oni, a’lbette, biliwi mu’mkin bolg’ani jag’dayda ziyan jetkizse, onin’ ha’reketleri Jinayat kodeksinin’ abaysizliq arqasinda ziyan jetkizgenlik ushin juwapkerlikti na’zerde tutiwshi statyasi menen menen kvalifikatsiyalaniwi lazim”. Bunday adam o’ltiriwde ayipker topilisti qaytariw emes,o’sh aliw niyetinde ha’reket qiladi. Za’ru’rli qorg’aniw jag’dayi o’tip ketkeninen son’ ha’m jazani awirlastiriwshi hallarda adam o’ltirgeninde qilmisti O’zbekstan Respublikasi JK 97-statyasinin’ 2-bo’limi menen kvalifikatsiya qiliw kerek.

### 2.5. Ja’miyetlik qa’wipli qilmis sadir etken shaxsti uslawdin’ za’ru’r sharalari shegarasinan shetke shig’ip, qasttan adam o’ltiriw (JK 101-st)

Bul tu’rdegi jinayattin’ obiekti ja’miyetlik qa’wipli qilmis sadir etken shaxsti uslawdin’ za’zu’r sharalari shegarasinan shetke shig’ip, qasttan adam o’ltiriwdi joq etetug’in ja’miyetlik qatnasiq esaplanadi. Usi jinayat obiektiv ta’repten

ja'miyetlik qilmis sadir etken shaxsti uslawdin' za'ru'r sharalari shegarasinan shetke shig'ip, qasttan adam o'ltiriwde ko'rinedi.

Usi normag'a tiykarlanip, uslaw qurali ha'm usilina, qilmistin' ha'm oni sadir etken shaxstin' qa'wiplilik da'rejesine, sondayaq, uslaw jag'dayina tuwri kelmeytug'in, uslaw za'ru'ryatin keltirip shig'armag'an halda uslanip atirg'an shaxsqa qasttan ziyan jetkeriw  uslaw sharalari shegarasinan shetke shig'iw dep tabiladi. (Jk 39-statyasinin' 2-bo'limi). JK 39-statyasinin' 3-bo'liminde ko'rsetilgenindey, ja'miyetlik qa'wipli qilmisti sadir etken shaxsti uslaw waqtinda og'an jetkizilgen ziyanin' nizamlilig'in baxalawda, qilmisti sadir etken shaxsti uslaniwdan qashiw maqsetinde qilg'an ha'reketleri, uslawshinin' ku'shi ha'm imkanyatlari, ruwxiy jag'dayi ha'm uslaw menen baylanisli bolg'an jag'daylar esapqa alinadi.

Ja'miyetlik qa'wipli qilmis sadir etken shaxsti uslawdin' za'ru'r sharalari shegarasinan shetke shig'ip, qasttan adam o'ltiriw –sadir etilgen jinayat qa'wiplilik da'rejesine ya'ki oni uslaw usilina ashiq aydin sa'ykes bolmag'an ra'wishte adam o'ltiriw  esaplanadi[45]. Uslaw tiykarlari jinayat- protsesual ahmiyetke iye ha'm olar JPK nin' 221-statyasinda bayan qiling'an. Eger qilmis qa'wipli bolmasa, jinayat sadir etken shaxqa qarata qollanatug'in aqirg'I za'ru'rlikti nizamli dep esaplaw mu'mkin emes. Bunday halda qasttan adam o'ltiriwdi kvalifikatsiya qiliwda jen'illestiriwshi jag'daylarsiz JKnin'  97-statyasi menen kvalifikatsiya qilinadi. Tap sonday qag'iyda awir ha'm og'ada awir jinayat sadir etken shaxs uslawshig'a qarsiliq ko'rsetpegen (ya'ki qarsiliq ko'rsetiwdi toqtatqan ) ha'm oni o'ltiriw za'ru'rligi uslaw sharayatinan kelip shiqpag'an hallarda ha'm qollaniladi. Sadir etilgen jinayatti O'zbekstan Respublikasi JK 101-statyasi menenkvalifikatsiya qiliw ushin jinayatshini uslaw waqtinda onin' o'limine sebep bolg'an uslaw qurallarin qollaw waqtinda uslawshinin' iqtiyarinda basqa ilaji bolmag'anlig'in an'lap jetkenligin aniqlaw lazim. JK 101-statyasinda ko'rsetilgen jinayat tuwra qast  penen ya'ki qiya qast penen sadir etiliwi mu'mkin. Bul jinayattin' motivi

45 Попов А.Н. Преступления против личности при смягчающих обстоятельствах. –СПб. СПб.: Юридический центр Пресс, 2001. – 465с.

za'ru'rli qorg'aniw shegarasinan shetke shig'ip qasttan adam o'ltiriw motivi menen birdey.

Bul jinayattin' subiekti uslawdi a'melge asirip atirg'an shaxs esaplanadi. Uslawdi a'melge asirip atirg'an shaxs tek nizam menen arnawli wa'killik berilgen huqiqti qorg'awshi organ wakilleri, ba'lki jinayat ha'm oni sadir etken shaxs haqqinda bilgen puqaralar, ja'ma'a'tshilik wa'killeri ha'm boliwi mu'mkin.

## 2.6. Abaysizliq arqasinda adam o'ltiriw (JK 102-st)

Ha'rekettegi jinayat kodeksinin' 102-statyasinda na'zerde tutilg'an jinayattin' obiekti insan o'miri ushin qa'wipsiz o'z aldina sha'rt-sharayatlar jaratiwg'a,olardin' o'z-o'zine iseniw ya'ki biyparwaliq aqibetinde halat boliwina jol qoymasliqqa jo'neltirilgen ja'miyetlik qatnasiqlar esaplanadi.

Jinayat obiektiv ta'repten ha'reket ya'ki ha'reketsizlikten sadir etiliwi mu'mkin. A'dette bunday jinayatlar apiwayi o'mirlik sharayatinda adam o'mirine ziyan keltirmeytug'in jag'daylarda ju'zege keledi. Ma'selen, fizikaliq ku'sh penen shaxsti iyterip jiberiw, shaxstin' turg'an ornina ha'm den-sawlig'ina qarap o'limine alip keliwi mu'mkin.

Eger abaysizliq arqasinda eki ya'ki onan artiq shaxs o'ltirilgen bolsa, ayipker 102-statyasinin' 2-bo'limi menen juwapkershilikke tartiladi.

Subiektiv ta'repten abaysizliq arqasinda adam o'ltiriw jinayiy o'z-o'zine iseniw yamasa jinayiy biyparwaliqta ko'rinedi. Jinayiy o'z-o'zine iseniw na'tiyjesinde adam o'ltiriwde ayipker o'zi sadir etken ha'reket (ha'reketsizlik)sebepli basqa shaxstin' o'ltirip qoyiliwi mu'mkinligine ko'zi jetedi, biraq jen'iltelik qilip, onin' aldin aliwina u'mit etedi. Bunday hallarda, ayipker belgili abaysizliq qag'iydalarin an'li ra'wishte buzadi. Atap aytqanda, bunday buziw qag'iydalarinin' aqibeti boliwi mu'mkin:

a) qasttan sadir etilgen qilmis;
b) nizam menen qadag'an etilgen, biraq jinayat esaplanbaytug'in ha'reket;

v) birde-bir qag’iyda menen qadag’an etilgen ha’reket(jol ha’reketi qag’iydalarin buziw ha’m basqalar);

g) ilimiy mag’liwmatlarg’a ha’m kasip qag’iydalarina qarsi ha’reketler;

d) ja’miyette belgilengen iqtiyatkarliq qag’iydalarin buzatug’in ha’reketler;

e) usi shaxstin’ a’melge asiriw ya’kishug’illaniw huqiqina iye bolmag’an ha’reketler ya’ki kasip penen shug’illaniwshiha’m basqalar. Jinayiy o’z-o’zine iseniw aqibetinde abaysizliq penen adam o’ltiriwdi qiya qast penen sadir etilgen adam o’ltiriwden pariqlaw kerek boladi. qiya qast penen adam o’ltiriwde ayipker adamdi o’ltirip qoyiwi mu’mkinligine kol’zi jete turip, an’li ra’wishte og’an jol qoyadi. O’z-o’zine iseniwde bolsa, shaxs belgili jag’daylarda o’limnin’ aldin aliw mu’mkin dep u’mit etedi ha’m onin’ aldin aliwdi mo’ljellep ha’reket qiladi.

Jinayiy biyparwaliq aqibetinde abaysizliq arqasinda adam o’ltiriwdi shaxstin’ baxitsiz ha’diyse sebepli basaa shaxstin’ o’liwin aldinnan ko’re almag’an, oni ko’re aliwi mu’mkin ha’m lazim bolmag’an (ayipsiz halda ziyan jetkiziw)adam o’ltiriwden pariqlaw kerek boladi. Abaysizliq arqasinda adam o’ltiriwdi JK da belgilengen ko’plep abaysizliq ayibi sebepli o’ltiriw jinayatinan pariqlaw lazim (114-statya-jinayiy ra’wishte ha’mile tu’siriw(abort);118-statya-namisqa tiyiw; 266-statya- ha’kimshilik nazarat qag’iydalarin buziw ha’m basqa ko’plep jinayatlar). JK 102-statyasindabayan qiling’an jinayattin’ ajiratip turiwshi ta’repi nizamg’a qarsi keletug’in ha’reketler ya’ki ha’reketsizliklerde ko’rsetilgen.

## 2.7. O’zin-o’zi o’ltiriw da’rejesine jetkeriw (Jk 103-st)

Jinayat kodeksinin’ 103-statyasinda na’zerde tutilg’an jinayattin’ obiekti insane o’miri ulli qa’diryat dep ta’n aliw, ha’r qanday insanin’ shani qa’dir-qimbatin kemsitiw ha’m onin’ menen reyimsizlik mu’nasibette boli,wg’a jol qoymaw menen baylanisli ja’miyetlik qatnasiqlar. Bul jinayat obiektiv ta’repten materiyaliq jaqtan ya’ki basqa jaqtan ayjipkerge bag’inishli bolmag’an (JK 103-statyasi 2-bo’limi)shaxsqa reyimsizlik qatnasta boliw ya’ki onin’ shani ha’m qa’dir-qimbatinin’ u’zliksiz tu’rde kemsitiw na’tiyjesinde oni o’zin-o’zi o’ltiriw

ya’ki o’zin-o’zi o’ltiriwge qast qiliw da’rejesine jetkiziwde ko’rinedi. Ayipker sadir etken qilmisti O”zbekstan Respublikasi Jk 103-statyasi menn kvalifikatsiya qiliw ushin ayipkerdin’ ja’birleniwshige qarata reyimsizlik qatnasta boliwi ya’ki onin’ shani ha’m qadir-qimbatin u’zliksiz ra’wishte kemsitiw na’tiyjesinde o’zin-o’zi o’ltiriwi ya’ki o’zin –o’zi o’ltiriwge qast qiliw da’rejesine jetkizgenligin aniqlaw lazim. ko’binese o’zin-o’zi o’ltiriw da’rejesine jetkeriw ayiplaniwshinin’ ha’reketleri menen a’melge asiriladi. Ja’birleniwshigige qarata denege awir jaraqat jetkeriw, qiynaw, jala jawiw, zorliq penen ha’reketleniw huqiqinn shegaralaw ha’m basqalar siyaqli ha’reketler qollanilg’an boliwi mu’mkin. Biraq bul jinayatti ha’reketsizlik penen ha’m a’melge asiriw mu’mkin(awqat, suw, kiyim, turar jay ha’m basqa za’ru’r jazlardan ayiriw).

Reyimsizlik mu’nasibette boliw degende, ja’birleniwshige fizikaliq ya’ki ruwxiy azap beretug’in qopal, ayawsiz mu’na’sibette boliw(ma’selen, tepkilew, uriw, u’y-jaydan, issiliqtan, awqattan, suwdan, tirishilik qurallarinan ayiriw, jumistan sebepsiz bosatiw) jag’daylari tu’siniledi[46].

Shaxsti JK 103-statyasina tiykarlanip jinayiy juwapkershilikke tartiw ushin ja’birleniwshige qarata bir ma’rte reyimsizlik mu’na’sibette bolg’anliq fakti aniqlang’anlig’inin’ o’zi jeterli[47]. Nizam u’zliksizlikti za’ru’riy sha’rt dep belgilemeydi, biraq sol bir ma’retebedegi ha’reket o’zin-o’zi o’ltiriw da’rejesine jetkiziwge qaratilg’an boliwi kerek.

Shaxstin’ abiroyi, qa’dir-qimbati u’zliksi,z ra’wishte kemsitiw degende, ja’birleniwshinin’ abiroyi qa’dir-qimbatin uzaq waqit dawaminda turaqli tu’rde( u’sh ha’m onnan artiq ma’rte) kemsitiw(ma’selen, jala jawip aytilg’an ga’pler, aqiretlew, quwdalaw(quwg’in qiliw) ha’m basqalar) jag’daylari tu’siniledi. Bir ma’rtelik kemsitiw fakti shaxsti Jk 103-statyasina tiykaran juwapkershilikke tartiw huqiqin bermeydi. Ayirim jag’daylarda haqiqiy mag’liwmatlardi uyatsizlarsha, masqaralaw, aqiretlew tu’rinde u’zliksiz ra’wishte tarqatiw ha’m o’zin-o’zi o’ltiriw da’rejesine jetkiziw usili dep tabiliwi mu’mkin. Ja’birleniwshinin’ o’zin-

[46] Рустамбоев М.Х. Ўзбекистон Республикаси Жиноят кодексига шарҳлар. Умумий қисм.— Т.: ILM ZIYO, 2006.—608 б.
[47] Шарапов Р.Д. Физическое насилие в уголовном праве. СПб.: «Юридический центр Пресс», 2001. -298 б.

o'zi o'ltiriwi (o'limsadir boliwi) ya'ki o'zin-o'zi o'ltiriwge qastiyanliq qiliwi jinayattin' za'ru'rli belgisi esaplanadi. Eger bunday aqibetler bolmasa, o'zin-o'zi o'ltiriw da'rejesine jetkiziw jinayatinin' qurami bolmaydi. Biraq shaxstin' ha'reketinde basqa jinayatlar (ma'selen, aqiretlew, jala jabiw)din' belgileri bolsa, ol jinayiy juwapkershilikke tartiliwi mu'mkin.

Shaxstin' o'zin-o'zi o'ltiriw ya'ki o'z janina qastiyanliq qiliw waqtinan jinayat tamamlang'an dep esaplanadi. Ayipkerdin' qilmisi O"zbekstan Respublikasi JK 103-statyasi menen kvalifikatsiya qiliw ushin ja'birleniwshinin' o'zine qarata reyimsizlik mu'nasibette boliwi ya'ki abiroyi ha'm qa'dir-qimbatin u'zliksiz ra'wishte kemsitiliwi na'tiyjesinde o'zin-o'zi o'ltirgenin ya'ki og'an qastiyanliq qiling'anlig'in aniqlaw za'ru'r, yag'niy ayipkerdin' mu'na'sibeti ha'm ju'z Bergen aqibetler ortasinda sebepli baylanis barlig'in aniqlaw kerek.

O'zin-o'zi o'ltiriw ya'ki og'an qastiyanliq qiliw oynas boliw, nekeden o'tiwden bas tartiw, erli zayiplardin' biri-birine opasizlig'I, jumistan nizamsiz tu'rde shig'ariw, lawazimnan pa'seytiriw siyaqlilardin' na'tiyjesi bolsa, shaxstin' qilmisi O'zbekstan Respublikasi JK 103-statyasi menen kvalifikatsiya qiliniwi mu'mkin emes[48]. Forma ha'm mazmun boyinsha nizamli bolg'an ha'reketler na'tiyjesinde o'zin-o'zi o'ltiriw ya'ki og'an qastiyanliq qiliw sadir etilgen tag'dirde, bul ha'reketlerdi sadir etken shaxsqa qarata JKnin' 103-statyasi qoyilmaslig'I sudlarg'a tu'sintirilsin. Eger ja'birleniwshi materiyalliq ta'repten ya'ki basqa jaqtan ayipkerge qaram bolmasa, ayipker JK 103-statyasi 1-bo'limi menen, basharti bunday qaramliq bolsa, Jk 103-statyasi 2-bo'limi menen juwapkershilikke tartiladi.

Materiyalliq jaqtan g'arezli degende, ja'birleniwshi materiyalliq jaqtan ayipkerge baylanisli bolg'an hallar(ayipkerden pul, aziq-awqat zatlarin, kiyim-kenshek ha'm basqalar aliw) tu'siniledi. Bul a'dette, islemeytug'in shaxstin' islep turg'an shaxsqa, perzentlerdin' ata-analarina, islemeytug'in ata-ananin'

---

[48] Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг 1998 йил 11-сентябрдаги «Ўзини Ўзи Ўлдириш даражасига етказиш жиноят ишлари буйича суд амалиёти тўғрисида»ги 20-сонли қарори.//Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленуми қарорлари тўплами. 1991-2006 йил, 2-жилд. –Т.:Qqituvchi, 2007. 167-б.

materiyalliq daramatqa iye bolg'an perzentlerine g'arezliligi ha'm basqalar boliwi mu'mkin[49].

Basqa jaqtan g'arezli degende, xizmet ju'zesinen ya'ki basq ada g'arezlilik tu'siniledi(ma'selen, xizmetkerdin' basliqqa, oqiwshinin' oqitiwshig'a, aspirantin' ilimiy basshig'a bag'inishlilig'I, tuwisqanlarg'a g'arezlilik, qa'wenderlik ha'm qayirqomliq a'melge asiriliwi mu'na'sibeti menen g'arezlilik ha'm basqalar)tu'siniledi.

Ja'birleniwshinin' jas balalig'I, o'z ha'reketi aqibetlerin an'lay almaytug'in haldalig'I siyaqli jag'daylardan paydalanip qasttan o'zin-o'zi o'ltiriw ya'ki o'zin-o'zi o'ltiriwge qastiyanliq qiliw ruwxan sin'dirgen ayipkerdin' qilmisi – jinayattin' sadir etiliw motivi ha'm O'zbekstan Respublikasi JK 97-statyasi tiyisli bo'limin esapqa alg'an halda, qasttan adam o'ltiriw sipatinda kvalifikatsiya qiliniw lazim. Eger o'zin-o'zi o'ltiriwge qastiyanliq qiliw da'rejesine jetkeriw waqtinda shaxs ja'birleniwshige ortasha awir ya'ki awir dene jaraqatin jetkizse, ayipkerdin' qilmisi Jinayat kodeksinin' puqaralar densawlig'ina ziyan jetkizilgenlik ushin juwapkershilikti na'zerde tutiwshi tiyisli statyalari menen kvalifikatsiya qiliniwi kerek. O'zin-o'zi o'ltiriw da'rejesine jetkiziw subiektiv ta'repten qiya qast ya'ki abaysizliq arqasinda sadir etiledi[50].

Jinayat qiya qast penen sadir etilgende ayipker ja'birleniwshinin' o'zin-o'zi o'ltiriwi mu'mkinligine ko'zi jetedi ha'm onin' o'zin-o'zi o'ltiriwge jol qoyip beredi. Jinayat abaysizliq arqasinda sadir etilgende ayipker shaxs o'zin-o'zi o'ltiriwdin' aldi aliniwinan keltelik(kaltabinlik) penen u'mit qiladi( jinayatkarana o'z-o'zine iseniw) ya'ki ayipker ja'birleniwshinin' o'zin-o'zi o'ltiriwine ko'zi jetpeydi. Ayipker is jag'daylarg'a ko're o'zinin' ha'reketleri ja'birleniwshinin' o'zin-o'zi o'ltiriwge alip keliwdi aldinnan ko're biliwi mu'mkin ha'm lazim edi.

Usi jinayattin' subiekti O'zbekstan RespublikasiJk 103-statyasi 1-bo'limi boyinsha 16 jasqa tolg'an shaxs, 2-bo'limi boyinsha, materiyalliq ta'repten ya'ki basqa jaqtan ja'birleniwshige qaram bolg'an shaxs esaplanadi.

[49] Рустамбоев М.Х. Ўзбекистон Республикаси Жиноят кодексига шарҳлар. Умумий қисм.— Т.: ILM ZIYO, 2006.—608 б.

[50] Рустамбаев М.Х. Преступления против личности. Учебное пособие. –Т.:Эльдинур, 1998. -181с.

## Juwmaqlaw

Qasttan adam o’ltiriw jinayati haqqinda isler boyinsha jinayat nizaminin’ duris qollaniwin ta’miynlew ju’da ahmiyetli, sebebi usi jinayatti ayibin awirlastiriwshi jag’daylarda sadir etkenligi ushun nizamda ayriqsha jaza sharasi- o’mirlik erkinen ayiriw na’zerde tutilg’an.

Adam o’ltiriw - huqiqqa qarsi ra’wishte, qasttan basqa adamdi o’mirinen ayiriw bolip esaplanadi.

Adam o’ltiriw obiekti – basqa adamnin’ o’miri qa’wipsizligin ta’miynlew boyinsha sotsialliq qatnasiqlar esaplanadi. O’mirden iqtiyarli ketiw (qastiyanliq) sondayaq o’z o’mirine qastiyanliq qiliw adam o’ltiriw jinayatinin’ qurmin quramaydi. ayirim sebeplerge ko’re insan o’zinin’ o’mirine shek qoyiwg’a qara qilg’anda onin’ erk-iqrarina baylanisli bolmag’an jag’daylarg’a ko’re o’lim ju’z bermesligi mu’mkin (o’ziz- o’zi asqan waqtinda arqannin’ u’zilip ketiwi, za’ha’rdin’ ta’sir etpewi, basqa shaxstin’ qutqarip qaliwi ha’m t.b). O’lim ju’z bermegenine qaramay o’z janina qast qiliw ja’miyetshilik tarepinen qaralanadi. Sebebi bunday jag’day insan axlaqina jat ha’m shaxstin’ ajiz ahwaldalig’i, ruwhiyati boslig’inan Derek beredi, biraq jinayat esaplanbaydi.

Adam o’ltiriwdin’ obiekti tek adamnin’ o’mirlik biologik jag’dayi emes, ba’lki adam ushin en’ qimbatli bolg’an inam menen biymalel paydalaniwi, o’miri menen ta’riyplenetug’in sotsialliq qatnasiqlaram boladi.

Adam o’ltiriwdin’ tikkeley obiekti basqa shaxstin’ o’miri esaplanadi. Jasinan, onin’ densawlig’ina yaki jasaw sharayatina qaramastan, ha’r qanday adamnin’ o’miri jinayat nizami menen qorg’aladi. sonin’ ushin na’reste, kekse, salamat ya’ki kesel adamdi o’mirden ayiriwg’a qaratilg’an ha’r qanday ha’reket adam o’ltiriw dep ta’n alinadi. Keyingi waqitlarda yuridik a’debiyatlarda evtanaziya, yag’niy shaxsti o’zinin’ razilig’I menen o’mirinen ayirg’anligi ushin juwapkershilik ma’selesi boyinsha tartislar ha’wij almaqta. Bugingi ku’nde 40 tan artiq dunya ma’mlektlerinde passiv evtanaziya nizam menen ruxsat berilgen. Ma’selen, Avstraliyada 10 jildan beri o’lim jag’asinda turg’an nawqastin’ qalewi

menen su'niy jol menen o'mirin saqlap turiwshi apparattin toqtatiwg'a jol qoyilmaqta. O'zine tiyisli joldi Shvetsariya tan'lag'an. Evtanaziya ushin jinayiy juwapkershilikti nizamda saqlap qalg'an halda, u'mitsiz qalg'an nawqasqa sol ma'mleket ha'kimyati arnawli shpakerler qatnasinda arnawli da'ri berip nawqastin' o'limi ju'z beriwinde qatnasiwina imka'n berilgen. Frantsiyada da evtanaziyani nizamlastiriw ha'reketin baslag'an. Aktiv evtanaziya birinshi bolip Gollandiyada nizamlastirilg'an. 2001-jildin' 10- aprelinde usi ma'mlekettin' joqari palatasi tarepinen u'mitsiz qalg'an nawqasqa bul dunyadan ko'z jumiwg'a ja'rdem bergen shpakerdi jinayiy juwapkershilikten azat etiw haqqinda nizam qabil etilgen ha'm 2002-jili 1-aprelden beri evtanaziya usi ma'mlekettin' JK nen uliwma shig'arilip taslang'an. Gollandiyadan son' 2002-jili dekabr ayinda Belgiya da bug'an qosildi. Usi jilda An'gliya da pretsedent jaratildi. "Aktiv evtanaziyani Oregon shtatinda (A.Q.SH) nizamlastirildi. Og'an ko're evtanaziya tek keselliktin' aqirg'i basqishlarinda qollaniliwi mu'mkin. Lekin shet el alimlarinin' izleniwlerine ko're bul nizam ele a'melde qollanilmag'an, sebebi o'mirden ko'z jumbaqshi bolg'an shaxs psixologik ko'rikten o'tiwi sha'rt. Biraq Amerika psixologik assotsiatsiyasi bunday ko'rikte qatnasiwdan bas tarqan. Evtanaziyani maqullawshi ha'm oni qaralawshilar boliwina qaramastan, oni nizamlastiriwg'a abayli boliw kerek, sebebi insang'a o'mir Alla ta'repinen beriledi, oni qaytip aliwg'a tek g'ana onin' haqili, degen pikirler ha'm bar. Bunnan tisqari, da'ri- da'rmanlar jetistiriw jetiliskenliklerinen paydalanip, aste-aqirin insane o'mirine shek qoyatug'in da'riler jaratiliwina da u'mit artpaqta. Biraq, insane ta'biyati, onin' ag'zalari iskerligi shipakerler ta'repinen toliq u'yrenilmegenin ta'n aliw kerek. Bazida sawaliwina hesh qanday u'mit bolmag'an kesel ayaqqa turip ketedi ha'm toliq turmisqa aralasadi. Jasalma ha'mile tusiriwge baylanisli jinayatti duris kvalifikatsiyalaw ushin insane o'mirinin' baslaniwin teren' u'yreniw u'lken a'hmiyetke iye. Haqiqatinda da, bul sorawg'a juwap tabiw qiyin waziypa bolip esaplanadi. sol sebepli qaysi waqittan baslap ha'mile ya'ki jan'a tuwilg'an bala usi jinayattin' obiekti boladi? Tuwilg'an waqtinan baslappa yaki ana qarninda ha'mile payda bolg'annan baslappa? So'z onin' shaxs sipatinda ta'n aliniwi ha'm jinayat

nizaminda juwapkershilik belgilengen jinayattin’ obiekti boliwi mu’mkinligi haqqinda barmaqta.

# *PAYDALANILĠAN ADEBİYATLAR*

## Basshılıqqa alıng’an a’debiyatlar


1. Каримов И.А. Бизнинг бош мақсадимиз – жамиятни демократлаштириш ва янгилаш, мамлакатни модернизация ва ислоҳ этишдир.– Т.: «Ўзбекистон», 2005. – 32 б.
2. Каримов И.А. Жамиятимизни эркинлаштириш, ислоҳатларни чуқурлаштириш, маънавиятимизни юксалтириш ва ҳалқимизнинг ҳаёт даражасини ошириш – барча ишларимизнинг мезон ива мақсадидир / Ислом Абдуғаниевич Каримов. – Т. 15. – Т.: «Ўзбекистон», 2007 – 320-б.
3. Каримов И.А. Мамлакатимиз тараққиёти ва халқимизнинг ҳаёт даражасини юксалтириш – барча демократик янгиланиш ва иқтисодий ислоҳатларимизнинг пировард мақсадидир. – Т.: «Ўзбекистон» НМИУ, 2007. – 200 б.
4. Каримов И.А. Юксак маънавият енгилмас куч. –Т.:Маънавият, 2008. -176 б.
5. Каримов И.А. Энг асосий мезон ҳаёт ҳақиқатини акс эттиришдир. – Т.:Ўзбекистон, 2009. -24б.
6. Каримов И.А Жаҳон молиявий-иқтисодий инқирози, Ўзбекистон шароитида уни бартараф этишнинг йўллари ва чоралари.-Т.:Ўзбекистон, 2009.-56 б.
7. Каримов И.А. «Мамлакатимизни модернизация қилиш ва кучли фуқоралик жамиятни барпо этиш-устивор мақсадимиз» 27-январь 2010 йил Олий Мажлис Қонунчилик палатаси ва Сенатнинг қўшма мажлисидаги маърузаси. /Халқ сўзи 2010 йил 27-январь №20 (4935).
8. Ўзбекистон Республикасининг Президенти И.А.Каримовниг 2010 йил 12-ноябрдаги Олий Мажлис Қонунчилик палатаси ва Сенатининг қўшма мажлисида «Мамлакатимизда демократик ислоҳотларни янада чуқурлаштириш ва фуқаролик жамиятини ривожлантириш концепцияси» атамасидаги маърузаси. /Халқ сўзи 2010. 13-ноябрь.

9. Каримов И.А. Ўзбекистон мустақилликка эришиш остонасида. – Т.:Ўзбекистон, НМИУ, 2011.
10.

## Nomativ-huhiqiy derekler

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси: Ўн иккинчи чақириқ Ўзбекистон Республикаси Олий Кенгашининг ўн биринчи сессиясида 1992 йил 8 декабрда қабул қилинган. –Т.: «Ўзбекистон», 2010.
2. Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы (Он екинши шақырық Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Советиниң он екинши сессиясында 1993 жыл 9 - апрелде қабыл етилген). – Нөкис, «Қарақалпақстан» баспасы, 2006. – 124 б.
3. Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленуми қарорлари тўплами 1991-2006. Биринчи жилд. –Т.: «О’Зитувчи» нашриёт-матбаа ижодий уйи, 2007. -494б.
4. Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленуми қарорлари тўплами 1991-2006. Иккинчи жилд. –Т.: «О’Зитувчи» нашриёт-матбаа ижодий уйи, 2007. -544б.
5. Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг «Судлар томонидан амнистия актларини қўллашнинг айрим масалалари тўғрисидаги қарорига ўзгартириш ва қўшимчалар киритиш тўғрисида»ги Қарори. 2007 йил 3 апрел. №2. – Т.: Ўзбекистон Республикаси Олий судининг бирлашган таҳририяти, 2007
6. Ўзбекистон Республикаси Олий суди Пленумининг «Умрбод озодликдан маҳрум қилиш тариқасидаги жазони қўллашнинг айрим масалалари тўғрисида»ги Қарори. 2007 йил 14 ноябр. №15. – Т.: Ўзбекистон Республикаси Олий судининг бирлашган таҳририяти, 2007
7. Ўзбекистон Республикасининг «Судлар тўғрисида»ги Қонуни (Янги таҳрирда). – Т.: Адолат, 2001. – 58 б.

8. Ўзбекистон Республикасининг Жиноят кодекси 2011 йил 29-сентябргача бўлган ўзгариш ва қўшимчалар билан қайта нашри. Расмий нашр. – Т.:Ўзбекистон Республикаси Адлия вазирлиги, 2011. – 388 б.

## Tiykargi a'debiyatlar

1. Андреева Л.А. Квалификация убийств, совершенных при отягчающих обстоятельствах. –СПб.: 1998. -55 с.
2. Абдурасулова К.Р. Жиноятнинг махсус субъекти. Ўқув қўлланма. –Т.: ТДЮИ нашриёти.2005.-124 б.
3. Бородин С.В. Преступления против жизни. СПб. «Юридический центр Пресс», 2003. -467с.
4. Бойко А.И. Преступное бездействие. – СПб.: Юридический центр Пресс, 2003. – 320 с.
5. Кабулов Р., Якубов А.С., Илхамов А.Н. Жиноятларни квалификация қилиш. Услубий материал. – Т.:Ўзбекистон Республикаси ИИВ Академияси, 2001. – 24 б.
6. Кудрявцев В.Н. Общая теория квалификации преступлений-2-е изд., перераб. и дополн. -М., «Юристъ». 200l. -304 с.
7. Курс уголовного права. Общая часть. Том 1: Учение о преступлении. Учебник для вузов. Под ред. д.ю.н., проф. Н.Ф. Кузнецовой и к.ю.н., доц. И.М. Тяжковой. – М.: ИКД «Зерцало-М», 2002.
8. Крутько О. Объект убийства //Ж.Давлат ва ҳуқуқ. 2003. №4 41-44б.
9. Малинин В.Б. Причинная связь в уголовном праве. – СПб.: Юридический центр Пресс, 2000. – 316 с.
10. Никифоров А.С. Ответственность за убийство в современном уголовном праве. –М., 2000. 60б.
11. Новоселов Г.П. Учение об объекте преступления. Методологические аспекты. – М.: НОРМА, 2001. – 208 с.

12. Попов А.Н. Преступления против личности при отягчающих обстоятельствах. –СПб. СПб.: Юридический центр Пресс, 2003. – 898 с.
13. Попов А.Н. Преступления против личности при смягчающих обстоятельствах. –СПб. СПб.: Юридический центр Пресс, 2001. – 465с.
14. Павлов В.Г. Субъект преступления. – СПб.: Юридический центр Пресс, 2001. – 318 с.
15. Рарог А.И. Субъективная сторона и квалификация преступлений. -М.: Профобразование. 2001. –135 с.
16. Рустамбоев М.Х. Жиноят 8у3у3и (Умумий 3исм). Олий 53ув йуртлари учун дарслик. – Т.` ТДЮИ нашриети. w00y. – two б.
17. Рустамбоев М.Х. Ўзбекистон Республикаси Жиноят кодексига шарҳлар. Умумий қисм.— Т.: ILM ZIYO, 2006.—608 б.
18. Рустамбоев М.Х. Жиноят 8у3у3и (Улы7ма б5лим). Жо3ары о3ы7 орынлары ушын саба3лы3. Н5кис, «Билим». w00i. -tqy бет.
19. Рустамбаев М.Х. Курс уголовного права Республики Узбкистан. Том1. Общая часть. Изд-во ТГЮИ. Ташкент. 2009
20. Рустамбаев М.Х. Преступления против личности. Учебное пособие. – Т.:Эльдинур, 1998. -181с.
21. Шарапов Р.Д. Физическое насилие в уголовном праве. СПб.: «Юридический центр Пресс», 2001. -298 б.